

Tradiktoloji kreyòl ayisyen **Chapit II**

Chapit II : Revizyon literati

Revizyon literati a se yon etap esansyèl nan nenpòt travay syantifik, paske li fasilite yo mete rechèch la nan yon dimansyon pi laj sou konesans ki egziste deja sou sijè a. Nan kad etid sa a, tradiktoloji kreyòl ayisyen kòm lang sib, chapit la ap chèche prezante prensipal teyori ak apwòch ki make devlopman tradiksyon kòm disiplin. Anplis, li mete aksan sou kontribisyon lengwis, tradiktològ, sosyològ ak tèminològ ki deja reflechi sou rapò ant lang sous ak lang sib, ansanm ak defi ki prezante nan moman transfè sans nan de sistèm lengwistik diferan. Kon sa, revizyon an tabli baz teyorik ki nesèsè pou konprann dimansyon pratik ak didaktik tradiksyon an.

Nan yon premye tan, n ap konsidere gwo mouvman teyorik ki make tradiktoloji a, soti nan teyori lengwistik ak sosyolengwistik rive nan teyori pragmatik, kominikatif ak èmenetik, ak tèminoloji. Apwòch sa yo ofri diferan zouti pou dekri epi esplike kòman tradiksyon fèt, sou ki prensip li repoze epi ki kritè yo itilize pou evalye kalite yon tradiksyon. Apre sa, n ap fè plas pou kad konseptyèl la ki oryante didaktik tradiksyon an: prensip, teknik, tipoloji ak pedagoji ki sèvi nan fòmasyon tradiktè yo. Revizyon sa a ap fasilite nou idantifye pwen fò ak feblès kreyòl ayisyen an.

Nan yon dezyèm tan, n ap vini ak yon pati enpòtan nan revizyon literati a ki ap chita sou kad istorik ak evolutif tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou pral egzamine kontribisyon tradiksyon nan listwa lang lan, soti nan premye pratik yo nan kesyon relijyon ak pedagoji rive nan efò ki fèt pou konstui yon baz didaktik ak syantifik nan epòk modèn nan. Analiz sa a ap fasilite nou fè parèt defi teyorik, sosyolengwistik, politik ak kiltirèl ki make tradiksyon an kreyòl, epi l ap sèvi kòm baz pou montre nan ki sans rechèch sa a ka pote yon nouvo kontribisyon pou

avansman tradiktoloji kreyòl ayisyen an. Pou fini li, nou ap tou pwopoze e devlope yon teyori didaktik pou tradiksyon kreyòl ayisyen an.

Kad teyorik

Sou plan epistemolojik, yo fè yon distenksyon klè ant apwòch ak teyori. Nan syanzimèn yo, yo kapab defini apwòch kòm yon fason estriktire pou abòde yon objè rechèch, ki depann de prensip, zouti ak kategori analiz yon disiplin oswa yon tradisyon entelektyèl detèmine ki deja atenn dwa granmoun li. Daprè Pym (2010), yon apwòch pa la pou konstui yon sistèm teyori fèmen, men li sèvi pito kòm yon ang analiz ki oryante chèchè a nan chwa metòd li yo ak fason pou li entèprete fenomèn yo (Pym, 2010). Nan sans sa a, apwòch la pa chèche esplike objè a nan totalite li, men li mete aksan sou kèk dimansyon espesyal ki koresponn ak pèspektiv disiplin li mobilize a. Pou sa ki konsène teyori a, daprè Guidère (2010), teyori tradiksyon yo se konstriksyon konseptyèl ki la pou dekri, esplike oswa modelize tèks ki tradui a ansanm ak pwosesis tradiksyon an. Yo pwopoze yon refleksyon ki santre sèlman sou tradiksyon nan lide pou ranfòse otonomi ak endepandans tradiktoloji (Guidère, 2010).

Si nou fè referans ak rasin tèm *teyori* a, n ap jwenn li soti nan mo grèk *theoria* ki siyifi kontanplasyon ki se yon konsiderasyon espesyal oswa espekilasyon ki siyifi reflechi sou yon kesyon, fè li tounen yon objè refleksyon, antisipasyon oswa yon refleksyon pwofon. Pou Galtung (1967), yon teyori se yon ansanm ipotèz estriktire pa mwayen yon relasyon enplikasyon oswa enferans, operasyon ki fè yo admèt yon pwopozisyon paske li gen lyen ak yon pwopozisyon yo asepte ki verite anvan (Galtung, 1967).

Ladmiral ak Abplanal avanse pou di gen teyori tradiksyon ak teyori pou tradiksyon. Teyori tradiksyon yo fasilite yon konparezon ant tèks orijinal yo ak tradiksyon yo yon fwa tradiksyon an fini. Poutan, teyori pou tradiksyon yo etidye travay tradiktè a ak pwosesis

tradiksyon an. Yon lòt fason, teyori pou tradiksyon yo etidye sa k ap pase lè tradiktè a ap tradui. Li ede chèchè yo pi byen konprann sa ki tradiksyon an, men teyori sa yo pa la pou di tradiktè yo kòman pou yo tradui (Ladmiral J. R., 1979), (Abplanalp, 2001).

Si nou admèt teyori yo nesesè pou rive konprann epi analize kèk fenomèn nan tradiksyon, li pa toujou fasil pou diferansye epi rive jwenn nan ki mezi yo kapab jwe yon wòl nan yon pwojè tradiksyon. Se atant sa a menm chema Holmes nan t ap chèche konble kote diferan konsèp yo pote limyè sou fason teyori yo ka kontribye nan konesans oswa nan rechèch nan tradiksyon an.

Daprè Holmes, analiz yon travay tradiksyon kapab fèt sou pwosesis tradiksyon an oswa sou pwodui a. Pou li menm, tradiktoloji se yon disiplin anpirik kote objektif li se dekri fenomèn tradiksyon an, pwosesis ak pwodui operasyon tradiksyon an (Casimir), (Holmes, 1972), (Munday, 2016). N ap jwenn chema ki prezante pwosesis tradiksyon an nan anèks la.

Kidonk li enpòtan anpil pou konprann pwosesis tradiksyon an, epi drese prensip jeneral ki esplike pwosesis sa a menm jan li parèt nan chema a.

1.1. Teyori lengwistik ak sosyolengwistik

1.1.1. Jean-Paul Vinay ak Jean Darbelnet (1958). Teyori konparatif.

Stylistique comparée du français et de l'anglais : Méthode de traduction.

Daprè Vinay ak Darbelnet, pou pase nan yon lang ale nan yon lòt, sa rive fèt swa pa mwayen tradiksyon dirèk, swa pa mwayen tradiksyon oblik. Yo defini twa pwosede teknik tradiksyon dirèk ki se anprent, kalk ak tradiksyon literal, ak kat pwosede oblik ki se transpozisyon, modilasyon, ekivalans ak adaptasyon (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Nan liv sa a, objektif Vinay ak Darbelnet se te konstui yon teyori tradiksyon ki repoze sou yon dyalòg ant estrikti lengwistik lang yo ak pwosesis sikolojik moun k ap sèvi ak lang sa yo. Otè yo te vle pou tradiktoloji rete kole ak lengwistik, men an menm tan tou, yo konplete

apwòch tradiksyon yo a nan fè apèl ak lòt disiplin tankou estilistik, retorik ak sikoloji (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Nan epòk la, apwòch konparatif la te parèt tankou yon nouvo paradig nan etid tradiktoloji, nan sans li te tabli yon seri prensip jeneral ki vize oryante pratik tradiksyon an. Jan sou-tit travay la fè konprann sa, demach sa a pa t limite nan obsèvasyon deskriptif, men li te devni yon metòd tradiksyon. Yo t ap chèche konnen ki chemen lespri a suiv, pandan li konsyan oswa li pa konsyan, lè l ap pase soti nan yon lang ale nan yon lòt lang. Apati kèk egzanp, yo tanmen etidye atitid mantal, sosyal ak kiltirèl yo ki pral abouti ak sèt pwosede tradiksyon yo (Raková, 2014).

1.1.1.1. Inite tradiksyon: ki sa? Pou ki sa?

Nan tradiksyon, pandan lontan, tradiktè yo te konsidere mo a kòm inite fondamantal pou analiz nan tradiksyon. Daprè Vinay ak Darbelnet, jan Raková (2014) rapòte sa, mo a, malgre aparans li, pa yon vrè inite tradiksyon, paske itilizasyon li kòm inite referans poze plizyè pwoblèm. Toutfwa, li pa posib pou elimine mo a nèt nan refleksyon tradiktolojik la, etandone yon enonse konstui ak mo ki separe ak espas blan, epi tou yo òganize diksyonè yo sou baz eleman delimite sa yo, men nan lang ekri a, limit ant mo yo pa toujou klè ni estab (Raková, 2014).

Sa ki limite itilizasyon mo a kòm inite tradiksyon se paske li pa fasilite nou byen detekte estrikti doub siy nan lang lan; nan anpil ka, siyifyan an vin pran plis plas pase siyifye a, sa ki dezoryante analiz tradiksyon an. Pandan tradiksyon an, tradiktè a pa travay ak fòm nan izole, men ak sans tèks la; tout operasyon transfè li yo fèt anndan domèn semantik la. Pou rezon sa a, li nesèsè pou konsidere yon inite ki depase dimansyon fòmèl, ki entegre tout aspè siyifikatif yo, ki fasilite relasyon ant siyifyan, siyifye ak kontèks (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Nan

dinamik sa a, inite chèchè yo ta dwe konsidere se inite panse a, sa vle di tradiksyon an dwe vize lide ak santiman ki anba tèks la, olye pou li limite sèlman nan tradui mo pa mo.

Daprè Vinay ak Darbelnet (1958), tèm inite panse a, inite leksikolojik ak inite tradiksyon an ka konsidere kòm ekivalan, paske yo fè referans ak menm fenomèn lan men ak diferan pèspektiv. Nan apwòch yo, inite tradiksyon an koresponn ak yon inite leksikolojik kote chak eleman oswa gwoup eleman leksik reprezante yon yon sèl inite panse. Kon sa, inite tradiksyon an se pi piti segman nan yon enonse kote siy yo tèlman relye youn ak lòt yo pa ka tradui yo yon fason izole; yo dwe trete yo yon sèl kou pandan transfè semantik la (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Apati definisyon sa a, Vinay ak Darbelnet (1958) fè diferans ant 4 tip inite tradiksyon daprè wòl patikilye yo jwe nan mesaj la : inite fonksyonèl, kote eleman yo patisipe nan menm fonksyon gramatikal nan tou de lang yo ; inite semantik, ki prezante yon inite sans ; inite dyalektik, ki pote yon menm rezònman ; inite pwozodik, kote eleman ki patisipe nan yon menm entonasyon nan enonse a. (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Daprè Zuzana (2014), se sèlman twa dènye kategori yo ki konsidere kòm vrè inite tradiksyon Vinay-Darbelnet yo. Inite fonksyonèl yo pa oblije limite ak yon sèl inite panse. Si nou konsidere korespondans ant inite tradiksyon ak mo tèks yo, twa ka kapab prezante.

Inite senp : chak inite yo koresponn ak yon sèl mo. Se ka ki pi senp epi ki pi popilè. Nan fraz « li genyen senk mil dola » a : *il gagne cinq mille dollars*, genyen menm kantite inite tradiksyon ak mo. Nou kapab ranplase chak mo yon fason separe san chanje kontèks fraz la. Egzanp, « Li resevwa twa san goud » : *Elle reçoit trois cent gourdes*.

Inite dilye oswa melanje : li pran plizyè mo ki fòme yon inite leksikolojik piske yo tout ansanm pataje espresyon yon sèl lide. *Au fur et à mesure que : as/firanmezi ; dans la mesure où : in so far as/depi.*

Inite fraksyonè : se sèlman yon pati nan mo a ki fè pati inite a, sa vle di moun k ap pale a gentan konprann konpozisyon mo a (Raková, 2014). Egzanp : *Relever quelque chose qui est tombé*, pa menm ak *relever une erreur ; recreation* pa menm ak *ré-création/* ; « revini » an kreyòl ki vle di « li pa mouri ankò oswa li soti nan koma » pa menm ak « revini », ki vle di « vini ankò ».

1.1.1.2. Pwosede teknik tradiksyon yo

Gwosomodo, dapre de otè kanadyen yo, genyen de direksyon tradiktè a kapab pran. Tradiksyon an kapab dirèk, epi tradiksyon an kapab oblik. Swa mesaj ki nan lang sous la kite yo transpoze li nan lang sib la san okenn pwoblèm paske li chita swa sou kategori paralèl, paralelis estriktiral; swa sou konsepsyon paralèl, paralelis metalengwistik la. Men tou, sa ka rive tradiktè a konstate kèk tou vid pou li konble nan lang sib la pa mwayen ekivalans, pou fasilite globalman genyen menm enpresyon pou tou de mesaj yo. Sa ka rive ankò, apre divèjans nan estrikti oswa metalengwistik, yo pa kapab transpoze kèk efè estilistik nan lang sous la san yon gwo boulvèsman nan estrikti mesaj la oswa nan nivo leksik la. Nan ka sa a, fòk yo itilize pwosede ki pi konplike, ki kapab etone nou lè nou fenk wè yo : se pwosede tradiksyon oblik yo (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Anpren

Anpren se pwosede tradiksyon ki pi senp, piske li revele yon mankman, jeneralman yon mankman metalengwistik tankou nan ka teknik nouvo ak konsèp enkonni. Pafwa tradiktè a itilize li kòm estrateji pou kreye efè estilistik. Gen apren ansyen, ki pa apren pou nou ankò depi yo

vin fè kò ak leksik la: *diva*, *blakawout*, *dawonnlod*, *odas*, elatriye. Sa ki plis enterese tradiktè a, se anpren ki nouvo yo ak anpren pèsònèl yo tou. Fòk nou souliye pou nou di, souvan anpren yo rantre nan lang lan pa mwayen yon tradiksyon, menm jan pou fo zanmi yo ak anpren semantik yo tou ki se newoloji nan sans : yon mo ki deja egziste vin pran lòt sans ak enfliyans yon lang etranje. Kesyon koulè lokal pa mwayen anpren an enterese efè estil ak mesaj la tou (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Kalk

Kalk la se yon anpren espesyal : yo prete sentag ki nan lang etranje a pandan yo tradui eleman ki konpoze sentag yo yon fason literal. N ap rive genyen, swa yon kalk nan nivo espresyon, ki respekte estrikti sentaksik lang sib la, pandan y ap entwodui yon mòd espresyon nouvo, swa yon kalk nan nivo estrikti, pandan y ap entwodui yon nouvo konstriksyon nan lang sib la (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Egzanp : *Face to face*, *step by step* angle ki vin bay fasafas, pazapa nan lang kreyòl ayisyen an.

Menm jan pou anpren yo, genyen kalk ansyen, fije, ki kapab, tankou anpren yo, sibi yon evolisyon semantik ki lakoz yo tounen fo zanmi. Sa ki pi enterese tradiktè yo, se kalk ki nouvo yo, ki vle evite yon anpren pandan l ap konble yon mankman (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Tradiksyon literal

Tradiksyon literal oswa tradiksyon mo pou mo, se pasaj soti nan lang sous la ale nan lang sib la pou rive jwenn yon tèks alafwa kòrèk epi idyomatik (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Egzanp an fransè-kreyòl : *J'ai dix ans* : Mwen gen dis lane.

Nou kapab obsève tradiksyon literal la rive pi souvan lè de lang ki patisipe nan tradiksyon an soti nan menm fanmi lang oswa pataje kèk eleman kiltirèl an komen. Yon bon kantite nan

tradiksyon literal ant franse ak kreyòl ayisyen rantr nan ka sa a akòz enfluyans istorik lang franse sou devlopman kreyòl ayisyen an, oswa tou akòz konvèjans estriktirèl ak koyitif ki egziste pafwa ant de lang sa yo. Konsekans sa a montre jan relasyon istorik ak kiltirèl ant lang yo ka fasilite transfè fòm ak sans ki pwòch youn lòt, men li sòlve tou limit metòd tradiksyon literal la nan lòt kontèks.

Si sa rive tradiktè a twouve tradiksyon literal la pa asètab, li dwe itilize yon tradiksyon oblik pito. Mesaj tradiksyon literal la pa asètab, swa paske li ta bay yon lòt sans, swa li pa gen sans menm, swa li pa rive posib pou rezon estrikti, swa li pa koresponn ak menm rejis lang sous la (Raková, 2014).

Si nou konsidere de fraz sa yo : (1) *He looked at the map* ak (2) *He looked the picture of health*, nou kapab tradui premye a pandan n ap aplike règ tradiksyon literal yo *il regarda la carte/* li ap gade kat la, men nou pa kapab tradui dezyèm nan kon sa : *il paraissait l'image de la santé/* li sanble ak imaj sante a, amwenske yo ta fè sa pou rezon espresif, nan ka yon pèsonaj anglè ki pa byen pale franse ak kreyòl nan yon dyalog. Si tradiktè a rive tradui fraz *He looked the picture of health* la kon sa : *Il se portait comme un charme/* li anfòm kon bas, se paske li konnen yon ekivalans pou mesaj la (Raková, 2014).

Ekivalans mesaj la baze sou yon idantite ki gen rapò ak yon sitiyasyon, kote sèlman li menm ki kapab di lang sib la gen kèk karakteristik nan reyalitye a kote lang sous la pa konnen yo. Sans yon mo depann de plas li okipe nan enonse a, sa ka rive solisyon an abouti ak yon gwoup mo ki tèlman gen gwo diferans parapò ak kote nou soti a menm diksyonè pa mansyone li. Kòm nou pa ka kontwole kantite konbinezon posib siyifyan yo ant yo menm, nou konprann rezon ki fè tradiktè yo pa fouti jwenn solisyon tou fèt pou pwoblèm yo nan diksyonè. Paske se tradiktè a sèlman ki posede totalite mesaj la pou pote limyè sou chwa li, epi se mesaj la sèlman, reflè

sitiyasyon an, ki pemèt apre dènye analiz pou rive pwononse sou paralelis de tèks yo (Raková, 2014).

Transpozisyon

Se pwosede ki pemèt yo ranplase yon pati nan diskou a pa mwayen yon lòt, san chanje sans mesaj la. Yo kapab aplike pwosede sa a anndan yon lang menm jan tou pou tradiksyon entèlengwal la (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Egzanp: *Li anonse l ap vini vin bay li anonse retou li* pa mwayen transpozisyon, kote vèb la tounen non. Dezyèm fason sa a rele fòm transpoze, kontrèman ak premye a, ki se fòm baz la. Nan domèn tradiksyon, yo fè diferans ant transpozisyon obligatwa ak transpozisyon fakiltatif. Paregzanp *dès son lever*, oblije transpoze nan lang anglè ak kreyòl *As soon as he gets up / Depi li leve/osito li leve*, paske anglè ak kreyòl la pa gen fòm baz la nan ka sa a. Men nan sans envès, nou gen chwa ant kalk ak transpozisyon, piske fransè a gen tou de fòm yo.

Okontrè, pou de fraz ekivalan *après qu'il sera revenu : after he comes back/ Lè li retounen*, tou de kapab transpoze : *après son retour : after his return / Aprè retou li*.

Fòm bazik la ak fòm transpoze a pa oblije ekivalan nan nivo estilistik. Tradiktè a dwe prè pou l itilize transpozisyon si fòm li jwenn nan pi byen mache nan fraz la oswa li fasilite li tabli yon nyans nan nivo estil. Fòm transpoze a jeneralman gen yon karaktè ki plis literè. Youn nan ka transpozisyon espesyal yo plis konnen se chasekwaze a ki se yon transpozisyon doub. Ezanp: *She hurried past me: Li pase byen rapid bò kote m nan/ Elle est passée à côté de moi précipitamment* (Raková, 2014).

Modilasyon

Modilasyon an se yon varyasyon nan mesaj la, ki rive fèt lè yo chanje pwennvi a. Yo vini ak pwosede sa a akòz yo sispèk menm lè tradiksyon literal la oswa transpozisyon an kòrèk,

tradiksyon pa byen sonnen nan zòrèy moun ki byen konn lang sib la. Menm jan pou transpozisyon an, nou fè diferans ant modilasyon lib oswa fakiltatif ak modilasyon fije oswa obligatwa (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Yon egzanp modilasyon obligatwa se fraz *The time when...* ki oblije tradui an fransè : *le moment où ...*, nenpòt moman/nenpòt lè...; okontrè, modilasyon ki la pou prezante pozitivman sa ki te negativ nan lang sous la pi souvan fakiltatif: *It is not difficult to teach...* : Li fasil pou montre/anseye...

Diferans ant modilasyon fije ak modilasyon lib la se yon kesyon degre. Nan ka modilasyon fije a, degre frekans nan jan li anplwaye, nan fason tout moun itilize l, akòz yo fikse li nan diksyonè oswa nan gramè ki lakoz tout moun ki byen pale de lang yo ap kouri itilize modilasyon fije a san ezitasyon (Raková, 2014).

Nan ka modilasyon lib la, pa gen yon fòm fiks, epi pwosesis la ap plede refèt. Poutan, modilasyon an pa fakiltatif vrèman. Si li byen fèt, li dwe rive ak yon solisyon ki pouse lektè a di : wi, se kon sa menm fransè oswa ayisyen pale. Yon modilasyon lib kapab tounen yon modilasyon fije depi yo itilize l anpil jiskaske yo pran li kòm sèl solisyon. Evolisyon yon modilasyon lib pou ale nan yon modilasyon fije rive nan bout lè yo enskri li nan diksyonè ak gramè epi ki tounen yon matyè yo anseye (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Ekivalans

Sa kapab rive nou wè mwayen estilistik ak estriktiral yo itilize pou de tèks k ap pale de yon menm sitiasyon diferan totalman. Nan ka sa a nou pale de yon ekivalans. Ka sa a souvan rive nan nivo sentagmatik epi enterese mesaj la nan tout li menm. Pi fò nan ekivalans sa yo pa ka chanje oswa se fòm fiks yo ye, epi yo fè pati yon repètwa frazeyolojik ak idyotis, kliche, pwovèb, lokisyon sibstantival oswa adjektival, elatriye (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Yon fason jeneral, se pwovèb yo ki pi byen ilistre kesyon ekivalans lan. Egzanp : *Too many*

cooks spoil the broth : Deux patrons font chavirer la barque : Twòp chenn gate revèy ; *Poverty is no crime* : malere pa defo. Kèk lòt egzanp ki pa pwovèb men ki kore kesyon ekivalans lan : Li bay manti kou chen: *il ment comme il respire* oswa *il ment comme un arracheur de dents* (Raková, 2014).

Adaptasyon

Nan setyèm pwosede sa a, avèk sa sitiyasyon mesaj la fè referans la pa egziste nan lang sib la, epi sa mande pou kreye mesaj la parapò ak yon lòt sitiyasyon, yo jije ki ekivalan. Nan kontèks sa a, se yon ka espesyal pou pwosede ekivalans lan, yon ekivalans sitiyasyonèl (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958). Kòm egzanp, nou kapab pale nan ka yon papa anglè ki anbrase pitit fi l sou bouch, yon bagay ki kiltirèl ki p ap ka pase menm jan an kreyòl/fransè. Egzanp : Rive tradui : *he kissed his daughter on the mouth* an fransè *il embrassa sa fille sur la bouche*, poze yon pwoblèm kiltirèl, kote se tou senpman yon papa responsab ki rantr lakay li, aprè li fin pase anpil tan deyò, itilize yon jès afektif kiltirèlman akseptab nan lide pou esprime emosyon li. Nan ka sa a, yo pral rantr yon eleman nan mesaj la ki pa egziste nan tèks sous la nan lang sib ; se yon tip tradiksyon anplis. Nou kapab rezoud sitiyasyon an kon sa : *il serra tendrement sa fille dans ses bras* / li sere pitit fi li a nan bra li (Raková, 2014).

Nou rive wè de chèchè yo te rive idantifye de ka, swa kote se lang yo k ap oryante règ tradiksyon an, nan ka tradiksyon literal, mo yo chanje men sentaks la ak sans lan rete menm ; swa lòt sitiyasyon ki pi konplèks kote se tradiktè a k ap pote modifikasyon leksikal, sentaksik ak kiltirèl (Raková, 2014).

An gwo, dapre Raková (2014) *stylistique comparée* a pote plizyè eleman pozitif nan tradiktoloji. Anvan tout bagay, tout efò sa yo se te pou bay tradiktoloji yon karaktè syantifik, se pou rive jwenn yon modèl teyorik ki kapab esplike rezilta pwosesis tradiksyon an. Pwen sa a se

yon pwen komen nan tout lòt apwòch ak teyori lengwistik epòk la. Avantaj etid kontrastif de lang yo ap fasilite tradiktè oswa apranti tradiktè a ap rive konnen diferans estriktirèl nan mitan de lang travay yo (Raková, 2014).

Etid konpare a se yon kontribisyon itil pou lengwistik jeneral la kote sa ki te enterese epòk la se te deskripsyon ak etid estriktiral yon sistèm lengwistik espesyal. Oryantasyon sa a nan etidye plizyè koup lang te kapab anrichi lengwistik jeneral tou, espesyalman nan sa ki inivèsèl nan langaj yo. *Stylistique comparée* a founi yon metalangaj ki fasilite nou fòmile refleksyon teyorik sou tradiksyon, sa ki itil pou lè tradiktè ak apranti tradiktè yo ap fè pwòp refleksyon yo sou travay yo ak rezilta travay yo. Metalangaj la nesèsè pou devlopman disiplin nan, an menm tan tou pou komunikasyon tradiktè pratisyen ak tradiktològ oswa teyorisyen ant yo, epi ant tradiktològ ak etidyan nan tradiktoloji (Raková, 2014).

Sèt pwosede teknik tradiksyon yo itil anpil pou deskripsyon retwospektif rezilta tradiksyon an, tradiksyon kòm pwodui final. Konesans pasif tradiktè a sou sèt pwosede tradiksyon sa yo ap ogmante kapasite li pou anplwaye yo lè l ap tradui, paske yon tradiktè ki kapab obsève epi nonmen esplicitman pwosede teknik sa yo nan yon tèks li tradui, gen chans pou li plis itilize yo yon fason natirèl pase yon tradiktè ki pa okouran de egzistans yo. Pwosede sa yo toujou itil jous jounen jodi a, espesyalman sou plan pedagogik (Raková, 2014)

1.1.2. Mounin, Georges. (1963). *Les problèmes théoriques de la traduction*.

Daprè Mounin (1963), tradiksyon posib, malgre diferans gramatikal ak kiltirèl ant lang yo, gen yon sans komen oswa yon *envaryant semantik* ki kapab transpòte. Travay tradiktè a se pa chèche ekivalans mo pou mo, men pito rekonstui mesaj orijinal la nan lang resepte a, pandan l ap respekte estrikti lengwistik ak reyalyte kiltirèl nouvo kontèks la. Kon sa, tradiksyon se yon ak lengwistik ak kiltirèl ki depase senp transfè fòmèl pou li vin yon aktivite entèpretatif.

Daprè Mounin (1963), tradiktoloji dwe chita sou lengwistik kòm kad konseptyèl referans. Li prezante tradiksyon kòm yon fenomèn langaj, ki soti nan kontak ant de lang e ki gen rapò dirèk ak bilengwis. Nan lide sa a, premye objektif li se asire syantifisite disiplin nan, sa ki mennen li poze yon kesyon kle ki te pwovoke anpil refleksyon nan epòk la: èske yo ta dwe konsidere etid syantifik sou operasyon tradiksyon an kòm yon branch nan lengwistik? Kon sa, Mounin entegre tradiksyon nan yon kad teyorik solid, pandan li rekonèt nesosite pou egzamine aspè lengwistik ak koyitif tradiksyon an kòm yon priyorite syantifik (Mounin, 1963).

Mounin li menm presize nan tèz doktora li a, soutni an 1963, se pwoblèm jeneral tradiksyon nan kad lengwistik jeneral kontanporen an l ap etidye, esansyèlman estriktiralis. Nou kapab konprann byen fasil lè nou konnen nan epòk la, lengwistik se te yon syans dominan pami syans moun yo. Mounin te rete konvenkan se nan kad syans lengwistik pou rive pote limyè sou kesyon posiblite ak enposiblite operasyon tradiksyon an.

An reyalyte, objektif Mounin se te mete tradiktoloji nan ran syans, e kòm li pa t wè lòt posiblite si se pa atravè lengwistik, li t ap revandike pou etid syantifik tradiksyon an jwi dwa li kòm branch nan lengwistik (Raková, 2014).

Nan optik sa a, ouvraj *Les Problèmes théoriques de la traduction* li a estriktire daprè kèk distenksyon binè, sa vle di an gwoup ki soti nan lengwistik tankou: lengwistik ak tradiksyon ; obstak lengwistik ; leksik ak tradiksyon, vizyon monn ak tradiksyon, sivilizasyon miltip ak tradiksyon, epi sentaks ak tradiksyon (Mounin, 1963).

Sa ki enteresan nan pwèn sa a, se aksan li mete sou segmantasyon diferan lang natirèl yo nan reyalyte estralengwistik la ki bay tradiktè yo anpil pwoblèm. Mounin evoke nan kontèks sa a, pami anpil lòt egzanp, diferan pawòl yo itilize an fransè oswa nan lang italyen pou pale de pen epi ki pa oblije jwenn ekivalan nan lòt lang yo. Mounin rejwenn nan sans sa a ipotèz Humboldt

ak lide de otè ameriken yo, Edward Sapir ak Benjamin Lee Whorf, kote yo rekonèt yo sou non *relativis lengwistik* la (Raková, 2014).

Kesyon intraduiziblite a, ki gen lyen sere ak relativis lengwistik, te okipe yon plas enpòtan nan refleksyon Mounin an, men repons li an pa t fin klè. Daprè li menm, tradiksyon pa toujou posib... Li posib sèlman nan yon nivo, men olye pou nou wè l kòm yon mezi moun pa ta tounen sou li e ki san limit, fòk nan chak ka nou detèmine mezi sila a, dekri limit li (Raková, 2014).

Pou nou fini, tradiktoloji lengwistik teyorik Georges Mounin an se yon travay fondamantal kote li egzamine tradiksyon kòm yon aktivite entèlektyèl ki baze sou analiz lengwistik ak konpreyansyon pwofon sou sans. Li mete aksan sou diferans ant lang ak kilti, epi li montre tradiksyon pa janm totalman literal ; li egzije bon jan adaptasyon. Li esplike pou li di tradiksyon se pa sèlman yon transfè mo, men yon operasyon semyotik ki enplike entèpretasyon pou jwenn sans dapre kontèks la. Se yon travay ki baze sou teyori lengwistik modèn pou esplike limit ak posiblite tradiksyon (Raková, 2014).

1.1.3. Tradiktoloji lengwistik kominikasyonèl

Edmond Cary se te yon tradiktè ak entèprèt franse ki te gen yon wòl enpòtan nan devlopman tradiksyon literè ak pwofesyonèl. Li te youn nan premye moun ki te travay pou etabli tradiksyon kòm yon disiplin akademik, pandan li mete aksan sou nesesite pou konprann relasyon ki egziste ant lang ak kilti nan pwosesis tradiksyon an. Nan ane 1950 ak 1960 yo, yon peryòd kote refleksyon akademik sou tradiksyon te kòmanse pran fòm nan inivèsite an Frans pou prepare devlopman tradiktoloji nan ane 1970 yo, Edmond Cary, ki te rele Cyrille Znosko Borowsky e ki te gen orijin ris, te fasilite refleksyon sa yo. Li te yon entèprèt angaje ki te mouri

nan yon aksidan avyon an 1966, kite yon tras enpòtan nan etablisman tradiksyon kòm yon domèn etid serye (Cary, 1966).

Daprè Rakova ki site Bocquet (2008), aprè refleksyon istorik la, Cary pwopoze yon teyori konplè pou tradiksyon. Pou koupe fache ak teyori lengwistik dominan yo, pou nou pa di sèl yo menm ki te egziste nan epòk la, Cary fonde yon teyori ki pral rele aprè *théorie communicative axée sur le produit*/ teyori kominikatif konsantre sou pwodui. Pou li menm, tradiksyon se disiplin kominikasyon, yon ladrès, se pa yon syans (Raková, 2014).

Daprè Bocquet (2008), Cary pwopoze yon tipoloji ki konekte tèks, mesaj ak egzijans tradiksyonèl, ki vize gide refleksyon tradiktè yo sou aktivite yo. Li mete aksan sou kesyon fondamantal sa yo : Ki sa w ap tradui? Ki kote ak kilè w ap tradui? Pou kilès w ap tradui? Analiz sa yo fasilite tradiktè a adapte estrateji li daprè kalite tèks la: yon woman klasik mande yon apwòch diferan de yon woman polisye, paske chak kilti ak chak peyi gen atitud diferan sou mo, pati diskou ak sentaks. Cary montre tou objektif tradiksyon an gen yon enpak sou apwòch la : yon tradiktè k ap prepare yon edisyon kritik pou espesyalis ap travay nan yon lespri diferan de yon tradiktè ki ap prepare yon edisyon komèsyal. Nan sans sa a, Cary ankouraje tradiktè yo pran desizyon konsyan ki pran an konsiderasyon karakteristik tèks la, kontèks kiltirèl la ak objektif tradiksyon an (Bocquet, 2008).

Raková (2014) prezante Roman Jakobson li menm kòm yon pansè ris ki te vin youn nan lengwis ki plis fè pale de li nan ventyèm syèk la lè li te poze premye baz devlopman analiz estriktirèl langaj, pwezi ak latizay. Li fèt nan peyi Larisi nan yon fanmi jwif. Pandan etid li, li te vin yon gwo manm *Sèk lengwistik Moskou* a epi patisipe nan mete *gad atistik ak powetik* la kanpe. Lengwistik epòk sa a te chita plis sou lengwistik neyogrameryen yo epi yo te afime : sèl manyè syantifik pou etidye langaj se etidye listwa ak evolisyon dyakwonik mo yo. Jakobson, li

menm ki te konnen travay Ferdinand de Saussure te fè yo, rive devlope yon apwòch ki chita sou jan estrikti langaj la menm fasilite kominikasyon (Raková, 2014).

An 1920, Jakobson kite Larisi pou ale Prag, aprè boulvèsman politik nan peyi Larisi nan lide pou pousuiv etid doktora li. An 1926, li fonde ansanm ak Nikolaï Troubetzkoï, Vilém Mathésius, Jan Mukařovský ak kèk lòt ankò, *École de Prague* la. Anpil travay li te reyalize sou fonetik. Yo te ede li kontinye fè devlopman li yo sou estrikti ak fonksyon langaj. Jakobson kite Prag nan kòmansman Dezyèm Gè Mondyal la pou li ale nan peyi eskandinav yo. Aprè gè a, li ale Nouyòk epi li entegre li nan kominote kote ki te deja plen ak yon bann entèlektiyèl ki te kite Ewòp pou kesyon lagè. Depi nan mwa dawout 1940 la, li angaje li nan komite soutyen Frans lib la. Nan *École libre des hautes études*, yon seri inivèsite pou frankofòn ki pran ekzil, li rankontre Claude-Lévi Strauss ki vin yon soutyen enpòtan pou estriktiralis la. Li fè konesans ak plizyè lengwis ak antwopològ ameriken tankou Leonard Bloomfield (Raková, 2014).

An 1949, Jakobson baze li nan inivèsite Harvard, kote li pase tout vi l ap anseye. Nan kòmansman lane 1960 yo, Jakobson elaji travay li yo yon fason pi jeneral nan kesyon langaj epi li kòmanse pibliye sou sa ki konsènen syans kominikasyon. Li devlope, pa egzanp, yon modèl nan fonksyon lengwistik yo, yon chema ki fè pale de li ki se *chema Jakobson*. Jakobson jwenn enspirasyon li nan modèl sikològ alman Karl Bühler a. Bühler, ki jwenn enspirasyon li nan filozofi fenomenolojik, rive mete sou pye yon chema ki genyen twa fonksyon siy lengwistik la kote chak soti nan rapò aktif siy lengwistik la ak youn nan enstans ki prezan nan moman kominikasyon an : li te rekonèt fonksyon reprezantatif, referansyèl, pou Jakobson, espresif ak apelatif (Raková, 2014).

Se teyorisyen literè ak pwofesè estetik Jan Mukařovský ki te ajoute fonksyon estetik la. Jan Mukařovský, ki etidye filoloji tchèk ak fransè nan inivèsite Prag, te manm Sèk lengwistik

Prag la an 1926. Chema Jakobson pou sis fonksyon siy lengwistik yo soti apati sis faktè ki rantr nan sitiasyon kominikasyon an. Se devlopman chema Karl Bühler ak lide Jan Mukařovský sou fonksyon estetik siy lengwistik la ki vin fonksyon powetik Jakobson lan (Raková, 2014).

Chema kominikasyon vèbal Jakobson nan anèks v

Chema kominikasyon vèbal sa a genyen 6 faktè :

Emetè a voye yon mesaj bay destinatè a. Pou yo konprann mesaj la, fòk genyen yon kontèks Jakobson rele referan tou. Kontèks la dwe yon kontèks vèbal oswa li dwe kapab vèbalize epi konpreyansib pou destinatè a. Mesaj la bezwen yon kòd komen ant emetè a ak destinatè a, epi yon kontak la, sa vle yon kanal fizik ak yon koneksyon sikolojik pou fasilite emetè a ak destinatè a kòmanse epi kenbe kominikasyon an.

Jakobson bay chak faktè sa yo yon fonksyon lengwistik. Premyeman, fonksyon referansyèl oswa denotatif ki se, san dout, prensipal fonksyon langaj pou fè pase yon mesaj oswa yon enfòmasyon. Dènye a, fonksyon espresif la ki chita sou emetè a, k ap esprime santiman ak emosyon li.

Twazyèmman, fonksyon konatif oswa apelatif ki santre sou destinatè a. Yo itilize fonksyon langaj sa a pou mennen destinatè a rive adopte yon sèten konpòtman. Katyèmman, fonksyon fatik la ki la pou etabli oswa kenbe kontak fizik oswa sikolojik nan pwosesis kominikasyon vèbal la.

Senkyèmman, fonksyon powetik la, ki pa sèlman limite nan kesyon pwezi ak literati, li santre sou mesaj la nan fòm menm jan ak nan sans mesaj la. Dènyeman, fonksyon metalengwistik la itilize langaj kòm mwayen analiz oswa esplikasyon kòd la (Jakobson, *Essais de linguistique générale. Les fondations du langage*, 1963).

Apwòch fonksyonèl langaj sa a débouche sou teyori fonksyonèl ak kiltirèl nan tradiktoloji, tankou sa ki baze sou tip tèks yo, teyori *skopos*, apwòch ki baze sou analiz diskou, rejis ak jan yo (Raková, 2014).

Nan esè li, *Aspects linguistiques de la traduction*, Jakobson espesifye twa fòm posib nan tradiksyon: premyeman, tradiksyon entralengwal oswa refòmilasyon ki se entèpretasyon siy lengwistik yo pa mwayen siy ki nan menm lang lan. Dezyèmman, tradiksyon entèlengwal ki se entèpretasyon siy lengwistik pa mwayen siy yon lòt lang. Twazyèmman, tradiksyon entèsemyotik oswa transmitasyon ki se entèpretasyon siy lengwistik gras ak siy non lengwistik (Jakobson, *On linguistic Aspects of translation*, 1959).

Men kòman lengwis ris la wè tradiksyon: lè y ap tradui soti nan lang ale nan yon lòt, yo ranplase mesaj youn nan lang yo, se pa avèk inite separe, men avèk mesaj antye nan lòt lang lan. Tradiksyon sa a se yon fòm diskou endirèk ; tradiktè a rekòde epi retransmèt yon mesaj li resevwa nan yon lòt sous. Kon sa, tradiksyon mande de mesaj ekivalan nan de kòd diferan. Refleksyon Jakobson nan enskri nan kad lengwistik fonksyonèl Lekòl Prag la ak teyori kominikasyon ki te devlope nan lane 1950-1960 yo. Roman Jakobson ekri pi lwen nan menm esè a pou di : lang yo diferan youn lòt esansyèlman paske yo dwe esprime, se pa paske yo kapab esprime. Youn nan egzanp li pran se pakèt pil mo ki siyifi nèt nan lang eskimo, pil kantite mo ki siyifi chamo nan lang arab (Raková, 2014).

1.1.4. Pergnier, M. (2017). Teyori sosyolengwistik. Les fondements sociolinguistiques de la traduction. Pp. 393–400

Sosyolengwistik se yon disiplin ki analize lang lan an relasyon ak anviwònman sosyal kote yo itilize li, li baze sou pratik langaj konkrè kominikatè yo. Disiplin sa a devlope nan ane 1960 yo Ozetazini, sitou gras ak kontribisyon chèchè tankou William Labov, John Gumperz ak

Dell Hymes, ki mete aksan sou lyen ki egziste ant langaj ak sosyete a (Gumperz, 1982). Apwòch sa a te jwenn yon sipò enpòtan nan sosyoloji, ki fasilite etid langaj la fèt kòm yon fenomèn sosyal.

Nan menm lojik la, tradiktoloji sosyolengwistik la konsidere tradiksyon kòm yon aktivite ki chita nan yon kontèks sosyal espesifik. Li enterese ak wòl tradiktè a, idantite li ak kondisyon sosyokiltirèl ki enfliyanse pratik tradiksyon an. Domèn sa a analize diferans sosyokiltirèl, fòm entèraksyon yo, politik lengwistik ansanm ak dimansyon ekonomik ki gen rapò ak tradiksyon (Hymes, 1974).

Nan *Les Fondements sociolinguistiques de la traduction*, Pergnier (2017) poze kesyon sou nati tradiksyon an pandan li fè diferans ant twa aksepsyon pou tèm nan : premyeman, tradiksyon kòm tèks ki tradui a, rezilta a, pwodui fini an. Dezyèmman, tradiksyon kòm operasyon refòmilasyon mantal. Twazyèmman, tradiksyon kòm konparezon de idyòm (Pernier, 2017).

Daprè Pergnier, tradiksyon fè pati menm chan etid ak lengwistik, men li depase li lè li ouvè sou plizyè lòt disiplin. Li konsidere tradiksyon kòm yon fòm lengwistik pliridireksyonèl, kote nati objè a fòse analiz la travèse plizyè domèn konesans. Nan pèspektiv sa a, tradiksyon vin rankontre syans sosyal tankou sosyoloji ak antwopoloji, men tou syans natirèl tankou newoloji ak biyoloji (Pergnier, site nan Guidère, 2010).

Otè a souliye, yon fason endirèk, limit zouti konseptyèl tradisyonèl lengwistik yo lè li la pou analize fenomèn tradiksyon an. Se poutèt sa li defann nesesite pou mobilize apwòch entèdisiplinè a pou konprann konpleksite tradiktoloji a. Pou fini, li rive fè konklizyon pou di tradiksyon reprezante youn nan mwayen ki pi efikas pou rive konprann vrè sans yon mesaj (Guidère, 2010).

1.2. Teyori kominikatif ak èmenetik

1.2.1. *Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer. (1984). Teyori entèpretatif. Interpréter pour traduire.*

Teyori sans lan, yo rele tou teyori entèpretatif tradiksyon an, sòti nan rechèch ki te fèt nan kad ESIT (École supérieure d'interprètes et de traducteurs), yon enstitisyon ki te fonde an 1957 nan vil Pari. Se andedan estrikti sa a, ki fè pati *Sorbonne Nouvelle, Université Paris III* jounen jodi a, teyori entèpretatif la te kòmanse pran fòm sistematik li nan fen lane 1970 yo. Pou rezon sa a, literati syantifik la souvan fè referans ak li kòm Teyori Lekòl Pari.

Devlopman teyori sa a asosye sitou ak travay Danica Seleskovitch ak Marianne Lederer, ki konsidere kòm pyonyè apwòch la. Sepandan, teyori entèpretatif la pa limite sèlman ak de otè sa yo, paske li te jwenn gwo sipò bò kote plizyè lòt chèchè, sitou nan espas frankofòn nan. Pami kontribitè yo plis rekonèt yo, nou ka site Danica Seleskovitch, Marianne Lederer, Jean Delisle, ansanm ak Amparo Hurtado, ki te patisipe aktivman nan pwomosyon ak elajisman kad teyori a (Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer, 1984).

Daprè Danica Seleskovitch ak Marianne Lederer, tradiksyon se yon pwosesis ki chita sou konpreyansyon sans mesaj la ak yon etap devèbalizasyon anvan refòmilasyon sans sa a nan lang sib la. Nan pèspektiv sa a, tradiktè a pa limite ak yon transpozisyon mo pou mo, men li chèche entèprete siyifikasyon jeneral diskou dapre kontèks kominikatif la. Teyori entèpretatif la souliye enpòtans konesans estralingwistik ak konpetans entèpretatif tradiktè a kòm eleman kle nan dinamik tradiksyon an.

Daprè Raková (2014), teyori sans lan se yon pwolonjman teyori lengwistik tradiksyon yo, menm lè teyori entèpretatif la pa menm ak teyori lengwistik yo nan plizyè pwen. Teyori entèpretatif tradiksyon an pa konsantre li sou konparezon lang oswa sistèm lengwistik, epi li pa konsidere fraz kòm inite tradiksyon menm jan konparatis yo te fè l la. Men, teyori entèpretatif tradiksyon an ensiste sou tradiksyon kontekstyèl, li mete aksan sou analiz sans jan li parèt nan diskou a (Raková, 2014).

Chèchè yo rive reyalize fenomèn tradiksyon an depase kad lengwistik la, sitou lengwistik fòmèl tankou estriktiralis, gramè jeneratif, elatriye. Gen yon seri faktè non lengwistik ki enfliyanse tradiksyon. Chèchè teyori entèpretatif la ale bò kote lengwistik tekstyèl la tankou jan yo rele li a, tekstoloji, sitou Jean Delisle. Nan orijin teyori sa a, nou jwenn pratik pwofesyonèl Danica Seleskovitch ki apiye li sou eksperyans li kòm entèprèt konferans nan lide pou mete sou pye yon modèl tradiksyon an twa tan: entèpretasyon, devèbalizasyon, reyespresyon. Modèl sa a prete postila teyorik li yo an menm tan nan sikoloji ak syans koyitif nan epòk li a, avèk yon enterè espesyal pou pwosesis mantal tradiksyon an (Raková, 2014).

Daprè Guidère (2010), sa ki enterese teyori entèpretatif la se sans. Pwoblèm sa a depase nivo mo yo paske li pa konsène sèlman sa lokitè a esprime yon fason esplicit, men tou sa li transmèt ki pa parèt klè nan tèks la tou. Pou rive sezi sans sa a, tradiktè a dwe posede konesans nan divès domèn ki ap fasilite li konprann kontèks epi sa otè a vle di a. Nan ka kontrè, tradiksyon an kapab fè echèk oswa fè fas ak yon gwo eka nan sans mesaj la (Guidère, 2010).

Danica Seleskovitch devlope yon modèl pwosesis tradiksyon an ki estriktire an twa etap. Premyèman, etap konpreyansyon an, kote konprann yon tèks mande pou sezi konpozant lengwistik la, tankou siy grafik yo, ansanm ak konpozant estralengwistik la. Sans tèks la depann

de konpleman koyitif chak lektè, eksperyans endividyèl, konesans ansiklopedik, bagaj kiltirèl ak konpetans entèpretatif li (Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer, 1984).

Dezyèmman, etap devèbalizasyon an chita sou izolman mantal lide oswa konsèp ki prezan nan tèks sous la. Si tradiktè a pa devèbalize pawòl yo, li riske tonbe nan yon tradiksyon literal oswa yon transkodaj, sa ki kapab pwodui yon tèks final ki pa gen sans pou lektè sib la. Devèbalizasyon an fasilite sans lan rete nan konsyans tradiktè a pandan li bliye siy konkrè yo tankou mo ak fraz ki nan orijinal la. Pwosesis sa a fasilite entèpretasyon diskou oral, ki fèt nan tan reyèl epi disparèt imedyatman, men li reprezante yon gwo defi nan tradiksyon ekri kote tèks la rete vizib. Revèbalizasyon sans nan yon lòt lang mande pou tradiktè a mobilize yon varyete mwayen espresif nan lang sib la. Nan etap sa a, tradiktè a òganize lide yo yon fason dezòdone, e li sèvi ak analoji pou fasilite transfè sans la. Konpetans asosiyatif, kapasite dediktif, kreyativite, entuisyon ak imajinasyon tradiktè a vin esansyèl, paske yo fasilite li reyalize yon tradiksyon fidèl pandan li adapte mesaj la ak kontèks lang k ap resevwa tèks la (Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer, 1984).

Nan menm pèspektiv Seleskovitch la, Jean Delisle pwopoze yon apwòch pi didaktik nan teyori entèpretatif tradiksyon an, kote li entegre analiz diskou ak lengwistik tekstyèl. Li konsantre espesyalman sou etap konseptyalizasyon an nan pwosesis transfè entèlengwistik la. Pou Delisle (1980), pwosesis tradiksyon an dewoule an twa faz prensipal, men li refòme twa etap Seleskovitch yo nan de faz fondamantal : konpreyansyon ak fòmilasyon. Anplis, li ajoute yon katriyèm etap, analiz jistifikatif la, ki vize verifye presizyon ak validite tradiksyon an, asire tèks sib la reflekte sans orijinal la avèk fidelite (Delisle, *L'analyse du discours comme méthode de traduction* , 1980).

An gwo, teyori entèpretatif tradiksyon an estriktire pwosesis tradiksyon an an twa faz kle. Premyèman, faz konpreyansyon an, kote tradiktè a dekòde tèks sous la pandan li analize relasyon semantik ki egziste ant mo yo epi detèmine kontni konseptyèl la an fonksyon kontèks la. Dezyèmman, faz refòmilasyon an, ki konsène revèbalizasyon konsèp yo nan lang sib la, pandan tradiktè a mobilize rezonman, asosiyasyon ide ak konesans estralengwistik pou transmèt sans orijinal la. Finalman, dapre Delisle, faz analiz jistifikatif la oswa verifikasyon an, vize valide chwa tradiktè a kote tradiktè a konpare ekivalans yo, evalye kalite tèks ki tradui a epi, si sa nesesè, fè yon retwotradiksyon pou asire fidelite ak sans mesaj la (Raková, 2014).

Marianne Lederer rezime prensipal kontribisyon teyori entèpretatif la kon sa : teyori entèpretatif la vle, nan pwosesis tradiksyon an, pou chèche konprann tèks orijinal la, devèbalize fòm lengwistik la epi esprime nan yon lòt lang lide tradiktè a konprann nan ak santiman li santi yo (Danica, Seleskovitch & Marianne, Lederer, 1984).

Dapre Guidère (2010), eleman ki fè teyori entèpretatif tradiksyon an inik se dezyèm etap li a, yo rele li devèbalizasyon. Etap sa a konsidere kòm etap fondamantal pou sène sans mesaj la. Nan pwosesis sa a, tradiktè a kite nivo mo yo pou li rive nan nivo sans tèks la, kote li revèbalize mesaj la nan lang sib la pandan li konsidere faktè ki enfliyanse resepte a, tankou lang, kilti ak lòt kontèks sosyal. Modèl sa a kritike apwòch tradiksyon tradisyonèl yo, ki toujou fè distenksyon ant etap konpreyansyon lang sous la ak etap espresyon nan lang sib la, kòm de faz separe (Guidère, 2010).

Entèpretasyon sans yon tèks mande an premye pou idantifye nivo analiz la, sa vle di si analiz la fèt sou mo yo, sou fraz yo, oswa sou tèks la kòm yon antye. Se apati distenksyon sa a Lekòl Pari a tabli yon separasyon klè ant de fòm tradiksyon : tradiksyon lengwistik, ki konsène

transpozisyon mo ak fraz, ak tradiksyon entèpretatif, ki vize tradiksyon tèks la nan globalite li (Raková, 2014).

Daprè Lederer (1994), se tradiksyon tèks la sèlman ki ka konsidere kòm vrè tradiksyon, paske li fèt nan kad yon diskou epi li depann dirèkteman de kontèks kominikatif la. Nan pèspektiv sa a, tradiksyon entèpretatif la chita sou prensip ekivalans sans, tandiske tradiksyon lengwistik la fonksyone sou baz korespondans fòmèl ant eleman lang yo. Diferans fondamantal ant de apwòch sa yo chita nan jan ekivalans lan etabli ant tèks yo kòm inite sans, tandiske korespondans lan opere sitou ant inite lengwistik izole (Lederer, *La traduction aujourd'hui. Le modèle interprétatif*, 1994).

Nou wè, dapre prensip teyori entèpretatif la devlope a, tradiksyon an dwe an transmèt entansyon otè a dabò, li dwe respekte fonksyònman idyomatik lang sib la, epi li ta dwe, sa ki ideyal la, pwodui sou lektè sib la menm efè ak tèks orijinal la te genyen sou lektè li yo. Konsènan dezyèm prensip la, anpil tradiktè mete aksan sou nesèsite pou asire akseptabilite tèks ki tradui a nan lang sib la, menm si sa ka mande pou gen ajisteman ki pa toujou suiv estrikti tèks sous la estriktteman. Nan sans sa a, adekwasyon ak tèks orijinal la konsène ni tèks literè yo ni tèks pragmatik yo, men li dwe toujou pran an konsiderasyon règ ak konvansyon lang ak kilti k ap resevwa tradiksyon an.

Boutofen, teyori entèpretatif tradiksyon inovan gras ak atansyon espesyal li bay lektè sib la, enpòtans li bay konpreyansyon sans mesaj ki tradui a, ansanm ak akseptabilite tèks la nan kontèks kiltirèl kote li entegre a (Guidère, 2010).

1.2.2. Larose, Robert. (1989). *Tradiktoloji lengwistik tekstyèl. Théories contemporaines de la traduction*. Pp. 70-73

Akòz divèsite pèspektiv ak varyasyon nan apwòch tekstyèl yo, anpil tradiktològ chwazi apiye yo sou analiz diskou kòm yon kad metodolojik efikas pou etidye tradiksyon. Apwòch sa a ale pi pwofon pase apwòch tradisyonèl ki limite li sou mo oswa fraz yo, paske li fasilite yo entèprete tèks la an blòk ki gen sans konplèks ak kontèks sosyal li. Analiz diskou bay zouti pou explore relasyon ant eleman lengwistik yo, òganizasyon ak sekans pwodiksyon langaj, ansanm ak fason sekans sa yo kominike sans nan entèraksyon reyèl (Larose, 1989).

Sou plan lengwistik, diskou pa sèlman konsidere estrikti fòmèl langaj la, men li pèmèt yo entèprete nyans semantik ak pragmatik ki depase nivo mo oswa fraz. Li fasilite yo jwenn relasyon ki egziste ant sekans diferan nan tèks la, detekte kontradiksyon, repetisyon oswa elips, epi konprann enpak sosyal ak kiltirèl entèraksyon yo sou transfè mesaj la. Nan sans sa a, apwòch diskisif la vin yon zouti esansyèl pou tradiktè ki gen objektif asire tradiksyon an pa sèlman transfere mo, men transmèt sans, entansyon ak efè kominikatif tèks sous la yon fason fidèl epi konplè. Nan liv sentèz li ki rele *Théories contemporaines de la traduction* an 1989, lengwis kanadyen Robert Larose analize eleman ki fè pati diskou sou tradiksyon yo pandan lane 1960-1980 yo (Larose, 1989).

Larose pwopoze yon modèl teyolojik ki konsantre sou finalite tèks k ap tradui a. Nan kad modèl sa a, yo mezire egzaktitid tradiksyon an ak nivo ekivalans ki egziste ant entansyon kominikatif tèks sous la ak pwodui tradiksyon an. Apwòch sa a rele tradiksyon teyolojik, paske li mete aksan sou objektif oswa finalite kòm eleman fondamantal; san li, okenn ideyal tradiksyon pa ka egziste. Objektif modèl entegratif Larose la se etabli yon pwofil konplè pou tèks k ap tradui yo, lè li idantifye estrikti prensipal ki karakterize tèks sous la ak tèks sib la. Premyèman, li defini sipè-estrikti ak makwo-estrikti, ki konsantre sou òganizasyon naratif ak agimantatif tèks la, fonksyon li, tipoloji li, ansanm ak òganizasyon tematik li. Dezyèmman, li konsidere mikwo-

estrikti, ki gen rapò ak fòm espresyon an, epi li analize yo nan twa nivo : mòfolojik, leksikolojik ak sentaksik. Nan menm sans lan, li egzamine kontni tèks la atravè kat nivo analiz, grafemik, mòfolojik, leksikolojik ak sentaksik, ki pèmèt yon evalyasyon konplè nan tradiksyon an (Larose, 1989).

1.2.3. Delisle, J. (1984). *Apwòch baze sou analiz diskou. L'analyse du discours comme méthode de traduction. Pp.15-35*

Jean Delisle (1984) pwopoze yon metòd tradiksyon ki baze sou analiz diskou, men li konsantre sèlman sou tèks pragmatik (tèks non literè). Tèks pragmatik yo gen yon karakteristik ki plis denotatif pase konotatif paske yo fè referans ak yon reyalye ki souvan objektif epi fasilite yon entèpretasyon inik nan sans mesaj la. Yo souvan ekri nan yon lang kodifye, yo gen yon itilite pratik imedya, epi yo gen yon fonksyon didaktik oswa enfòmatif. Apwòch Delisle la mete aksan sou presizyon transfè sans lan, olye sou estil oswa nyans literè, paske objektif prensipal la se asire mesaj la rive jwenn destinatè li yon fason klè epi fidèl. Tradui se entèprete yon diskou pou refòme li nan yon lòt lang. (Delisle, *L'analyse du discours comme méthode de traduction*, 1984).

Atravè analiz diskou a, objektif Delisle se rann tradiksyon otonòm epi rive mete kanpe yon teyori tekstoloji ki santre sou dinamik tradiksyonèl. Kidonk ki santre sou analiz pwosesis koyitif operasyon tradiksyon an. Sou plan tradiktolojik, analiz diskou fasilite tradiktè a fokalize sou sans pandan yo ap abòde de nivo prensipal : nivo jan, seri espresyon lengwistik ak literè ki pwòp nan yon lang, tankou lèt motivasyon, woman polisye, elatriye ; epi nivo tèks la, inite retorik ki konpoze sekans ki lye epi ki konplemantè yo : fraz ak paragraf (Raková, 2014).

1.2.4. Schleiermacher, Friedrich. (1992). *Apwòch èmenetik . On the Different Methods of Translating.*

Tradiktè ki itilize apwòch èmenetik nan tradiksyon abòde tèks sous la avèk yon dimansyon sibjektif, li chèche enteryorize pwennvi otè a pou transmèt sans orijinal la pi fidèl. Objektif la se pèmèt lektè tradiksyon an viv eksperyans tèks la kòm yon zèv etranje, kote lang ak nyans orijinal la rete vizib, olye pou tradiksyon an sanble natif natal nan lang sib lan (Schleiermacher, 1992).

Mo èmenetik la siyifi nan orijin li « konprann », « esplike » nan lang grèk la. Men yo te vin itilize li pou yo pale de yon kouran ak yon metòd entèpretasyon otè womantik Alman yo te inisyè. Prensipal pwomotè metòd sa a nan domèn tradiksyon se Friedrich Schleiermacher. Pou li menm, tradiksyon se yon pwosesis konpreyansyon ki mennen nan konpreyansyon yon tèks, ladan li tradiktè a ap mete li nan po otè a pou eseye santi sa otè a santi a epi reflechi kòm otè a. Nan sans sa a, Schleiermacher konsidere tradiksyon kòm yon eksperyans egzotizan oswa etranjeyizan. Tradiktè a pa oblije fè tèks la vin « natirèl » nan lang sib lan; pito, li prezève idantite ak distans orijinal tèks la, pou lektè a ka apresye espesifikite ak richès tèks sous la (Schleiermacher, 1992).

Yo rekonèt Schleiermacher kòm patizan tradiksyon egzotizan, etranjeyizan (Raková, 2014).

1.2.5. George, Steiner (1975). *Èmenetik tradiksyonèl. After Babel :*

Aspects of Language and Translation. Pp. 252-319

Etid tradiksyon souvan konsidere tradiksyon plis pase yon senp transfè mo ; li se yon pwosesis konpreyansyon ki mande entèpretasyon kontèks ak sans. Nan *After Babel* (1975), George Steiner valide sa lè li afime pou li di « konprann se tradui » a. Li montre entèpretasyon nan tradiksyon se yon aktivite konplèks, ki toujou apwoksimatif, paske transfè sans toujou pote nyans ak difikilte. Daprè Steiner (1975), tout modèl kominikasyon ka konsidere kòm yon modèl

tradiksyon, paske yo dwe rekonstui mesaj yo nan lespri reseptè a pandan yo konsève entansyon orijinal la. Li kritike apwòch lengwistik tradisyonèl la, li konsidere disiplin nan po ko rive nan yon nivo ki pèmèt li reponn tout kesyon esansyèl ki lye ak transfè sans ak nyans entèpretatif yo (Georges, 1975).

Pou adrese limit sa yo, Steiner pwopoze yon modèl dinamik ak èmenetik, estriktire an kat faz, ki rele « bon tradiksyon an ». Modèl la mete aksan sou konpreyansyon pwofon nan tèks sous la, devèbalizasyon sans, refòmilasyon nan lang sib la, ak analiz kritik final pou verifye fidèlite tradiksyon an pandan li adapte li ak kontèks ak kilti destinatè (Georges, 1975).

Premye faz èmenetik la, faz elan konfyans lan, tradiktè a koube li anba tèks sous la epi fè l konfyans pandan l ap di tèt li pou li byen siyifye kèk bagay malgre karaktè li totalman etranje lè w fenk wè li. Si li pa mete konfyans li nan tèks la, li p ap ka tradui li oswa l ap fè tradiksyon literal (Georges, 1975).

Dezyèm faz la se faz agresyon an. Tradiktè a atake tèks la, anvayi li pou jwenn sans ki enterese l la. Li pa nan pozisyon pasif ankò men aktif epi li vin tounen zafè tradiktè a.

Twazyèm faz la se faz enkòporasyon an. Li plis move toujou pase sa anvan an, paske tradiktè rantre lakay li, nan blòk li, ak rezilta konba li, ki se sans li te vle rantre nan lang li an. Si tradiktè a rete nan etap sa a, l ap pwodui tradiksyon ki sanble ak tèks orijinal la ki efase tout tras orijin etranje a.

Katriyèm faz la se faz restitisyon an. Tradiktè a ap chèche fidelite nan tèks la. Li retabli ekilib nan mete tèks sous la ak tèks sib la nan balans pou konpare pwa yo. Li remèt oswa bay sa li te vòlè yo, repare sa l te detui yo, pou rezon etik. De faz ki nan sant pwosesis la, agresyon ak enkòporasyon a, priyoreze gwo vikwa nan tradiksyon an ak vyolans ki akonpaye l la. Liv Steiner

a te tounen sous enspirasyon pou etid ideyolojik yo sou tradiksyon, espesyalman tradiksyon kòm imaj enperyalis ak kolonyalis la (Georges, 1975).

1.3. Teyori pragmatik

1.3.1. Nord, C. (1997). Teyori skopos. Translating as a Purposeful

Activity: Functionalist Approaches Explained. p. 27–37; p. 123–128

Mo grèk *skopos* la siyifi « vize, objektif oswa finalite ». Yo anplwaye li nan tradiktoloji pou pale de teyori Hans Vermeer te inisyé nan peyi Almay la, nan Inivèsite Heidelberg nan lane 1970 yo. Pami pwomotè teyori sa a, nou jwenn Christiane Nord ak Margaret Ammann. Yo mete teyori *skopos* la nan menm kad epistemolojik ak teyori aksyonèl tradiksyon an, epi li enterese espesyalman ak tèks pragmatik ak fonksyon yo nan kilti sib la. Yo wè tradiksyon, ki se aktivite moun, yon fason patikilye ki gen yon finalite presi ak yon pwodui final ki espesifik ak li menm ki rele *translatum*. Hans Vermeer an 1978 apiye li sou postila ki di se objektif ak finalite k ap tradui yo, *skopos* la, ki defini esansyèlman metòd ak estrateji tradiksyon yo (Nord, Translating as a Purposeful Activity: Functionalist Approaches Explained, 1997).

Yo fè tradiksyon an dapre *skopos* la. Se pa otè a k ap gen pou bay fonksyon tèks sous la, men se yon fonksyon pwospetif oswa alavans yo bay tèks sib la epi li depann de kòmanditè ki bay fè tradiksyon an. Se kliyan an ki fikse yon objektif pou tradiktè a dapre bezwen ak estrateji kominikasyon li. Poutan, li dwe respekte de règ enpòtan. Yon bò, règ koyerans oswa entratekstyèl ki mande pou tèks sib la oswa *translatum* nan dwe ase koyeran pou piblik sib la konprann li kòrèkteman, kòm yon pati nan monn referans li. Yon lòt bò, règ fidelite oswa koyerans entètekstyèl ki mande pou tèks sib la dwe kenbe yon lyen sifizan ak tèks sous la (Nord, Translating as a Purposeful Activity: Functionalist Approaches Explained, 1997).

Nan sans sa a, yo wè tèks sous la kòm yon enfòmasyon pwodiktè nan lang sous la ofri reseptè ki nan menm kilti a. Yo wè tradiksyon kòm yon enfòmasyon yo ofri nan dezyèm nivo ki transmèt pizoumwèn menm enfòmasyon pou kèk reseptè ki gen lang ak kilti diferan. Seleksyon enfòmasyon yo ak objektif kominikasyon an depann de bezwen ak atant reseptè sib la. *Skopos* yon tèks kapab menm oswa diferan nan mitan de lang yo. Si li rete menm, Vermeer ak Reiss pale de *pèmanans fonksyonèl* ; si li chanje, yo pale de *varyans fonksyonèl*. Nan yon bò, prensip tradiksyon an se koyerans entètekstyèl. Nan lòt bò a, se adekwasyon oswa konfòmite ak *skopos* la (Nord, Translating as a Purposeful Activity: Functionalist Approaches Explained, 1997).

Sa ki pi enteresan nan apwòch sa a se aksan li mete sou wòl aktif tradiktè a nan pwosesis tradiksyon an. Tradiktè a pa sèlman transfere ; se li menm ki deside ki estati li pral bay tèks sous la, dapre objektif tradiksyon an. Dapre *skopos* la, tèks orijinal la ka sèvi kòm yon senp pwèn depa pou adapte mesaj la oswa kòm yon modèl pou yon transpozisyon fidèl. Sa vle di menm tèks la ka pwodui plizyè tradiksyon akseptab, paske chak reponn ak yon objektif espesifik oswa yon *skopos* patikilye. Kon sa, tradiktè a gen yon wòl kreyatif ak entèpretatif, paske li dwe pran desizyon sou fason pou mesaj la rive nan lektè sib la san li pa pèdi entansyon otè a. Nan apwòch sa a, *skopos* la vin tounen kritè prensipal pou evalye tradiksyon an. Tradiktè a ka fè chwa konsyan sou adaptasyon tèks la pou satisfè bezwen lektè a, sa ki fè tradiksyon an pa sèlman yon kopi, men yon nouvo pwodui k ap sèvi yon finalite espesifik (Guidère, 2010).

1.3.1.1. *Pwolonjman teyori skopos la*

Pou Vermeer, ki jwenn enspirasyon li nan teyori aksyonèl la, tradiksyon se yon tip aksyon moun komèt ki gen yon finalite epi ki entèvni nan yon sitiyasyon detèmine. Li rele teyori li a teyori *skopos*, yon teyori ki sible aksyon entansyonèl la. Nan kad teyori li a, youn nan faktè ki pi enpòtan nan chèche jwenn finalite tèks ki tradui a se destinatè a, avèk konesans kiltirèl li,

epi atant ak bezwen kominikasyonèl li yo. Nan liv komen Reiss ak Vermeer ki se *Grundlegung einer allgemeinen Translations theorie*/Eleman fondamantal pou yon teyori jeneral tradiksyon an, nan lane 1984 la, Katharina Reiss prezante konsepsyon li sou rapò ki egziste ant tip tèks ak metòd tradiksyon an ; konsepsyon sa a entegre sou fòm yon teyori espesifik nan kad teyori jeneral Vermeer a (Nord, La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes, 2008).

1.3.2. Holz-Mänttari, J. (1984). Teyori aksyonèl. Translatorisches Handeln: Theorie und Methode. Nan Guidère, M. (2010). Introduction à la traductologie: penser la traduction, hier, aujourd'hui, demain. Pp. 71–72

Teyori aksyonèl tradiksyon an chita sou vizyon tradiksyon kòm yon ak pwofesyonèl ki gen objektif presi. Li mete aksan sou fonksyon tèks la ak sou kontèks sosyal ak kiltirèl kote yo pwodui tradiksyon an. Teyori aksyonèl tradiksyon an parèt nan peyi Almay nan lane 1980 yo. Justa Holz-Mänttari devlope teyori sa a pou esplike tradiksyon kòm yon aktivite ki òganize epi ki oryante sou aksyon. Holz-Mänttari se yon tradiktris pwofesyonèl, yon tradiktòlòg, epi yon fòmatis tradiktè alman ; li rete nan peyi Fenlann. Li ekri plizyè zèv teyorik enpòtan sou tradiksyon, pami yo *Translatorisches Handeln: Theorie und Methode* (1984). Nan kad teyori sa a, Holz-Mänttari prezante tradiksyon kòm yon pwosesis entèkiltirèl ki vize pwodui yon tèks ki adapte ak yon sitiyasyon kominikatif byen defini nan yon kontèks pwofesyonèl espesifik. Teyori a konsidere tradiksyon kòm yon zouti entèraksyon ki fasilite kominikasyon ant ekspè ak kliyan, kote chak aktè jwe yon wòl fonksyonèl nan siksè aksyon tradiksyon an (Guidère, 2010).

Nan teyori aksyonèl tradiksyon an, Holz-Mänttari devlope yon vizyon pragmatik ki chita sou aksyon ak fonksyon kominikasyon an. Apwòch sa a mete tradiktè a nan sant pwosesis la kòm yon ajan pwofesyonèl ki pran desizyon estratejik. Pou devlope konsepsyon pragmatik

tradiksyon sa a, Holz-Mänttäre apiye refleksyon li sou teyori aksyonèl la epi, nan yon sèten mezi, sou teyori kominikasyon an. Gras ak apwòch sa a, li fè parèt divès difikilte kiltirèl tradiktè yo dwe depase nan kèk kontèks pwofesyonèl. Objektif prensipal teyori aksyonèl la se ankouraje yon tradiksyon fonksyonèl ki fasilite rediksyon baryè kiltirèl ki anpeche yon kominikasyon efikas (Guidère, 2010).

Pou reyalize objektif sa a, Holz-Mänttäre rekòmande itilizasyon yon metòd analiz minimal tèks sous la, ki konsantre sitou sou estrikti ak fonksyon li. Daprè li, tèks sous la sèvi sèlman kòm yon zouti pou mete fonksyon kominikasyon entèkiltirèl la an aplikasyon. Tèks sous la pa pote yon valè entrensèk ; li pran sans li sèlman an rapò ak objektif kominikasyon tradiktè a fikse. Nan pèspektiv sa a, tradiktè a bay mesaj li vle transmèt kliyan an plis enpòtans. Anvan li chwazi ekivalans tradiksyon li pral itilize yo, tradiktè a dwe evalye nivo akseptabilite mesaj la nan kontèks kiltirèl lang sib la, pou garanti efikasite kominikasyon an (Guidère, 2010).

Teyori aksyonèl la se yon kad pou pwodiksyon tèks pwofesyonèl. Aksyon tradiktè a defini daprè fonksyon li ak objektif li. Yo abòde tèks sous la kòm eleman ki gen konpozant kominikasyonèl yo, epi pwodui final la ap evalye daprè kritè fonksyonalite a. Dokiman kadraj yon tradiksyon oswa konsiy tradiksyon an ap defini espesifisite pwodui a ki se tradiksyon final la : li presize objektif kominikasyon an, mòd reyalizasyon an, konbyen frè yo prevwa pou sa, delè yo bay, elatriye (Guidère, 2010).

Kidonk, fonksyon an detèmine tout travay tradiktè a, ki dwe konsidere bezwen moun yo nan sitiyasyon kominikasyon yo vize ak wòl sosyal yo nan kilti sib la. Holz-Mänttäre fè diferans omwen ant sèt wòl daprè sitiyasyon yo : inisyatè tradiksyon an, kòmanditè oswa esponnsò, pwodiktè tèks sous la, tradiktè a, itilizatè tèks sib la, resepte final, difizè a. Nan jan nou wè wòl sa yo plase youn apre lòt yo, yo konsidere tradiktè a tankou yon transmetè mesaj : li dwe pwodui

yon kominikasyon espesyal sou yon sijè, nan yon moman detèmine epi dapre yon objektif byen klè. Men tou, li dwe aji tankou ekspè nan kesyon entèkiltiralite a pandan l ap konseye kòmanditè a epi negosye ak li sou pi bon mwayen pou reyalize objektif li dapre bezwen an (Guidère, 2010).

Dapre Holz-Mänttari, nan Guidère (2010) tradiktè a dwe pran tout mezi li jije ki itil pou fè faskare ak obstak kiltirèl ki anpeche li reyalize objektif li vize a. Anplis, li dwe negosye ak kòmanditè a sou ki moman k ap pi bon ansanm ak kondisyon k ap pi favorab pou difize tradiksyon li an. Brèf, tradiktè a responsab tou reyisit oswa echèk kominikasyon an nan kilti sib la (Guidère, 2010).

Plizyè tradiktòlòg, kèk patizan apwòch fonksyonèl yo tou tankou Christiane Nord, te kritike teyori sa a, yo jije li yon jan radikal. Yo repwoche li sitou paske li pa konsidere reyalite kote tradiktè a pa toujou kapab deside tout bagay, li dwe pran yon desizyon ki dwe konfòm ak fidelite kliyan an nan kenbe angajman li. Peter Newmark repwoche Holz-Mänttari paske apwòch li a chita twòp sou biznis ak relasyon piblik, alòske domèn sa yo reprezante sèlman yon pati nan aktivite tradiksyon an (Nord, La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes, 2008).

Nan teyori ak metodoloji aksyon tradiksyonèl *translatorisches Handeln* li a, prezante pou premye fwa an 1981, li prezante sou fòm detaye an 1984, Holz-Mänttari menm evite itilize mo tradiksyon nan sans estrik li, sa ki pèmèt li ale lwen konsèp tradisyonèl yo ak atant ki mache ak mo sa a. Teyori li a baze sou prensip teyori fè aksyon an ; li te fèt pou kouvri tout fòm transfè entèkiltirèl, menm sa ki pa mande egzistans yon tèks sous oswa sib. Li prefere pale de transmetè mesaj, ki se materyèl tekstyèl ki konbine ak lòt medya tankou imaj, son ak jès (Nord, La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes, 2008).

Nan modèl Holz-Mänttäri a, yo defini tradiksyon kòm yon aksyon konplèks ki fèt pou reyalize yon finalite detèmine. Tèm jenerik ki dekri fenomèn sa a se aksyon tradiksyonèl. Finalite aksyon tradiksyonèl la se rive transfere mesaj atravè yon seri baryè kiltirèl ak langaj, gras ak transmetè mesaj ekspè yo pwodui. Tradiktè yo se ekspè yo ye nan pwodiksyon transmetè mesaj apwopriye nan yon sitiyasyon komunikasyon entèkiltirèl oswa transkiltirèl, oswa dapre tèminoloji Holz-Mänttäri a, yo se ekspè nan *ko-operasyon komunikatif*. Aksyon tradiksyonèl la se pwosesis pwodiksyon yon transmetè mesaj nan yon sans, ki fèt pou itilize nan yon seri sistèm aksyon siperyè, nan lide pou ko-òdone kowoperasyon aksyonèl ak komunikatif la (Nord, La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes, 2008).

Holz-Mänttäri souliye aspè aksyonèl pwosesis tradiksyon, gras ak analiz wòl patisipan yo ansanm ak kondisyon sitiyasyonèl yo tankou aspè tan ak jewografi, medyòm kote aktivite a ye a. Youn nan konsiderasyon ki pi enpòtan pou Holz-Mänttäri se estati tradiktè a. Konsepsyon li genyen sou fòmasyon pwofesyonèl la valorize wòl tradiktè a ki konsidere kòm ekspè pwofesyonèl. Nan dènye piblikasyon li yo, Holz-Mänttäri jwenn enspirasyon li nan biyosibènètik pou esplike kondisyon ki pèmèt moun kowopere youn ak lòt. Nou kapab konsidere apwòch sa a pasyèlman tankou apwòch ki fè pati domèn tradiktoloji koyitif ak sikolengwistik (Nord, La traduction : une activité ciblée. Introduction aux approches fonctionnalistes, 2008).

1.3.3. *Levy, J. (1967). Teyori jwèt. Translation as a Decision Process.*

Pp. 1171–1182

Teyori jwèt la ofri yon kad analiz rasyonèl pou konprann fason aktè yo pran desizyon nan sitiyasyon ki gen enterè opoze. Nan tradiktoloji, apwòch sa a fasilite yos esplike chwa estratejik tradiktè a fè pandan pwosesis tradiksyon an. John von Neumann mete sou pye teyori jwèt la pou

dekri relasyon ki baze sou enterè konfliyan, sou fondman rasyonèl. Teyori sa a vize idantifye pi bon estrateji aksyon posib nan yon sitiyasyon detèmine, avèk objektif pou maksimize benefis yo epi minimize pèt yo ; se sa yo rele estrateji minimaks la.

Plizyè disiplin aplike teyori jwèt la youn apre lòt, pami yo aktivite tradiksyon. Nan domèn tradiktoloji a, se prensip optimizasyon an ki atire plis enterè rechèch yo. Tradiktològ yo chèche konprann kijan yo ka ede tradiktè a optimize pwosesis desizyon li san li pa pèdi twòp tan. Nan sans sa a, Levý (1967) konsidere teyori jwèt la kòm yon sous enspirasyon pou refleksyon sou tradiksyon. Li montre teyori tradiksyon an souvan adopte yon pozisyon nòmatif, paske li chèche montre tradiktè a pi bon solisyon yo. Sepandan, pratik tradiksyon an toujou pragmatik. Tradiktè a chwazi solisyon ki bay maksimòm efè pou yon minimòm efò. Li mobilize entuisyon li pou adopte estrateji minimaks la, dapre kondisyon konkrè sitiyasyon tradiksyon an (Levý, 1967).

Gorlée nan lane 1943, nan Raková (2014), adopte menm apwòch la, men li chita sou postila teyorik diferan. Pandan li jwenn enspirasyon li nan nosyon jwèt langaj Ludwig Wittgentein te elabore a nan *Tractatus Logico-Philosophicus* li a nan lane 1922, li antreprann etid sa a ki rele jwèt tradiksyon an. Yo konpare tradiksyon ak yon jwèt pouzòl answit ak yon jwèt echèk : jwèt tradiksyon an se yon jwèt desizyon pèsonèl ki fonde sou chwa reflechi ki chita sou règ fas ak plizyè chwa. Rezon ki fè yo konpare l ak jwèt la, se paske yon jwèt toujou gen objektif pou jwenn solisyon k ap pi byen mache a dapre règ jwèt sa a. Rapwòchman sa a pèmèt yo mete aklè dimansyon jenerik tradiksyon an. Tankou pou jwèt la, tradiksyon prezante yon pati enpresizyon ki genyen avantaj ak enkonvenyan an menm tan. Kòm egzanp, analoji ak jwèt echèk la fasilite nou mete an paralèl règ ki reglemante li ak sa ki detèmine langaj la. Men nan tradiksyon, se pa kesyon ni genyen ni pèdi nan jwèt la, men reyisi oswa echwe nan jwenn pi bon solisyon an (Raková, 2014).

Malgre kontribisyon enpòtan teyori jwèt la nan analiz desizyon rasyonèl, apwòch sa a prezante plizyè limit lè yo aplike l nan domèn tradiksyon. Limit sa yo parèt sitou lè yo konfwonte teyori a ak reyalye pratik tradiksyon an. Teyori jwèt la neglije faktè emosyonèl, sikolojik ak ideyolojik ki enflyanse dirèkteman pwosesis tradiksyon an. Li pa konsidere nonplis mank fòmasyon oswa nivo konpetans tradiktè a. Apwòch sa a adopte yon vizyon fòmèl ak ideyalize sou tradiksyon, san li pa konsidere kontrent ak difikilte ki makonnen ak reyalye pwofesyonèl la. Anplis, teyori jwèt la pa entegre dimansyon plezi ak kreyativite ki prezan nan aktivite tradiksyon an. Absans dimansyon sa a limite kapasite teyori a pou rann kont konplèksite eksperyans tradiktè a. Daprè Guidère (2010), menm si teyori jwèt la chèche idantifye yon fason sistematik pou jwenn pi bon solisyon pou tradiksyon an, li pi apwopriye pou restreng aplikasyon li nan tradiksyon pragmatik yo, tankou tèks enfòmatif, syantifik oswa teknik (Guidère, 2010).

Jan Levý pwopoze sa, tradiksyon an fonksyone kòm yon aktivite ki chita sou chwa ak objektif. Apwòch sa a pèmèt nou konprann tradiksyon kòm yon pwosesis rasyonèl ki oryante sou kominikasyon. Nan *Translation as a Decision Process* (Levý, 1967), sou plan teyolojik, Levý konsidere tradiksyon kòm yon pwosesis kominikasyon. Aksyon tradiksyon an vize transmèt konesans ki nan tèks orijinal la bay lektè ki pa pale lang sous la. Sou plan pratik, nan chak etap travay li, tradiktè a antre nan yon pwosesis desizyonèl kontinyèl. Aktivite tradiksyon an prezante kòm yon seri sitiyasyon ki suiv youn lòt, menm jan ak mouvman nan yon jwèt, kote chak sitiyasyon pouse tradiktè a chwazi ant plizyè opsyon posib dapre objektif kominikatif li fikse (Levý, 1967).

Nan apwòch desizyonèl la, tradiksyon se yon ak entèpretasyon ak kreyasyon an menm tan. Tradiktè a fè de (2) kalite chwa nan pwosesis tradiksyon an. Premyeman, li chwazi siyifye tèks sous la pami plizyè entèpretasyon posib. Dezyèmman, li chwazi fòm langaj nan lang sib la

ki pi byen esprime siyifye li te kenbe a. Pwosesis desizyonèl sa yo fòme yon sistèm semyotik ki entegre dimansyon semantik, sentaksik ak pragmatik tradiksyon an (Levý, 1967).

Lòt bagay ankò, teyori tradiksyon yo gen tandans vin nòmatif, nan enstui tradiktè yo sou kesyon pi bon tradiksyon ; men, travay reyèl tradiksyon an pragmatik ; tradiktè a deside an favè youn nan solisyon posib yo k ap fasilite li atenn maksimòm efè ak minimòm efò (Levý, 1967).

1.4. Even-Zohar, I. (1990). Teyori polisistèm. *Polysystem Studies. Poetics Today*. Nan Raková, Z. (2014). *Les théories de la traduction*. Pp. 105-108

Teyori Polisistèm nan analize literati kòm yon rezo dinamik ki nan entèraksyon ak lòt sistèm kiltirèl. Nan nivo sa a, tradiksyon jwe yon wòl estriktiran nan devlopman literè. Teyori Polisistèm nan konsidere literati kòm yon sistèm ouvè ki an kontak ak lòt sistèm kiltirèl tankou literati nasyonal, tradiksyon, ideyoloji, politik ak ekonomi. Tradiksyon pa limite ak yon senp ak lengwistik ; li jwe yon wòl fonksyonèl nan sistèm literè a. Daprè kontèks la, tradiksyon ka okipe yon pozisyon santral lè li enpoze nouvo modèl oswa inovasyon, oswa yon pozisyon periferik lè li rete nan imitasyon. Pozisyon sa a depann de sitiyasyon istorik ak kiltirèl peyi sib la ansanm ak bezwen literè ak sosyal epòk la. Teyori a montre tou tradiksyon ka swa aji kòm yon fòs renouvèlman, swa kòm yon zouti konsèvasyon nan kilti sib la.

Chèchè ki soti nan lekòl polisistèm ak lekòl deskriptif yo pataje plizyè pwen teyorik ki komen. Pèspektiv sa yo chita sou yon vizyon sistemik ak istorik sou tradiksyon. Daprè Raková (2014), chèchè lekòl sa yo konsidere literati kòm yon sistèm konplèks ak dinamik. Yo bay metòd deskriptif ak objektif yo priyorite, epi yo konsantre sitou sou tradiksyon literè, sa ki distenge yo ak teyorisyen alman teyori *Skopos* la. Yo oryante analiz yo sou tèks sib la epi yo adopte yon vizyon fonksyonèl ak sistemik sou tradiksyon. Yo etidye plas tradiksyon okipe nan

literati nasyonal yo, ansanm ak relasyon ki egziste ant literati diferan yo. Anplis, yo analize nòm ak limitasyon ki gide pwodiksyon ak resepsyon tradiksyon yo. Yo egzamine tou relasyon ki devlope ant tradiksyon ak lòt fòm pwodiksyon tèks. Finalman, yo rekonèt karaktè evolutif ak istorik tradiksyon an, epi yo konsidere enfliyans fòs sosyal, tankou pouvwa ak ideyoloji, sou tèks ki tradui yo. Apwòch sa yo pran rasin yo nan fòmalis ris ak estriktiralis tchèk la (Raková, 2014).

1.5. Teyori sosyolojik ak ideyolojik

1.5.1. Boulanger, J.-C. (2004). *Pèspektiv sosyolojik. La traductologie : approches et perspectives.*

Pèspektiv sosyolojik yo renouvle refleksyon sou tradiksyon lè yo mete aktè a ak kontèks sosyal la nan sant analiz la. Apwòch sa yo kraze vizyon tradiksyon kòm yon pratik totalman net ak teknik la. Pèspektiv sosyolojik yo louvri yon espas teyorik pou konsidere dimansyon sibjektif pwosesis tradiksyon an. Yo prezante tradiksyon kòm yon aktivite sosyal kote tradiktè a chèche pwoteje enterè senbolik, finansye oswa politik li. Enskripsyon tradiksyon an nan espas sosyal la poze kesyon sou wòl enstrimantal li ak estati domestik li, sitou lè diskou tradisyonèl yo kontinye valorize metafò tankou transparans, fidelite oswa trayizon. Sosyoloji tradiksyon an montre klèman nosyon lang net la pa chita sou okenn baz reyèl. Tradiksyon pa janm net, ni sou plan ekonomik echanj lengwistik yo, ni sou plan valorizasyon ideyolojik kèk lang parapò ak lòt . Pwosesis tradiksyon an vin pi konplèks toujou lè tradiktè a konsidere kesyon idantite a, menm jan sa rive nan lòt pratik ekriti yo (Boulanger, 2004)

1.5.2. Simon, S. (1996). *Pèspektiv feminis. Gender in Translation: Cultural Identity and the Politics of Transmission. Pp.1-35*

Teyori feminis tradiksyon an pote yon nouvo pèspektiv sou wòl tradiktè a ak pwosesis tradiksyon an. Li kraze vizyon tradisyonèl ki te limite tradiksyon kòm kopi fidèl tèks orijinal la. Apwòch sa a mete aksan sou viziblite, sibjektivite ak entèpretasyon kreyatif nan tradiksyon.

Teyori feminis tradiksyon devlope sitou nan lane 1980 yo nan Etazini ak Kanada, menm lè rasin yo remonte nan lane 1970 yo. Dat kle a se 1972, lè premye revyè kritik literè feminis, Aphra, te fonde. Tradisyonèlman, yo te konsidere tradiksyon kòm yon aktivite enpèsonèl, envizib, fidèl epi ekivalan. Gras ak teyori posmodèn sou langaj ak tèks yo, chèchè feminis yo kòmanse re-imaginer tradiksyon kòm yon aktivite vizib, deskriptif ak èmenetik pandan lane 1960 ak 1980. Apwòch sa a poze kesyon sou opozisyon tradisyonèl ant tèks orijinal la ak repwodiksyon li, epi li ankouraje refleksyon sou pouvwa ak entèpretasyon nan tradiksyon (Simon, 1996).

Nan epòk pòsmodèn nan, yo sispann wè tradiksyon kòm transfè tèks sèlman ; li vin tounen yon aktivite kreyatif ki rekonstui tèks la. Pèspektiv feminis tradiksyon an mete tradiktè a ak kreyasyon li nan sant pwosesis la. Nan peryòd sa a, tradiksyon transfòme an fòm ekriti ak pwodiksyon kreyatif, sitou dapre apwòch tradiktris ak teyorisyon feminis yo. Teyorisyon feminis yo sèvi ak dekonstriksyon pòs-estrikturalis la pou mete an kesyon opozisyon binè tradisyonèl yo epi montre tradiksyon kòm yon kreyasyon tèks. Yo itilize li tou pou dekonstui konsèp fondamantal nan kilti ekriti nou yo, tankou kanonizasyon yon sèl entèpretasyon, mit ak kèk kwayans ki anrasine nan sosyete a (Simon, 1996).

Teyori feminis tradiksyon an mete tradiktè a nan sant pwosesis kreyatif la, li bay li plis libète nan entèpretasyon tèks orijinal la. Apwòch sa a montre kijan tradiksyon ka vin yon zouti pou eksprime pèspektiv sosyal ak ideyolojik. Youn nan otè feminis yo, Louise Von Flotow, di Derrida te bay tradiktris yo dwa, e menm devwa pou abize tèks orijinal la. Se sa kèk tradiktris ki

fè pati teyori feminis yo fè, yo gen tandans fè sans parabòl yo vin klè, atravè konpansasyon, transfòmasyon, esplikasyon, chanjman nan lòd mo yo, newolojis, parantèz, mwayen tipografik, epi tou granmesi paratèks tankou pwològ, entwodiksyon, nòt anba paj. Flotow souliye pou di otè sa yo gen de pozisyon prensipal fas ak langaj : youn refòmis, lòt la radikal (Flotow, 1997).

Feminis nan tradiksyon chèche montre kijan lang ak estrikti tèks yo ka refilete oswa konbat opresyon. Diferans ant atitid refòmis ak radikal la montre divès fason tradiktè feminis yo entèvni nan langaj. Otè ki adopte pozisyon refòmis la vize fè prezans fanm yo plis vizib nan lang lan, retire koze sèks nan mo jenerik ki tradisyonèlman fè referans sèlman ak gason. Opoze a, otè ki pran atitid radikal la montre opresyon ak esklizyon fanm yo soti nan itilizasyon ak abi patriyakal nan langaj kolonize a. Pou feminis radikal yo, solisyon an se rejte sentaks estanda ak konvansyon literè ki kenbe estrikti pouvwa patriyakal la, epi kreye yon nouvo lang ak nouvo jan literè ki plis refilete reyalyte fanm yo. Daprè Irigaray (nan Simon, 1996), si nou kontinye pale menm lang lan, nou ap repwodi menm istwa a (Simon, 1996).

Feminis yo konsidere lang lan kòm yon espas ki te egzile fanm pandan lontan. Tradiktè feminis rekonstui lang lan pou mete prezans fanm yo ak tout pèsonalite yo, endividyalite yo ak kò yo. Otè feminis yo chanje langaj konvansyonèl nan jounal, manyèl estil, diksyonè ak materyèl ansèyman pou fè prezans fanm yo vizib. Yo itilize estrateji sa yo paske li difisil pou chanje gramè fondamantal la. Suzanne Jill Levine gen tandans ranfòse mit modèn sou viziblite tradiktè a epi debare fanm yo. Li vle louvri chemen pou fanm yo, mesye yo kondane jis kounye a. Konsekans negatif teknik sa a, (nan Raková, 2014) se paske eksè enviziblite tradiktris la voye jete byen lwen otè ki pratike enviziblite a epi kondane tèks yo pou pa esprime okenn lide sa yo (Raková, 2014).

Kòm egzanp, Susanne de Lotbinière-Harwood, kote entèvansyon teyorik yo pi radikal, li toujou pase pozisyon lòt otè feminis yo, li eseye jistifye rezon ki fè l entèvni nan tèks li tradui yo epi li chanje nan sa ki opoze ak ideyoloji epi ak politik feminis yo. Li defann dwa li genyen pou li manipile tèks yo nan sans li vle nan lide pou tradiksyon an fonksyone nan sitiyasyon konteksyèl li destine a. Pou li menm, tradiksyon se yon aktivite politik kote objektif li se bay fanm yo viziblite ak lavi nan lang lan ak nan lemonn (Raková, 2014)

Nan apwòch feminis la, tradiksyon ka reprezante trayizyon oswa sibvèsyon kont tèks orijinal la. Yon aspè pozitif nan pèspektiv sa a se valorizasyon metye tradiktè a kòm ko-otè zèv li tradui a. Tradiktè a li tèks la pa sèlman kòm zèv yon otè patikilye, men kòm yon mwayen pou esprime ide li genyen ladan l. Kòm rezilta, yo rekonèt dwa moral tradiktè a pou parèt nan tèks la, mete yon ti biyografi sou li bò kote otè a, sou kouvèti liv la oswa nan materyèl piblikasyon an. Pèspektiv feminis yo mete fen nan mit yon lang komen an oswa yon materyèl lengwistik net chak moun fè l tounen pwopriyete endividyèl li a. Yo souliye pou di, akòz eritaj konseptyèl ak lengwistik la ekate fanm yo epi konesans ki transmèt pou tout moun yo bay sistèm patriyakal la jarèt. Kòm konsekans, yo mete yerachi ak reprezantasyon tradiksyonèl yo an kesyon, tankou rapò domestik ekriti metafò seksis nan tradiksyon Lori Chamberlain te revele yo (Raková, 2014).

1.5.3. Boulanger, P.-P. (2004). *Pèspektiv pòskolonyalis*.

L'épistémologie cinétique de la traduction : catalyseur d'éthique. Pp. 57-66.

Nan tradiktoloji, pèspektiv pòskolonyalis la analize tradiksyon kòm yon aktivite ki toujou chaje ak rapò pouvwa, dominasyon ak rezistans. Li montre kijan tradiksyon mare ak istwa kolonyal ak relasyon sosyal yo.

Daprè Boulanger (2004), tradiksyon nan kontèks pòskolonyal la reprezante yon espas negosyasyon ant lang dominan, souvan eritaj kolonyal, ak lang minorite oswa lokal. Pèspektiv sa

a konsidere tradiksyon kòm zouti dominasyon, kontrè ak ideyoloji imanis ki te wè tradiksyon sèlman kòm mwayen kominikasyon ant pèp yo. Teyori pòskolonyalis yo reli epi re-entèprete tèks klasik yo pandan li konfwonte eritaj konseptyèl oksidantal la. Li poze kesyon sou chema reprezantasyon konvansyonèl ki te defini etranje kòm kontrè lòm sivilize a, epi li ankouraje valorizasyon espesifisite ak pliralite diferans lan. Teyori a efase yerachi tradisyonèl ant lang estanda ak varyant li, montre kijan lang yo antre nan entèraksyon ak melanj, espesyalman nan zòn kontak kolonyal yo. Literati pòskolonyal la esplwate potansyèl revolisyonè tradiksyon an pou kraze fwontyè ant lang yo, ant tèks orijinal ak kopi, epi ant sant ak periferi (Boulanger, 2004).

1.5.4. Berman, A. (1984). *Apwòch ideyolojik. L'épreuve de l'étranger:*

Culture et traduction dans l'Allemagne romantique.

Apwòch ideyolojik la te pran yon gwo elan anba enfliyans transfòmasyon kiltirèl la /*Cultural turn* nan domèn tradiktoloji, ki mete rapò pouvwa yo nan sant rechèch yo. Tradiktològ ki baze yo sou analiz tèks ki tradui dapre pèspektiv ideyolojik yo fè efò pou reponn kesyon sa yo : Èske tradiksyon fèt sou baz ideyoloji ? Ki kote diferans ant ideyoloji ak kilti nan yon tradiksyon chita ? Kòman nou kapab separe vizyon sou monn nan ak ideyoloji ki ka kontamine tradiksyon an ? Nan repons pou kesyon sa yo, gen kèk konsiderasyon konsènan lòt aspè ki pi varye ki parèt, pami yo nou jwenn kontwòl sere, enperyalis kiltirèl oswa kolonyalis ewopeyen (Berman, *L'épreuve de l'étranger: Culture et traduction dans l'Allemagne romantique*, 1984).

Antoine Berman fè diferans ant tradiksyon etnosantrik, ki pèmèt yo mete aksan sou nòm lang sib la, epi tradiksyon ipètèksyèl ki mete an valè lyen enplisit ki nan mitan tèks diferan kilti yo (Berman, *L'épreuve de l'étranger. Culture et traduction dans l'Allemagne romantique*, 1984). André Lefevere ekri : Lè konsiderasyon lengwistik yo rantre nan konfli ak konsiderasyon ki pou

wè ak ideyoloji yo oswa powetolojik yo, konsiderasyon sa yo gen tandans devye li (Lefevere, 2017).

Daprè Louis Kelly, li posib pou re-entèprete tout istwa tradiksyon an sou plan ideyolojik. Otè a pran kòm egzanp pasaj tradiksyon ki plis literal nan Mwayennaj la ki kòmanse vin nan mòd tradiksyon lib apati Renesans oswa akòz tradiksyon nan epòk womantik yo te womantize epi tradiksyon nan epòk kominis yo revize daprè prensip kominis la (Kelly, 1979).

1.6. Teyori tèminolojik

1.6.1. Apèsi istorik

Nan pwèn sa a, nou fè referans ak lane trant yo, lè Wüster te pwopoze teyori jeneral tèminoloji a. Felber defini teyori sa a kòm baz syantifik tèminoloji a, ki se aplikasyon prensip ak metòd tèminolojik yo, ki ta dwe fasilite òganis nasyonal ak entènasyonal yo livre yo nan yon travay inifye nan menm manyè e ki pi efikas (Felber, 1987).

1.6.2. Tèminoloji kòm disiplin

Tèminoloji ki makònen dirèkteman ak lang espesyalite epi ak kominikasyon, kapab gen finalite diferan, ki toujou gen rapò ak monn kominikasyon epi ak monn enfòmasyon an (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

1.6.3. Apwòch teyorik

Tout travay tèminoloji konsidere nosyon epi delimite yo avèk anpil rigè ; inyore deklinezon yo ak sentaks. Gen divès apwòch ki make syans tèminoloji a. Apwòch ki chita sou domèn yo konsidere tèminoloji kòm syans otonòm ak entèdisiplinè ki kontribye nan òganize epi transfere konesans. Apwòch filozofik la etabli yon yerachizasyon sistèm nosyon yo ak òganizasyon konesans yo. Apwòch lengwistik la aplike metòd lengwistik ak leksikografik nan

tèminoloji kote yo konsidere lang espesyalite yo kòm yon lang ki anndan lang komen an (Felber, 1987).

Apwòch sosyokoyitif la poze pwoblèm validite teyori jeneral tèminoloji a, epi li pwopoze pou tout travay tèminoloji konsidere tèm nan, ki se inite konpreyansyon olye li fè referans ak konsèp yo. Apwòch sa a konbine tou, demach semazyolojik yo ak onomazyolojik tèminoloji a. Apwòch sosyotèminolojik la se etid tèm yo apati entèraksyon sosyal yo nan lang espesyalite a (Gaudin, 2003).

Divès lekòl tèminoloji te rive devlope apati teyori jeneral tèminoloji a epi yo adopte li kòm baz fondamantal pou devlopman yo, pami lekòl sa yo nou jwenn lekòl Vyèn, lekòl Prag ak lekòl sovyetik, yo rekonèt yo kòm lekòl klasik nan tèminoloji.

Lekòl Vyèn nan ki se lekòl ki pi ansyen an, yo rekonèt li kòm *Vienna General Theory of Terminology* ki fonde sou teyori jeneral tèminoloji a, sa vle di, rechèch yo fè yo konsantre sou prensip ak metòd tèminolojik Wüster yo (Plested, 2004).

Lekòl Prag la devlope apati Lekòl lengwistik fonksyonèl Prag la, kote teyori yo, chita sou travay Saussure yo, souliye aspè fonksyonèl langaj la ki se baz solid pou yon teyori tèminoloji (Felber, 1987).

Lekòl sovyetik la fonde apre yo fin konnen sa ki ekri nan liv *Wüster Internationale Sprachnormung in der Technik* la. Yo konsidere pwofesè Caplygin, manm Akademi syans nan URSS la, ak tèminològ Lotte kòm kreyatè ak fondatè premye sant tèminoloji nan Inyon Sovyetik la. Nan peyi Larisi pòs-sovyetik jounen jodi a, yo aplike tèminoloji pou pwodiksyon dokimantasyon nòmatif pou kontèks militè, sa vle di, tradiksyon epi nan devlopman rechèch relasyon tèminolojik pou lang espesyalite yo. Skujina (2001) nan bò pa li analize valè konseptyèl anprey yo nan nivo itilizasyon yo (Plested, 2004), (Skujina, 2001).

Nan peyi frankofòn yo, an jeneral yo plis mete aksan sou apwòch lengwistik tèminoloji a. An Frans, se plis sektè endistriyèl ki pi enterese yo; ladan l nou jwenn divès asosiyasyon tèminoloji. Nan peyi Kanada, yo manifeste yon gwo enterè pou kesyon newolojis, pou tradiksyon tèks ofisyèl, ak tèminoloji espesyalize; nou jwenn baz tèminoloji enfòmatisè TERMIUM nan. Pou Kebèk li menm, yo devlope etid sosyolengwistik tèminoloji a (Plested, 2004).

Ansyen Repiblik federal nan peyi Almay te plis travay sou lang espesyalite pase sou tèminoloji nan li menm. Travay sa a plis gen yon oryantasyon filozofik epi ki lye ak rechèch sou klasifikasyon ak pwoblèm alafwa teyorik e aplike. Tèminoloji nan ansyen Repiblik demokratik alman an te rive akonpli yon travay ak bon jan rezilta granmesi divès inivèsite sou rechèch fondamantal aplike nan leksikoloji ak tèminoloji. Yon fason patikilye, Inivèsite Leipzig, anba direksyon pwofesè Hoffmann, se nwayo lang espesyalite yo ak ansèyman yo. Nan sans sa a tou, Enstiti Lengwistik nan Akademi Syans lan te travay soti nan leksikoloji rive nan elabore diksyonè ak glosè espesyalize monoleng ak miltileng (Plested, María Cecilia, ak al., 2000).

Aprè ranmasay jeneral sou apwòch ak lekòl tèminoloji nan kèk peyi yo, n ap gade kòman sistematizasyon enfòmasyon ak transfè konesans yo reyalize gras ak tèminoloji nan lang espesyalite yo.

1.6.4. *Rechèch tèminolojik*

Rechèch tèminolojik la ta mande yon analiz pwofon epi ki presi. Premyeman, li enpòtan pou nou etabli diferans ki genyen ant leksikoloji ak tèminoloji: premye a se etid mo yo anplwaye nan lang komen an ak siyifikasyon yo, sa vle di, yon etid semazyolojik, epi dezyèm nan, se etid nosyon yon domèn espesifik konesans espesyalize avèk yon fondman onomazyolojik nan kontèks espesyalize ak yon sistèm konseptyèl tout tèm yerachize yo konfigire (Plested, 2004).

Pwosesis rechèch ak analiz nan leksikoloji ak nan tèminoloji se de eleman diferan. Kòm egzanp, pou yon espesyalis an tradiktoloji, *tradiksyon* pa li a pa vle di menm bagay pou yon biyolojis kote nosyon an depann de espesyalizasyon domèn nan, se poutèt sa, kontèks la enpòtan anpil (Plested, María Cecilia, ak al., 2000).

Dezyèmman, fòk nou sonje, tèminoloji a konsidere plas chak konsèp nan domèn espesifik konesans ki mande tèminològ la revize kontèks la, nan lide pou l jwenn yon siyifikasyon ki pi kenbe/djanm. Yo dwe analize chak konsèp kòm pati yon sistèm konsèp, poutèt sa, nosyon an genyen de konsèp endepandan epi chak fè pati yon domèn espesyalize diferan. Se vre yo gen menm reprezantasyon grafik ak fonemik, men konsèp la ak fonksyon yo diferan.

Twazyèmman, tèminològ la dwe delimitè pwojè rechèch li a epi chwazi sou pwoblèm espesifik l ap mete travay tèminolojik li a chita a.

Kòm ilustrasyon, n ap prezante metodoloji Picht ak Draskau te pwopoze an 1985 lan :

1. Konsiderasyon jeneral ;
2. Delimitasyon chan/domèn travay la ;
3. Sibdivizyon domèn nan an inite ki pi piti ;
4. Konpilasyon ak evalyasyon dokimantasyon an ;
5. Depouyman ak premye òganizasyon konsèp yo, epi konpilasyon done tèminolojik yo ;
6. Elaborasyon sistèm konsèp la ;
7. Konstrikasyon sistematik tout done ki te konpile nan 4 ak 5 yo ;
8. Analiz tèminolojik ;
9. Elaborasyon tèminografik pou preparasyon piblikasyon oswa enklizyon nan yon bank done (Picht, 1985).

1.6.5. Kilès ki itilize travay tèminològ yo ?

Kòm tèminoloji kontribye nan lòt syans yo, travay tèminològ yo fèt pou anpil itilizatè k ap sèvi ak rezilta rechèch tèminolojik yo kòm eleman teyorik epi pratik nan demach yo.

Pwofàn yo, paske yo dwe kapab etabli kominikasyon ak ekspè ki pa fè pati domèn yo, men yo adrese yo ak yo pou transmèt oswa pou rive konnen yon enfòmasyon espesifik.

Yon fason espesyal, tout moun ki travay nan domèn espesyalite itilize langaj espesyalize, tankou pwofesè, etidyan ak espesyalis chak domèn espesyalize. Pwofesè lang espesyalite yo itilize li paske yo itilize tèks yo pou kominikasyon pou ansèyman yon langaj patikilye. Etidyan lang ak yon domèn espesifik, nan lide pou rive genyen konesans espesyalize ak itilizasyon lang lan nan kontèks yon fason apwopriye. Espesyalis tou, paske enfòmasyon pwogrese rapid epi dwe mache men nan men ak domèn yo, ki toujou akonpaye ak nouvo tèminoloji, epi ki dwe analize e reglemante yon fason apwopriye pou yon pi bon difizyon (Plested, María Cecilia, ak al., 2000).

Tradiktè ak entèprèt yo antanke medyatè kominikasyon, pou akizisyon ak transfè konesans ki lye ak enfòmasyon espesyalize ak òganizasyon konseptyèl chak syans oswa disiplin. Kidonk, kominikasyon bileng ki medyatize yo bay pi bon rezilta lè ekivalan yo reponn ak konsèp domèn nan, dapre chak pè lang. Redaktè pwofesyonèl yo ki dwe transmèt enfòmasyon gras ak yon tèminoloji ki pwòp ak piblik espesyalize a, elatriye. (Plested, 2004)

1.6.6. Kòman tèm yo rive kreye ?

Li enpòtan pou nou konnen yon tèm kapab senp tankou tradiktèm oswa konplèks, tankou inite tradiksyon, sikopedagoji. Rive kreye yon tèm, mande pou jwenn denominasyon yon konsèp ki te la deja. Tèminoloji suiv yon demach onomazyolojik, sa vle di, nou soti nan konsèp la pou rive nan tèm nan. Se konsèp la, nosyon an, ki se kolòn vètebral oswa nwayo etid tèminoloji a (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Leksikoloji enterese ak mo, tèminoloji li menm enterese ak tèm espesyalize. Tèminoloji nan kontèks sa a se yon sou-kategori nan leksikoloji. Men, domèn etid leksikoloji ak tèminoloji pa menm. Leksikoloji gen rapò ak mo lokitè yon lang itilize ki mache ak yon eleman nan reyalye lokitè a. Tèminoloji enterese ak tèm, inite yo anplwaye nan yon domèn espesyalize espesifik. Cabré (1998) siyale tou, kreyasyon tèm yo pa menm ak kreyasyon mo nan lang jeneral la, epi tou, tèminoloji pi souvan enterese ak estrikti frastik fiks yo (Stine, 2017).

Menm jan pou tradiksyon, yo pale de tradiktèm, se kon sa tou yo pale de tèm pou tèminoloji.

1.6.7. *Ki sa yon tèm ye ?*

Cabré presize tèm nan se inite nan fòm ak kontni pou sistèm yon lang detèmine (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Diferan disiplin ki itilize *tèm* gen pèspektiv diferan sou konseptyalizasyon tèm yo. Pou lengwistik, tèm yo se yon seri siy lengwistik nan sou-kategori leksik la. Tèm yo kapab fè pati konpetans lokitè yon lang genyen an komen oswa konpetans espesyalize pou yon gwoup lokitè nan yon domèn espesyalize. Pou filozofi, tèminoloji reprezante konsepsyon espesyalize epi yo itilize tèm yo kòm inite lokitè yo itilize pou pale de jan monn espesyalize a estriktire. Finalman, pou disiplin teknik ak syantifik yo, tèm yo se yon seri inite espresyon ak komunikasyon pou fasilite yo transfere konsepsyon syantifik (Stine, 2017).

Menm lè disiplin yo bay tèminoloji a yon sans diferan, sa yo gen an komen se konsepsyon yo sou tèminoloji a kote yo dakò tèminoloji a gen yon fonksyon epi yon li se yon disiplin ki fasilite yo transfere konsepsyon ak komunikasyon.

1.6.8. *Tèm espesyalize*

Yo itilize tèms espesyalize yo pou pale de konsèp ki pwòp ak disiplin yo ak aktivite espesyalite yo. Tèms espesyalize yo se tèms ki defini byen klè yon nosyon oswa yon konsèp nan domèn aktyèl ki gen yon definisyon presi. Tèms espesyalize yo se tèms pwofesyonèl ak espesyalis nan yon domèn presi itilize (Cabrè, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Daprè M. T. Cabrè (1998), tèms espesyalize yo gen yon fonksyon fondamantalman referansyèl ki genyen senk faktè prensipal ki fasilite nou distenge tèms espesyalize yo pami leksik komen yo :

- Fonksyon an ;
- Domèn nan ;
- Itilizatè yo ;
- Sitiyasyon komunikasyon yo ;
- Tip diskou yo (Cabrè, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Figi: Faktè pragmatik ki fasilite yo fè diferans ant leksik komen ak tèminoloji. (Cabrè, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998) Tablo nan anèks.

Sa ki enterese nou pou nou fè diferans ant tèms espesyalize ak tèms banalize, se itilizatè yo ak tip diskou yo sitou menm lè li esansyèl pou yo konsidere tout faktè yo nan yon tradiksyon.

1.6.9. Tèms banalize

Gras ak devlopman komunikasyon, tèks espesyalize yo ak tèminoloji a rive jwenn plis moun epi yo pi aksesib pou espesyalis yo, men tou, li disponib pou non-espesyalis yo tou, sitou sou entènèt, epi sa favorize entèraksyon ant leksik espesyalize a ak leksik jeneral la. Tèms yo ki te tèms espesyalize yon fwa pral vin banalize (Cabrè, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Tèm espesyalize ki te pou yon domèn espesifik rantre souvan nan kominikasyon chak jou nou etap pa etap, tèm yo vin pa gen trè espesifik ankò ki fè yo pa menm ak leksik komen an. Tèm sa yo vin fè pati lang jeneral la, epi tout moun konn siyifikasyon yo. Tankou kèk egzanp tèm banalize nou jwenn nan medsin: Maladi, sentom, siy, pasyan. Nan dwa: Pwosè ak jijman, kontravansyon, krim ak deli, elatriye. Nan yon pèspektiv pragmatik, mo ak tèm yo diferan dapre itilizatè yo, nan sitiyoasyon yo itilize yo a, dapre sijè y ap pale a, ak tip diskou a ak kote y ap itilize l la (Cabré, Terminology today, 1996).

Depi tèm banalize yo fin rantre nan lang jeneral la, yo suiv règ mòfolojik ak sentaksik lang jeneral la epi yo vin fè pati leksik komen lokitè lang sa a, sitou pou lang ki gen sistèm òtograf mòfofonolojik yo tankou franse ak anglè. Poutan pou lang kreyòl ayisyen pa gen twòp diferans òtografik vrèman.

Tèm sa yo rantre pwogresivman nan lang jeneral la epi yo vin banalize etap pa etap. Yon tèm espesifik kapab vin banalize oswa kòmanse banalize dapre frekans itilizasyon li ak parapò ak devlopman lang sa a sou plan edikatif, syantifik ak teknik. Siyifikasyon yo ka toujou monoreferansyèl, men tou yo kapab rantre nan lang espesyalize yon lòt domèn ki pa gen okenn rapò ak domèn espesyalizasyon inisyal la (Stine, 2017).

1.6.10. Tradiksyon espesyalize

Tèminoloji ak tradiksyon

Tèminoloji se machin pou transfere konsepsans (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Menm jan nou te wè sa pi wo a, tèminoloji gen de mòd itilizasyon: se yon enstriman kominikasyon ak yon objè travay. Pou tradiktè yo, ki se entèmedyè ant de tèks yo, de lang ak de kilti, tèminoloji se esansyèlman yon enstriman kominikasyon. Tèminoloji chita sou mo nan lang

lan, menm lè yon teyori tankou teyori entèpretatif la plis konsidere aspè sans ak efè fòm yo, li pa chita sou mo. Li enpòtan pou nou note, yon tèm jwenn yon korespondans nan lang lan anndan yon tèks ki tradui se gras ak ekivalans (Lederer, La traduction aujourd'hui. Le modèle interprétatif, 2006). Nou pa ka bliye tou, yon tèm teknik pa gen menm konpòtman nan leksik la ak yon mo ki nan lang komen an (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

N ap wè tèm teknik yo gen yon konpòtman diferan parapò ak mo ki nan lang komen an epi nan kontèks sa a, se teyori tèminoloji a ki dwe aplike kòm yon disiplin endispansab pou rive konprann epi transmèt yon tèks nan yon lang teknik. Lè se tèm n ap tradui, nou pale de tradiksyon pa mwayen korespondans (Stine, 2017).

1.6.11. Ki sa yon lang espesyalite ye ?

Lang espesyalite a se yon lang pou kont li oswa li fè pati lang komen an ? Plizyè ekspè avanse pou di lang espesyalite a se yon lang pou kont li ki pa gen anyen pou wè ak lang komen an. Poutan, pi fò lengwis ak tèminològ pa rive mete yo dakò ak ekspè yo, yo konfime pou di lang espesyalite a fè pati lang komen an. Lang komen an se tèm jenerik ki gen lang jeneral la, lang nou itilize nan vi chak jou a, epi ak lang espesyalite a. Fenomèn sa a reyèl si nou konpare yon tèks nan lang jeneral la ak yon tèks nan lang espesyalize a. Se menm lang lan, menm sistèm grafik la ki anplwaye, menm fonoloji, mòfoloji, menm gramè... sitou nan kontèks kreyòl ayisyen an.

1.6.11.1. Aspè lengwistik

Tèks espesyalize a jeneralman fèt ak yon seri estrikti mòfolojik konpoze ak fòm savan. Anplwa nominalizasyon apati kèk vèb fèt souvan epi fraz ki nan yon tèks espesyalize souvan kout, yo pa souvan itilize sibòdinasyon ak sentag konplèks. Leksik la se nivo ki pi enpòtan nan

tèks sa yo ak sig yo, yo itilize anpil senbòl ak anpren... (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Tèks ki nan lang espesyalize yo souvan redije nan yon fòm enpèsyonèl. Itilizasyon nou/yo se fòm pwonon ki plis domine, yon fòm modesti. Yo plis itilize vèb yo nan tan prezan epi se fòm ekri a ki pi enpòtan (Stine, 2017).

1.6.11.2. Aspè pragmatik

Lang espesyalite souvan gen rapò ak tèks ki trete sijè ki gen karaktè syantifik, teknik oswa pwofesyonèl, li pa la pou pale de sijè komen, jeneral, sou vi chak jou a (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998). Yo pa konsidere atik laprès yo kòm tèks espesyalite an konsekans. Itilizatè lang sa yo se espesyalis ki sèvi ak lang espesyalite a pou pale de yon sijè patikilye. Se p ap menm kominikasyon si se yon dyalòg ant de espesyalis oswa si se yon dyalòg ant yon espesyalis ak yon pwofèsan.

1.6.11.3. Aspè fonksyonèl

Fonksyon prensipal lang espesyalite a se kominikasyon epi transfè enfòmasyon sou yon sijè espesyalize. Echanj enfòmasyon yo fèt yon fason objektif epi depèsonalize yo jan sa kapab. Se rezon sa a ki fè nou prèske p ap wè esklamasyon, epi li enpòtan anpil pou gen presizyon ak konsizyon. Fonksyon primòdyal lang espesyalite a se fasilite echanj objektif nan enfòmasyon, presizyon epi san anbigite, nan mitan espesyalis ak pwofesyonèl yo (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998).

Se poutèt sa nou pa prèske jwenn esplicitasyon nan tèks espesyalite yo, piske se yon kominikasyon nan mitan de moun ki konnen sijè y ap pale de li a. Daprè Hoffman an 1979, lang espesyalite a se yon ansanm konplè ak fenomèn lengwistik ki fèt nan domèn presi nan

kominikasyon an ki limite ak yon seri sijè, entansyon ak kondisyon espesifik. (Cabré, La terminologie : théorie, méthode et applications, 1998)

1.6.12. Tradiksyon espesyalize

Kominikasyon espesyalize pa fèt san estil, li pa neglije totalman fonksyon powetik lang lan. Fòk nou konnen tèks la nan tout dimansyon li pou rive tradui li. Li prèske enposib pou tradui yon tèks espesyalize san nou pa konsidere kontèks li sou baz tèm yo itilize yo monoreferansyèl nan yon domèn patikilye, men yo kapab genyen yon siyifikasyon diferan nèt nan yon lòt domèn. (Stine, 2017)

Nosyon lang espesyalite a gen pou wè ak sou-kòd la ki se objè menm tradiksyon espesyalize a. Se yon leksik patikilye epi gen seri trè mòfosenstaksik ak tekstyèl sengilye ki karakterize kòd sa yo. Men, lang espesyalite yo pa yon sistèm fèmèn vrèman, men yo fè pati lang jeneral la kote se ti gwoup lokitè ki pi piti pase lokitè lang natirèl la itilize a (Scarpa, 2010).

Tout tèks fè pati yon jan ak yon domèn, epi degre espesyalite a pa menm ak yon tèks ak yon lòt. Poutan li enpòtan anpil pou konnen faktè sa yo anvan nou tradui, pou nou konnen destinatè tèks la paske yon tèks ki se kominikasyon nan mitan de espesyalis, ant yon espesyalis ak teknisyen, ant yon espesyalis ak yon moun ki pa espesyalis p ap kapab tradui menm fason. Yon tradiksyon dwe reponn ak bezwen epi ak difikilte itilizatè li, ak objektif moun ki mande pou tradui a epi ak moun ki pral itilize li a, li dwe reponn ak nòm epi ak konvansyon ki aplikab nan lang sib lan kit se nan fòm kit se nan nivo kontni.

Florence Herbulot gen rezon pou li mande, nan atik li ki se *Le traducteur technique et la Théorie interprétative de la Traduction* » (2005) an si tradiksyon teknik se sèlman kesyon diksyonè a ? Li reponn pou l di, wi, diksyonè yo itil. Wi, tèminoloji, presizyon tèm yo endispensab e yo dwe respektè yo. Men, sa yo konsidere tout sa nou dwe evite yo, ki gen pou wè

ak diferan aspè nan pratik pwofesyonèl nou. Tradiktè a kòm entèmedyè ant de domèn, wòl tradiktè a se transmèt tout bagay, yon mesaj konplè epi ki konpreyansib pou nouvo destinatè a menm jan sa ta ka ye pou destinatè orijin li. Dènye fraz la genyen tout sa ki konsène wòl yon tradiktè. Li dwe konprann yon tèks pou re-esprime mesaj la yon manyè konplè e konpreyansib nan lang matènèl li. Nan tradiksyon teknik yo espesyalman, li enpòtan anpil pou mesaj la klè epi konpreyansib. Men tou, èske sa vle di nou dwe toujou tradui yon tèms pa mwayen yon lòt tèms ? An reyalyte, repons lan se non li ye. (Stine, 2017)

Pafwa, menm jan F. Herbulot esplike sa yon fason imoristik nan atik li, espesyalis yo souvan itilize kèk mo ak tèms kote pa gen korespondans pou yo nan lang sib la, oswa yo konn pran plezi kreye nouvo tèms apati lòt tèms, yo fè yon jwèt mo ki souvan enposib nan lòt lang lan. Ki sa tradiktè dwe fè ? Tradiktè a ap itilize metòd devèbalizasyon an. Li mete aksan sou konseptyalizasyon an olye sou kesyon mo a, sa vle di reprezantasyon mantal sans ki ladan l lan. Depi li jwenn sans lan, li kapab tradui tèks la yon fason klè epi konpreyansib pou lektè tradiksyon an (Herbulot, 2005).

Yon senp transkodaj pou tèms yo, akòz yo pa konprann tèks la oswa tèms yo, ap rive bay yon tèks kote rezilta li pa satisfè pèsòn. Tradiktè a dwe bay lektè li a yon mesaj koyeran, kote li satisfè nan tout nivo, kit sou plan tèminolojik kit sou plan lengwistik. Yon bon tradiksyon teknik, fèt alafwa ak ekivalans epi ak korespondans, ou kapab li tèks la byen swa, men li gen tout tèms teknik ki pètinan yo tou (Herbulot, 2005).

An gwo, teyori tèminolojik la, jan Felber ak lekòl klasik yo devlope li, montre tèminoloji se yon disiplin fondamantal pou òganize, analize epi estandadize tèms yo nan tout domèn konesans, sitou lè lang lan ap bati resous teknik pwòp pa li. Daprè teyori sa a, tèms yo pa senp mo : se inite konsèp ki fonksyone nan yon sistèm kote yo dwe presi, klè, estabilize epi lye ak pratik

kominikatè ki nan domèn nan. Sa fè tradiktè yo pa ka travay ak entuisyon men yo dwe sèvi ak prensip analiz konsèp, metòd konstriksyon tèm, ak kritè fonksyonèl ki fasilite yo respekte sans teknik yo pandan yo adapte yo ak estrikti lang sib la. Nan kontèks kreyòl ayisyen an, teyori tèminolojik la pran plis valè paske li fasilite yo jere vid tèminolojik yo, òganize pwodiksyon tèm yo, epi soutni tradiksyon espesyalize a nan yon lang ki toujou ap konstui zouti syantifik li yo. Se kon sa teyori a bay yon baz solid pou devlopman glosè, nòm, memwa tradiksyon, e finalman pou pwofesyonelizasyon tradiksyon teknik an kreyòl ayisyen.

1.7.Teyori ki lye dirèkteman ak teyori ki gen lyen pasyèl ak sijè a

Kad teyorik chapit II a revele yon seri **teyori ki lye dirèkteman** ak sijè rechèch la paske yo sèvi kòm fondasyon refleksyon sou pratik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Teyori sa yo fasilite nou konprann kòman tradiktè yo transfere sans, kijan yo pran desizyon epi kijan yo jere defi estriktirèl ak semantik ki parèt nan moman tradiksyon an. Pami teyori sa yo ki antre an kontak dirèk ak objektif rechèch la, nou jwenn teyori lengwistik konparatif Vinay ak Darbelnet yo sou inite tradiksyon ak pwosede teknik yo ; teyori entèpretatif Seleskovitch ak Lederer ki esplike wòl konpreyansyon nan pwosesis tradiksyon an ; teyori skopos ak teyori aksyonèl ki mete fonksyon ak objektif tradiksyon an nan sant refleksyon an ; epi teyori tèminolojik Felber a ki enpòtan pou konprann kesyon kreyasyon tèm nan tradiksyon kreyòl ayisyen an. Ansanm teyori sa yo se fondman pou analize prensip tradiktè yo, defi lengwistik yo ak chwa metodolojik ki gide pratik yo, se eleman kle nan objektif rechèch la.

Nan menm chapit la tou, nou prezante yon seri teyori ki gen yon **lyen pasyèl ak sijè rechèch la** paske yo pa abòde tradiksyon dirèkteman an sou plan didaktik, men yo fasilite nou konprann kad ideyolojik, sosyolojik ak literè ki ka enfliyanse tradiksyon. Nan kategori sa a, nou jwenn teyori èmenetik Schleiermacher ak Steiner ki ouvri refleksyon sou rapò ant tradiktè, otè ak

lektè; teyori polisistèm Even-Zohar a ki ede nou konprann pozisyon kreyòl ayisyen an kòm sistèm literè defavorize ; pèspektiv sosyolojik Boulanger ak pèspektiv feminis oswa pòskolonyal la ki montre kijan pouvwa, ideyoloji ak idantite enfluyans pratik tradiksyon. Teyori sa yo pa vize dirèkteman analiz prensip oswa defi tradiktè kreyòl ayisyen, men yo elaji konpreyansyon an sou kesyon nòm, lejitimite, politik lengwistik ak valè kiltirèl tradiksyon an ki gen yon enpak endirèk sou didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen an. Kon sa, konbinezon teyori dirèk ak teyori endirèk yo bay yon kad solid ki soutni analiz nou sou pratik tradiksyon an kreyòl ayisyen an ak nesesite pou konstui yon didaktik ki konfòm ak reyalyte lengwistik ak sosyal lang lan.

2. Kad konseptyèl

Kad konseptyèl rechèch sa a tabli baz entèlektyèl ki pral soutni analiz ak refleksyon nou sou pwoblèm tradiksyon an. Li ap defini konsèp fondamantal yo, mete yo an rapò ak sijè ak pwoblematik la. Nan sans sa a, seksyon an pa sèlman sèvi kòm yon rezime konsèp, men kòm yon estrikti analitik pou konstui yon lekti ki koyeran sou fenomèn nou ap etidye a. Se kon sa, kad konseptyèl la vin tounen yon pon ant revizyon literati a ak demach metodolojik la, pandan li pèmèt nou adopte yon konseptyalizasyon inifye ki nesesè pou soutni redaksyon ak validite syantifik tèt doktora nou.

2.1. Tradiktoloji

Holmes (1972) defini nan pwofondè domèn etid li, pou premye fwa, nan yon atik ki rele *The name and nature of translation* (Holmes, 1972).

Nan atik sa a, li fè diferans ant branch prensipal yo: syans tradiksyon teyorik ak syans tradiksyon aplike. Premye a gen pou objektif pou dekri fenomèn tradiksyon an, defini prensip li epi teyorize pratik tradiksyon an ; dezyèm lan gen objektif pou aplike prensip ak teyori pou

fòmasyon tradiktè yo, devlopman zouti asistans tradiksyon, menm rive kritike tradiksyon yo. (Munday, 2016). Chema nan anèks.

2.1.1. Tradiktoloji fondamantal

Daprè Holmes (1972), tradiktoloji fondamantal la baze sou rezilta tradiksyon deskriptif yo ak sou konesans lòt disiplin yo.

2.1.1.1. Tradiksyon teyori fondamantal

Domèn ki pi enteresan nan tradiksyon daprè Holmes se domèn pasyèl la ki divize an sis sou-domèn.

Nan premye sou-domèn nan ki se *medium restricted* /limite nan sipò a, tradiksyon an konsantre sou sipò li. Li divize daprè si yon tradiksyon otomatik oswa si se tradiksyon moun fè, ak lòt sibdivizyon, konsènan si se machin/òdinatè k ap travay la pou kont li nan kad tradiksyon otomatik oswa si yo itilize l tankou èd pou moun k ap tradui a, tradiksyon ak sipò òdinatè ; sou baz si nou annafè ak tradiksyon moun fè sou fòm ekri oswa sou fòm oral, oswa daprè si tradiksyon oral la oswa entèpretasyon an konsekitif oswa similtane.

Dezyèm sou-domèn nan se *area-restricted*/ limite nan yon domèn. Daprè Holmes se lang ak kilti ki delimite domèn sa a. Nan domèn sa a, nou jwenn nan teyori tradiksyon an, teyori lengwistik konparatif oswa estilistik konparatif, sof li pa vize akizisyon lang. Holmes siyale pou di : limit nan nivo lang yo gen yon lyen sere-sere ak travay lengwistik kontrastif yo ak estilistik (Holmes, 1972).

Twazyèm sou-domèn nan ki se *rank restricted* /limite nan nivo a, konsantre sou nivo tèks tradiksyon an. Kon sa, teyori tradiksyon yo kapab aplike nan nivo mo, gwoup mo, fraz, tèks oswa diskou. Pi fò travay la, daprè Holmes, fèt nan nivo mo oswa gwoup mo yo. Nan epòk

Holmes t ap ekri a, te gentan gen yon tandans ki te deja la nan lengwistik tekstyèl, sa vle di analiz nan nivo tèks ki vin popilè depi lè sa a (Holmes, 1972).

Katriyèm sou-domèn nan se *text-type or discourse type restricted* / limite nan tip tèks ak diskou ki regwoupe travay nan nivo tèks oswa diskou yon fason global, ki konsantre li sèlman sou yon aspè, jan tèks yo, tankou tèks literè oswa tèks bibliyè yo (Holmes, 1972). Apwòch ki chita sou tip tèks yo te vin pran elan granmesi travay Reiss ak Vermeer, pa egzanp, nan ane 1970 yo (Holmes, 1972).

Senkyèm sou-domèn nan se *time-restricted*/limite nan tan an, ki gen pou wè swa ak epòk kounya a, swa epòk ki pi ansyen yo. Li konsène teyori ak tradiksyon ki rezève pou yon peryòd ak kèk kad tanporèl espesifik. Listwa tradiksyon rantre nan kategori sa a.

Anfen, sou-domèn rechèch *problem-restricted* la/ limite nan nivo pwoblèm ki etann li sou tout tradiksyon teyorik la. Li trete pwoblèm degre ekivalans yo nan mitan de tradiksyon, oswa pwoblèm ki gen pou wè ak metafò ak idyòm ki nan lang yo (Holmes, 1972).

2.1.1.2. Tradiksyon deskriptif fondamantal

Holmes (1972) divize tradiktoloji deskriptif fondamantal la an twa sou-domèn, li rele yo *product-oriented*/konsantre sou pwodui, *process-oriented* /konsantre sou pwosesis ak *function oriented*/konsantre sou fonksyon. Li esplike sibdivizyon sa yo kon sa:

Premye sou-domèn tradiksyon deskriptif la, tradiksyon ki chita pwodui a, etidye tradiksyon ki gentan fèt, kit se tradiksyon endividyèl oswa deskripsyon nan nivo tekstyèl tradiksyon yo, piske chan etid la etann li nan konparezon diferan tradiksyon pou yon menm tèks (Holmes, 1972).

Dezyèm sou-domèn tradiksyon deskriptif la, sa ki chita sou pwosesis tradiksyon an, konsantre li sou aktivite tradiksyon an ak tradiksyon an menm, sa vle di sou tradiktè a lè l ap

tradui, sou sa k ap pase nan tèt li nan moman transfè kontni yo soti nan yon lang pou rive nan yon lòt, sa vin tounen etid tradiksyon koyitif. Sou-domèn sa a pwòch sikolengwistik ak syans koyitif (Holmes, 1972).

Twazyèm sou-domèn tradiksyon deskriptif la, sa ki konsantre li sou fonksyon tèks la, pa trete tèks la nan li menm, men tèks la dapre kontèks li, sa vle di enfliyan diskou a genyen nan sitiyasyon sosyal, kiltirèl ak tanporèl kote tradiksyon an ap fèt la. Holmes souliye pou li di: sou-domèn sa a pwòch sosyoloji. Se nan sou-domèn sa a, nou kapab klase teyori fonksyonalis yo tankou teyori *skopos* la (Holmes, 1972).

2.1.2. Tradiksyon aplike

Holmes (1972) esplike sou-klasifikasyon tradiktoloji aplike a kon sa : ansèyman tradiksyon ki gen de objektif. Premye a gen pou wè ak akizisyon yon lang. Nan ka sa a, yo itilize tradiksyon kòm metòd ansèyman, dirèkteman pou verifye sa aprenan yo kenbe. Dezyèm objektif la konsène tradiktè pwofesyonèl. Nan èd pou tradiksyon an nou jwenn èd leksikolojik ak tèminolojik ansanm ak èd gramatikal kote tradiktè pwofesyonèl ak jèn tradiktè yo ap gen bezwen yo (Holmes, 1972).

Pou sa ki konsène sou-domèn kritik tradiksyon yo, Holmes souliye pou li di: kritik yo ap toujou sibjektif. Yon bò li panse yon rapwòchman ak chèchè nan tradiksyon yo kapab redui dimansyon sibjektivite evalyasyon an (Holmes, 1972).

Pou Holmes (1972), dapre Larose (1989), de branch sa yo kenbe yon relasyon dyalektik epi yo pa dwe, nan okenn ka, wè yo yon fason esklizif oswa inidireksyonèl. Vrèman vre, etid tradiksyon teyorik yo baze sou aplikasyon pratik, ak etid tradiksyon aplike pèmèt nou anrichi refleksyon teyorik. Holmes pa defini yon objè etid inik nan syans tradiksyon. Li konsidere etid la nan pwodui a, tèks tradui a menm jan ak sa ki nan pwosesis la, pwogrè tradiksyon an. Dapre li,

etid tradiksyon yo ka jeneral, sa vle di li kouvri tout disiplin lan, oswa restriktif nan sèten domèn, kalite tèks, pwoblèm espesifik oswa peryòd istorik. (Larose, 1989)

2.2. Tradiksyon

Parapò ak divès aksepsyon tradiksyon nan literati disiplin sa a, anpil teyorisyen ak pratikan tradiksyon pa toujou mete yo dakò sou yon definisyon egzakt pou tèm tradiksyon an. Sa ki fèt pi souvan se yon deskripsyon olye yon definisyon estrik, sa ki montre kompleksite operasyon sa a.

Nan kad definisyon diksyonè *Le Petit Robert* bay pou *tradui*, nou rive jwenn mo tradui a soti nan mo laten *traducere* an 1480, ki vle di *fè pase*. Yo defini li tou an 1520 kòm « mete sa ki te di nan yon lang natirèl nan yon lòt lang, pandan y ap chèche kenbe menm sans ak menm espresyon an nan tou de enonse yo. » Diksyonè *Littré* mete aksan tou sou sans etimolojik laten an: kondi ale pi lwen, *fè pase*, travèse. Nan diksyonè sa a, tradui vle di *fè yon liv pase nan yon lang rive nan yon lòt lang*. Yo kòmanse sèvi ak mo sa a kon sa nan lane 1527 yo (Durdureanu) .

Definisyon an senp, men istwa mo sa a ak mo ki gen menm rasin ak li yo rann fenomèn nan konplike menm lè se yon definisyon ki pa chita sou detay.

An 1695, nou vin jwenn mo retradui ki vle di nan kòmansman: tradui yon tèks ki deja tradui. Men mo retradiksyon ki parèt nan 20yèm syèk la pa limite ak sans sa a, li vle di *fè yon nouvo tradiksyon sou travay yon otè*. Yo vin itilize konsèp sa a plis toujou nan teyori modèn sou tradiksyon yo, sitou pou zèv ansyen yo ak retradiksyon zèv sa yo. Gen lòt tèm tou ki pwòch kesyon tradiksyon an. Kòm egzanp: adjektif *entraduizib*, ki parèt an 1687, parèt anvan antonim li ki se *traduizib* an 1725, sa ki montre moun te deja reyalize pwoblèm ki gen nan tradiksyon (Durdureanu).

Nan finansman 18yèm syèk la, gen lòt tèms tankou entradiktib an 1771 ak tradiktib an 1790 ki parèt. Epi nan lane 1950 yo, yo kreye non tradiktiblité a. Mo tradiksyon, ki vle di, pasaj nan yon lòt lang, suiv vèb tradui a, epi nan lane 1783 yo, li pran sans figure ki se : espresyon oswa transpozisyon (Durdureanu).

Ladmiral an 1994 analize plizyè sans mo tradiksyon genyen: swa aksyon tradiksyon an, swa rezilta li. Nan sans laj, tradui vle di tou esprime, entèprete. Tradiksyon se toujou yon fòm entèpretasyon (Ladmiral J.-R. , Théorème de la traduction, 1994).

Nan lide pou jwenn koneksyon ki genyen ant entèpretasyon, tradiksyon ak lòt kilti oswa lòt lang, jounal *Athanor* nan Inivèsite Bari nan peyi Itali, te pibliye plizyè volim sou sijè sa a. Twazyèm piblikasyon an, ki soti an 2001 ak tit *Lo stesso altro*, mete aksan sou paradòks tradiksyon an ki se: tèks la dwe rete menm pandan l ap tounen yon lòt tèks, paske li òganize pa mwayen lòt espresyon ki soti nan yon lòt sistèm siy konplèks. Tèks tradui a se menm ak tèks orijinal la, men li diferan an menm tan. Nan sans sa a, tradiksyon se yon fòm diskou endirèk, yon diskou ki pale de diskou yon lòt moun.

Diskou endirèk sa a, sa vle di diskou tradiktè a ki kache dèyè pawòl otè a, pa tèlman klè, ou pa wè li. Okontrè, li efase tèt li. Objektif la, se fasilite moun ki ap pale nan diskou endirèk la pale kòm si li te pale dirèkteman. Nan sans sa a, tradiksyon sanble ak diskou dirèk, paske li efase tout tras ki nan diskou endirèk la. Lektè k ap li tradiksyon an kwè misyon tradiktè a se fè pawòl otè a pase, san entèpretasyon, se fasilite monn li an konekte ak monn lòt moun yo, pandan tradiktè a ap ajè nan transparans (Durdureanu).

Petrilli ak Ponzio (2006) ajoute nan sans sa a, tradiksyon parèt tankou yon fòm dramatisasyon. Menm jan nan teyat, otè teyat la fè pèsonaj yo pale dirèkteman se kon sa li ye pou tradiksyon an, pawòl otè teyat la pa parèt dirèkteman. Nan tradiksyon, pawòl tradiktè a

kache, li pa vizib. Pawòl li yo vin tounen pawòl otè a. Tradiktè a vle efase tout siy ki fè li parèt kòm tradiktè. Se pa yon fòm pou twonpe moun, men pito yon fòm abnegasyon, anpati, kote li idantifye l totalman ak pawòl otè a jiskaske li efase tèt li (Petrilli, Susan, Ponzio, Augusto, 2006).

Yo fini pou li di : mas tradiktè a pote a se yon twonpri, jan sa di nan lang italyen an *traduttore, traditore*/Tradui se Trayi. Tradiktè a se yon *traditore*/trayizan sèlman paske yo mande l fidèl, yon travay ki enposib. Donk, tradiktè a vin tounen youn nan entèprèt pou tèks la (Petrilli, Susan, Ponzio, Augusto, 2006).

Rive jwenn yon definisyon kòrèk pou tradiksyon pa sanble fasil. Daprè Umberto Eco, ki vle eseye konprann kòman, pandan li konnen nou p ap janm di egzakteman menm bagay la, nou ka di prèske menm bagay la. Tradiksyon se di prèske menm bagay la nan yon lòt lang (Eco, 2007). Men tout kesyon an repoze sou mo *prèske* sa a, ki pa gen yon limit klè, paske li depann de pèspektiv chak moun. Epi limit mo *prèske* sa a dwe negosye davans. Kidonk, tradiksyon ta dwe yon negosyasyon ant de mesaj ki enplike nan pwosesis tradiksyon an (Durdureau).

Nan sans sa a Gérard Genette an 1982 gen rezon konpare tradiksyon ak yon maniskri ki efase, sa vle di premye tèks la efase pou ekri yon lòt sou li, men premye mesaj la toujou vizib anndan dezyèm lan. Genette mete tradiksyon nan mitan pratik literè dezyèm degre, kote ou soti nan yon tèks A ki rele ipotèks rive nan yon tèks B ki rele ipètèks atravè yon seri operasyon transfòmasyon (Genette, 1982).

Pou Nelson Goodman an 1992, tèks ki tradui a se yon lòt tèks nan li menm (Goodman, 1992), men pou Genette, se plis transpozisyon tèks orijinal la nan yon lòt lang, pandan yo konsidere pratik kiltirèl la (Genette, 1982).

Yon lòt gwo chèchè nan domèn tradiksyon, ki se Georges Mounin, avanse pou di tradiksyon se rive pwodui nan lang sib la, sa ki pi pwòch ekivalans natirèl mesaj ki soti nan lang

sous la, premyeman nan siyifikasyon, answit nan kesyon estil (Mounin, 1963). Pou Mounin, sans lan se sa ki pi enpòtan an; fòm lan, estil la, espresyon yo vini apre.

Ladmiral, li menm, defini tradiksyon kòm yon aktivite inivèsèl limanite bezwen tout tan epi toupatou sou latè, san li pa nesesè pou moun li tèks orijinal la (Ladmiral J.-R. , Théorème pour la traduction, 1979). Kon sa, tradiksyon parèt kòm yon fòm kominikasyon, yon kominikasyon moun bezwen nan lavi chak jou ak nan echanj ant kilti yo. Kidonk, tradiksyon se yon mwayen pou w gen aksè a enfòmasyon ki nan yon lòt lang. Men, tradiksyon ka fèt nan menm lang lan, chak fwa ou esplike, rezime oswa parafraze yon bagay (Jakobson, On linguistic Aspects of translation, 1959).

Tradiksyon mete aksan sou aspè ki pa anbigi, ki klè kou klèwòz. Li fè separasyon ant mesaj ki ka vin inivèsèl ak lang lan ki se yon reyalite sosyokiltirèl ki esprime mesaj la. Se sa ki fè tout diskisyon teyori sou tradiksyon depann de kesyon sa yo: èske operasyon tradiksyon an ap fèt nan nivo lang lan oswa nan nivo langaj la ? Si nou konsidere distenksyon *Ferdinand de Saussure* fè ant langaj, lang, ak pawòl oswa distenksyon Noam Chomsky fè ant konpetans ak pèfòmans, reyalite tradiksyon mande yon apwòch ki gen twa branch: langaj, lang ak pawòl (Durdureanu).

Tradiksyon twouve l ant mesaj la ak lang lan, epi li eseye rann divèsite lang yo pi konpreyansif. Tradiksyon chita sou mesaj, li pa chita sou lang, donk operasyon an fèt nan nivo pawòl Saussure la, sa vle di li fèt sou plan endividyèl, paske ou pa tradui lang, ou tradui pawòl (Durdureanu).

Lè nou eseye defini tradiksyon, nou souvan pale de yon rekreyasyon, tandiske tradiktè a vin tounen yon ko-otè oswa yon reyekriven, ki fè fas ak menm difikilte ak otè orijinal la. Nosyon kilti ak echanj kiltirèl yo parèt plis toujou nan diskou teyori sou tradiksyon, sitou lè se tradiksyon

literè. Konsèp kilti a te vin pi prezan nan dènye deseni yo pase jan li te ye avan, espesyalman nan diskisyon sou tradiksyon literè.

Nosyon sa a fè referans ak koutim sosyal ak kiltirèl, men li gen pou wè ak nòm estilistik, atistik ak literè yon kominote oswa yon epòk istorik. Gen kèk chèchè ki te analize tradiksyon sou baz adaptasyon li nan kilti sib la. Pami yo gen Gideon Toury, ki pale de fo-tradiksyon oswa adaptasyon fim, kote akseptabilite kiltirèl jwe yon wòl fondamantal. Apre yon epòk kote yo te akize tradiktè yo kòm moun ki trayi kilti orijinal la, teyorisyen yo ap chèche jodi a kenbe yon ekilib ant kilti ki nan pwosesis tradiksyon an. (Durdureanu)

Pou Eco, tradiksyon pa sèlman yon pasaj ant de lang, men ant de kilti, oswa ant de ansiklopedi. Yon tradiktè pa sèlman konsidere règ lengwistik yo, men tou eleman kiltirèl yo, nan sans ki pi laj pase mo kilti a (Eco, 2007).

An 1998, Mildred Larson eseye mete yon ekilib nan kesyon fòm ak fon nan tradiksyon, epi li vini ak definisyon sa a:

Tradiksyon se transfere sans soti nan yon lang rive nan yon lòt lang. Sa rive fèt soti nan fòm premye lang lan ale nan fòm dezyèm lang lan pandan n ap prete atansyon ak estrikti semantik la. Se sans k ap transfere a ki dwe rete konstan. Se sèlman fòm nan k ap chanje. Nan fòm tradiksyon an soti a ap rele lang sous epi nan fòm tradiksyon an fèt la ap rele lang sib. Kidonk, tradiksyon se etidye leksik, estrikti gramè, sitiyasyon kominikasyon ak kontèks kiltirèl ki nan tèks lang sous la. Analize yo pou rive jwenn sans yo epi rekonstui menm sans lan pandan n ap itilize leksik ak estrikti gramè apwopriye nan lang sib la nan respè kontèks kiltirèl yo (Mildred, 1998).

Lè nou baze sou definisyon sa a, premye aktivite tradiktè yo dwe fè se transfere sans ki nan tèks sous la yon manyè konstan pandan l ap kontinye delivre li nan fòm apwopriye lang sib la pou sans mesaj la pa ni manke ni defòme.

Anplis sans ak estil, gen yon lòt bagay tradiktè yo ta dwe konsidere si yo vle kreye yon bon tradiksyon, se entansyon otè tèks sous la. Konsèp la soti nan Newmark an 1988 ki avanse pou di tradiksyon se rann siyifikasyon yon tèks nan yon lòt lang dapre entansyon otè a. Se poutèt sa, anvan tradiksyon yon tèks, tradiktè a dwe li tout tèks la pou konprann entansyon otè tèks sous la. Yon lòt fason nou kapab di, yon tradiktè se tankou yon pon pou konekte entansyon otè tèks sous la ak lektè yo nan tèks sib la (Newmark, 1988).

Nan kad definisyon sa yo, se definisyon Jakobson nan, Mildred ak Newmark la ki pi enterese nou. Kidonk se yo nou adopte pou tradiksyon.

2.3. Prensip tradiksyon

Yo konsidere tradiksyon tankou yon travay tèks ekri oswa yon mesaj sou fòm tèks. Sa a mande pou ranplase yon mesaj ekri san yo pa oblije transfere fòm ekivalan lang sous la soti nan lang sib la. Sa vle di tradiktè yo dwe konnen kritè pou yon bon tradiksyon nan lide pou asire lektè yo konprann li fasil.

Gen kèk kritè Massoud tabli pou sa, pou yon bon tradiksyon. Yon bon tradiksyon fasil pou konprann. Yon bon tradiksyon se yon tradiksyon idyomatik. Yon bon tradiksyon se yon tradiksyon ki koule swa. Yon bon tradiksyon transmèt, nan yon sèten mezi, sibtilite literè orijinal la. Yon bon tradiksyon fè distenksyon ant metafò ak sa ki literal. Yon bon tradiksyon rekonstui kontèks kiltirèl/istorik orijinal la. Yon bon tradiksyon mete aklè sa ki nan abrevyasyon ak sa ki fè referans ak pawòl, chante ak kontin. Yon bon tradiksyon retabli, nan nivo posib, siyifikasyon tèks orijinal la (Abdellah, 2022).

Yon lòt bò, dapre Savory (1981), tradiktè yo ta dwe konsidere sèten prensip ki ta ede yo fè yon bon tradiksyon:

- Yon tradiksyon dwe retabli mo orijinal la.
- Yon tradiksyon dwe transmèt lide orijinal la.
- Yo dwe li yon tradiksyon tankou yon travay orijinal.
- Yo li yon tradiksyon tankou yon tradiksyon.
- Yon tradiksyon dwe reflekte estil orijinal la.
- Yon tradiksyon gen estil tradiksyon.
- Yo dwe li yon tradiksyon tankou orijinal la te egziste nan tan kounye a.
- Yo dwe li yon tradiksyon tankou kontanporen tradiksyon an.
- Yon tradiksyon ka ajoute oswa retire eleman nan orijinal la.
- Yon tradiksyon ka pa janm ka ajoute oswa retire anyen nan orijinal la.
- Yon tradiksyon an vè dwe an vè.
- Yon tradiksyon an vè kapab fèt an pwoz (Savory, 1981).

2.4. Teknik tradiksyon

Genyen kèk dezakò nan mitan espesyalis ki nan tradiksyon yo sou sa ki gen rapò ak teknik tradiksyon; dezakò sa yo pa sèlman nan nivo tèminoloji men nan nivo konseptyèl tou. Divèsite tèminolojik ak diferan manyè yo anplwaye tèm yo fè li difisil pou itilize tèm sa yo epi rive konprann yo.

Se menm konsèp la yo esprime ak diferan non, tankou Vinay ak Darbelnet (1958) te rele li kòm pwosedi teknik tradiksyon, epi Newmark (1988) te mansyone li kòm pwosedi tradiksyon. Akòz dezakò sa yo, Molina ak Albir (2002) te pibliye yon jounal ki te vize prezante definisyon ak klasifikasyon teknik tradiksyon yo te itilize nan etid tretman eleman kiltirèl nan tradiksyon

arab *A Hundred Years of Solitude* yo. Molina ak Albir defini teknik tradiksyon yo nan jounal yo kòm :

Yon fason pou transfere sans soti nan lang sous la ale nan lang sib la ki baze sou inite mikwo tankou mo, espresyon oswa pwopozisyon oswa nan fraz yo. Li defini teknik tradiksyon tou kòm pwosedi pou analize ak klasifye jan ekivalans tradiksyon fèt. Teknik tradiksyon yo fasilite moun yo dekri etap aktyèl tradiktè yo pran nan chak mikwo-inite tèks epi jwenn done klè sou opsyon metodolojik jeneral yo chwazi a (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

Teknik tradiksyon se yon pati nan estrateji tradiksyon ki dekri rezilta yo jwenn epi yo kapab itilize yo pou klasifye diferan kalite solisyon tradiksyon. Daprè Molina ak Albir gen 18 teknik tradiksyon : 1. Adaptasyon ; 2. Anplifikasyon oswa Adisyon ; 3. Anpren ; 4. Kalk ; 5. Konpansasyon ; 6. Deskripsyon ; 7. Kreyasyon diskou ; 8. Ekivalans ; 9. Jeneralizasyon ; 10. Anplifikasyon lengwistik ; 11. Konpresyon lengwistik ; 12. Tradiksyon literal ; 13. Modilasyon ; 14. Patikularizasyon ; 15. Rediksyon ; 16. Sibstitisyon ; 17. Transpozisyon ak 18. Varyasyon (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.1. Adaptasyon

Molina ak Albir (2002) defini teknik sa a tankou ranplasman eleman kiltirèl ki nan tèks sous la pa mwayen yon lòt ki nan kilti sib la. Menm jan pou Molina ak Albir, Vinay ak Darbelnet (1958) pale de teknik adaptasyon an tou, kote yo defini li tankou yon modifikasyon nan anviwònman kiltirèl la, epi yo itilize yon sitiyasyon ki diferan nan lang sous la nan lide pou esprime mesaj la (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002), (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Newmark (1988) rele teknik sa a ekivalan kiltirèl, se yon tradiksyon apwoksimatif kote yo tradui mo/espresyon nan yon lang sous pa mwayen yon lòt mo/espresyon kiltirèl nan yon lang sib (Newmark, 1988).

Gen kontradiksyon nan fason ekspè yo itilize tèm yo, men sa ki sèten yo tout mete aksan sou aspè kiltirèl la. Egzanp: *Halloween* ak Gede.

2.4.2. Anplifikasyon

Pa mwayen teknik sa a, tradiktè a bezwen entwodui detay ki pa fòmile nan lang sous la, tankou enfòmasyon, parafray esplikatif. Anplis, Delisle (2013) te rele teknik sa a Adisyon. Li te defini li kòm entwodiksyon eleman estilistik ki pa jistifye ak enfòmasyon ki pa nan tèks sous la a (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

Newmark an 1988 wè teknik sa a kòm parafray, ki se anplifikasyon oswa esplikasyon sou siyifikasyon yon segman tèks la (Newmark, 1988).

Menm lè gen diferans sou tèm nan, men teknik sa a mete aksan sou yon pwèn ki se ajoute plis detay sou enfòmasyon ki soti nan lang sous la nan lang sib la.

2.4.3. Anpren

Yo defini teknik sa a kòm yon mo oswa espresyon yo pran dirèkteman nan yon lòt lang. Yo kapab pran li san okenn chanjman. Vinay ak Darbelnet (1958) rele teknik sa a anpren tou, ki se yon mo yo pran dirèkteman nan yon lòt lang; epi Newmark rele li natiralizasyon, teknik sa a adapte mo lang sous la dabò nan pwononsyasyon nòmal la, answit mòfoloji nòmal nan tèks sib la (Molina, L. & Albir, Hurtado, 2002).

2.4.4. Kalk

Yo defini li kòm tradiksyon literal yon mo oswa yon espresyon etranje. Kalk la kapab leksikal oswa estriktirèl. Menm jan ak Vinay ak Darbelnet, yo te di yo ka itilize kalk pou yon mo

oswa yon espresyon etranje ki tradui epi ki rantr nan yon lòt lang. Anplis, Newmarks te rele li kòm tradiksyon dirèk, ki se tradiksyon literal pou kolokasyon koleksyon komen, non òganizasyon, eleman nan yon mo konpoze oswa espresyon pafwa. Pou teknik sa a, tout ekspè yo te dakò nan de pwèn sa yo: yo kapab tradui espresyon ak leksik motamo (Molina, L. & Albir, Hurtado, 2002). Egzanp: Va-et-vient: ale-vini

2.4.5. Konpansasyon

Teknik sa a itilize pou entwodui yon eleman enfòmasyon oswa efè estilistik ki nan lang sous la nan yon lòt pozisyon nan lang sib la akòz li pa ka reflete menm bagay ki te nan lang sous la. Vinay ak Darbelnet te defini teknik sa a kòm yon eleman enfòmasyon oswa efè estil nan lang sous la ki pa ka repwodui menm kote nan lang sib la, kote yo prezante li yon lòt kote nan lang sib la (Vinay, J., & Darbelnet, J.-P., 1958).

Daprè esplikasyon sa yo, nou kapab di chak ekspè te dakò teknik sa a enplike nan kesyon efè ak estil nan tradiksyon (Molina, L. & Albir, Hurtado, 2002).

2.4.6. Deskripsyon

Teknik sa a te itilize pou ranplase yon tèm oswa yon espresyon ak yon deskripsyon fòm oswa/ak fonksyon li. Nida an 1964 te rele teknik sa a nòt anba paj pou ajoute plis enfòmasyon sou kontèks istorik ak kiltirèl tèks la. Epi Newmark (1988) mansyone li kòm nòt, ki se mete enfòmasyon adisyonèl nan yon tradiksyon (Molina, L. & Albir, Hurtado, 2002).

Gen ti diferans sou tèm nan mitan ekspè yo, men tout ekspè konsantre nan dekri mo oswa espresyon an oswa fonksyon tèm nan. Pou egzanp nou kapab pran *bwa kale*.

2.4.7. Kreyasyon diskisif

Molina ak Albir (2002) defini li pou etabli yon ekivalans tanporè ki totalman enprevizib andeyò kontèks. Yo jwenn li souvan nan tradiksyon tit yon tèks. Menm jan ak Delisle, li defini li

kòm yon operasyon nan pwosesis koyitif nan tradiksyon kote yo etabli yon ekivalans ki pa leksikal ki mache sèlman nan yon kontèks byen detèmine.

Daprè esplikasyon an nou ka di chak ekspè te dakò teknik sa a souvan itilize nan tradiksyon tit fim / sinema / liv pou endike ekivalans ki ka valab sèlman nan kèk kontèks (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.8. *Ekivalans*

Daprè Molina ak Albir (2002), teknik sa a itilize pou yon tèm oswa espresyon yo rekonèt, kòm yon ekivalan nan lang sib la, pa mwayen diksyonè oswa daprè jeni lang yo ki gen yon natirèlman fije. Menm jan ak Vinay and Darbelnet, yo rele li ekivalans, se lè yo reprezante menm sitiyasyon an avèk yon espresyon konplètman diferan, tankou tradiksyon pwovèb oswa espresyon idyomatik (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.9. *Jeneralizasyon*

Pa mwayen teknik sa a, tradiktè a bezwen itilize yon tèm ki pi jeneral oswa net pandan y ap tradui soti nan lang sous la ale nan lang sib la. Vinay ak Darbelnet, defini li kòm tradiksyon yon tèm pa mwayen yon tèm ki pi jeneral (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.10. *Tradiksyon literal*

Li ka itilize lè tradiktè a tradui yon mo oswa yon espresyon mo pou mo. Menm jan ak Vinay ak Darbelnet, yo te defini li kòm tradiksyon mo pou mo nan kad yon fraz (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.11. *Modilasyon*

Daprè Molina ak Albir, teknik sa a chita sou chanjman pwennvi, konsantre sou kategori mantal an relasyon ak lang sous la; li kapab leksik oswa estriktirèl. Pou Newmark (1988),

modilasyon se yon chanjman nan sans ki rive akòz yon chanjman nan pèspektiv oswa pwennvi (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

Lè nou apiye sou esplikasyon yo, nou ka di chak ekspè te dakò teknik sa a konsantre sou tradiksyon ak chanje pwennvi san yo pa chanje sans enfòmasyon an. Egzanp: *C'est de ma faute* = se pa fot mwen./ Konstitisyon se papye; maryonèt se fè= *Law and Order: Loi ou la pagaille*.

2.4.12. Rediksyon

Rediksyon se redui kèk eleman nan lang sous la. Yo rele rediksyon yo tou eliminasyon. Teknik sa a opoze ak teknik anplifikasyon an. Daprè Ayora (1977), li rele omisyon, kote yo retire karakteristik ki pwòp ak tèks sous la (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.13. Transpozisyon

Molina ak Albir pale de transpozisyon se lè tradiksyon a chanje yon kategori gramatikal soti nan lang sous la ale nan lang sib la. Newmark an 1988 defini li kòm teknik tradiksyon ki mande pou ranplase yon klas mo ak yon lòt san yo pa chanje sans mesaj la. Anplis, Vinay ak Darbelnet an 1958 defini teknik sa a kòm envèsyon. Sa a se pou deplase yon mo oswa yon fraz nan yon lòt kote nan yon fraz oswa yon paragraf pou yon lekti natirèl nan lang sib la.

Pou teknik sa a yo tout ekspè rive mete yo dakò ak pwenn sa a ki se tradui epi chanje kategori gramatikal la san yo pa chanje sans mesaj la (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

Molina ak Albir rantre 5 lòt teknik ladan yo ankò, ki se :

2.4.14. Anplifikasyon lengwistik

Yo itilize teknik sa a pou ajoute eleman lengwistik. Yo souvan itilize l nan entèpretasyon konsekitif epi nan doublaj (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002). Egzanp : Mwen pa vle non: *je ne veux pas*.

2.4.15. Konpresyon lengwistik

Pou sentetize eleman lengwistik ki nan tèks sib la. Yo souvan itilize li nan entèpretasyon similtane ak nan soutitraj (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.16. Patikularizasyon

Itilizasyon yon tèms ki pi presi oswa ki pi konkrè. Li se opoze jeneralizasyon an (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.17. Sibstitisyon lengwistik oswa paralengwistik

Pou chanje eleman lengwistik an eleman paralengwistik tankou entonasyon, jès, oswa nan sans opoze. Yo souvan itilize teknik sa a nan entèpretasyon (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.4.18. Varyasyon

Pou chanje eleman lengwistik oswa paralengwistik tankou entonasyon ak jès ki afekte aspè varyasyon lengwistik la: chanjman nan ton tèks, estil, dyalèk sosyal, dyalèk jewografik.

Menm jan ak Molina ak Albir, Vinay ak Darbelnet prezante lòt teknik, ki klase an koup ki opoze ak teknik nou te mansyone pi wo a, ki se :

-Ekonomi.

Teknik sa a opoze ak anplifikasyon. Yo ka idantifye teknik sa a kòm pwosesis ranvèsè anplifikasyon an paske yo bay mwens detay nan tèks sib la pase sa yo bay nan tèks sous la.

Anplis, Nida an 1964 mansyone yon teknik ki klase kòm opoze adisyon an ki se :

-Sibstraksyon.

Nida bay lis sitiyoasyon kote tradiktè a ta dwe itilize teknik sa a, anplis lè lang sib la mande l: repetisyon pa nesèsè, referans espesifye, konjonksyon ak advèb.

Nou dwe remake, teknik sa yo ki mansyone pi wo a pa la pou twoubler tradiktè a men ede yo pandan y ap fè fas ak pwoblèm nan tradiksyon. Menm jan sa te mansyone pi wo a, tradiktè a

gen yon wòl enpòtan nan rann mesaj yo soti nan lang sous la rive nan lang sib la. Kapasite tradiktè a pou chwazi teknik tradiksyon kòrèk la se yon konpetans endispansab, konpetans sa a rele konpetans transfè, ki vle di li kapab devlope estrateji pou fè faskare ak pwoblèm ki soti nan diferans ki genyen nan mitan de lang yo. Sepandan, nivo difikilte ak kalite yon tèks toujou depann de konpetans tradiktè a (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

Daprè esplikasyon pi wo a, nou kapab di kapasite tradiktè a kapab rive amelyore kalite tradiksyon yo nan konbine bon jan teknik. Anplis, tradiktè yo ta dwe kapab bay kliyan ak itilizatè yo esplikasyon pwofesyonèl sou solisyon yo te chwazi yo. Sa konn rive souvan kliyan an, ki konnen lang sous la, kritike travay tradiktè a pou omisyon ak ensèsyon, chanje estrikti enfòmasyon an, chanje destinatè a nan ka diskou piblik, lè l sèvi avèk yon lòt metafò/foto nan ka piblisite, bay odyans yon lòt blag lè l ap tradui blag, elatriye. Yon tradiktè konsyan, ki resevwa yon fòmasyon teyorik adekwa, ka esplike chwa li yo (Molina, L. & Albir, Hurtardo, 2002).

2.5. Tipoloji tradiksyon

Pami fòmilasyon teyorik li yo, Jakobson te konsidere tradiksyon nan yon pèspektiv lengwistik. Nan youn nan tèks li yo ki te plis make tradiksyon, ki se *Linguistic Aspects of Translation*, li te eseye esplike kòman mekanis tradiksyon an ta fonksyone. Jacobson klase tradiksyon an twa tip posib: entralengwistik, entèlengwistik ak entèsemyotik.

Tradiksyon entralengwistik la, oswa refòmilasyon an defini kòm entèpretasyon siy vèbal atravè lòt siy ki nan menm lang lan (Jakobson, On linguistic Aspects of translation, 1959). Tip tradiksyon sa a gen ladan l diksyonè, refòmilasyon fraz, parafraz, adaptasyon varyasyonèl, elatriye.

Tradiksyon entèlengwistik, oswa tradiksyon nan sans ki pi popilè a, defini kòm yon entèpretasyon siy vèbal atravè siy lòt lang (Jakobson, On linguistic Aspects of translation, 1959). Nan kategori sa a, nou jwenn diksyonè bileng oswa triling tou.

Twazyèm tip la se tradiksyon entèsemiyotik, oswa transmisyon, ki se yon entèpretasyon siy vèbal atravè siy ki soti nan yon sistèm siy non vèbal. Nou jwenn fim ki tradui an liv, yon liv ki tradui an siy ikonik, yon jwèt videyo ki tradui an seri televizyon, ansanm ak anpil lòt posiblite oswa nan sans envès tou (Jakobson, On linguistic Aspects of translation, 1959), (Adriano, 2017).

2.6. Pedagoji tradiksyon

Se ladrès pou anseye tradiksyon pandan yo konsidere relasyon ki egziste ant pwofesè ak etidyan an. Yo pa itilize mo pedagoji a pou ansèyman timoun sèlman. Sans etimolojik li, *παιδαγωγία*: edikasyon pou timoun, vin elaji epi li anglobe fòmasyon granmoun ak metòd edikasyon, sa ki vin lakoz yo pale de yon seri espresyon tankou pedagoji inivèsité ak pedagoji odyovizyèl (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

Li enpòtan pou nou fè diferans ant pedagoji tradiksyon ak didaktik tradiksyon, menm lè yo souvan anplwaye de espresyon sa yo tankou sinonim. Nan sans egzat li, relasyon pedagoji ak didaktik se menm rapò ki egziste ant transmisyon ak komunikasyon an. Pedagoji tradiksyon an gen pou wè ak konpòtman anseyan an ak moun l ap anseye yo, jan li mennen bak li ak yo nan sal klas la. Li mete aksan sou fason ansèyman rive atenn etidyan yo, sou motivasyon yo. Li chita sou sijè yo tankou laj, antesedan aprenan yo, atant yo, fason pou travay ak otonomi; epi chèche reponn kesyon sa a, ki se: kòman ansèyman dwe fèt ? Prensip pedagogik yo pizoumwenn menm pou kèlkeswa matyè y ap anseye a, alòske prensip didaktik yo espesifik pou matyè an kesyon an (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

2.7. Entèpretasyon

Operasyon nan pwosesis tradiksyon an ki la pou bay siyifikasyon pètinan pou mo ak enonse ki nan tèks sous la kote tradiktè asosye yon seri konpleman koyitif ak emotif pou rive bay sans lan. Nou pa dwe bliye tou: tout mo, tout enonse ki nan yon tèks pa egzije menm efò entèpretasyon. Nan sans sa a, gen diferans degre nan entèpretasyon ant yon repò, yon rememorasyon ak yon kreyasyon diskisif (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

Entèpretasyon se aktivite ki etabli, yon fason similtane oswa konsekitif, nan kominikasyon oral oswa sou fòm jès ant de oswa plizyè entèlokitè ki pa pale menm lang. Yo pratike entèpretasyon pwofesyonèl sitou nan reyinyon oswa konferans entènasyonal, nan tribinal, nan okazyon misyon diplomatik ak komèsyal, nan rankont chèf Leta yo, oswa tou nan asanble palmanchè yo. Yo rive distenge plizyè mòd entèpretasyon: similtane, konsekitif, chichote. Menm jan an tou gen plizyè fòm entèpretasyon : kominotè, jestyèl, jidisyèl, konferans, eskòt oswa lyezon. Nan sans sa a yo konn itilize entèpretarya tou (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

2.8. Didaktik tradiksyon

Ansanm teyori, metòd ak teknik yo itilize nan ansèyman tradiksyon. Mo didaktik la soti nan grèk *διδασκτικός* ki vle di *la pou enstui/fèt pou enstui*. Yon manyèl tradiksyon oswa yon korije se enstriman fòmasyon ki fè pati didaktik tradiksyon. Didaktik tradiksyon an la pou transmèt konesans epi tabli règ pou anseye matyè a. Objè li se pwogram tradiksyon an, kontni kou yo, pwosesis aprantisaj ak mòd evalyasyon yo. Didaktik la ap chèche chemen k ap débouche sou konesans lan epi li tante reponn kesyon ki se: ki sa nou dwe anseye nan fòmasyon tradiktè yo ? Nou kapab di gen didaktik espesifik, tankou didaktik tradiksyon, didaktik lang, didaktik listwa... (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

2.9. Tradiksyon didaktik

Tradiksyon ki fèt kòm egzèsis nan objektif pou aprann lang etranje. Nan didaktik lang, yo fè egzèsis sa a nan lide pou anrichi vokabilè, rive konnen yon seri estrikti sentaksik ki nouvo epi rive verifye konpreyansyon ak sa yo rive konnen. Yo pratike tradiksyon didaktik soti nan lang etranje a ale nan lang dominan etidyan an. Lè sa a yo rele egzèsis sa a vèsyon. Lè yo fè l soti nan lang dominan an ale nan lang etranje a, yo rele li tèm. Nan sans sa a, estrateji tradiksyon yo plis itilize a se tradiksyon literal pou fraz yo oswa fragman tèks san prete atansyon ak kontèks yo, pafwa se fabrike yo fabrike yo pou yon analiz konparatif ant lang yo (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

2.10. Tèminoloji

Yo ansanm tèm ki fè pati yon domèn aktivite moun fè, yon gwoup moun oswa yon grenn moun. Se disiplin ki la pou etidye yon fason sistematik, inileng oswa multileng, denominasyon nosyon ki fè pati yon domèn aktivite moun dapre fonksyonman sosyal yo nan lide pou reponn ak bezwen espresyon moun yo itilize yo. Li fonde sou yon teyori ki pwòp ak li menm. Tèminoloji se yon aktivite ki la pou kolekte tèm, analize yo, mete yo sou sipò papye oswa enfòmatrik, pou jere baz done tèminolojik epi, dapre bezwen, pou kreye nouvo tèm. Nan tèminoloji, yo fè diferans ant rechèch ponktyèl ki chita sou yon tèm izole oswa yon ti gwoup tèm; epi rechèch tematik, ki chita sou ansanm tèm ki pwòp ak yon domèn (Delisle, La traduction raisonnée, 2013).

Finalman, kad konseptyèl chapit II a tabli fondasyon entelektyèl ki soutni tout rechèch la, paske li defini konsèp kle yo tankou tradiksyon, tradiktoloji, prensip ak teknik tradiksyon, tipoloji tèks, pedagoji tradiksyon, didaktik tradiksyon ak tèminoloji. Li montre fason konsèp sa yo antre an relasyon pou espliche fonksyonman tradiksyon an kreyòl ayisyen.

Kad sa a sèvi kòm yon zouti analiz ki fasilite nou òganize refleksyon nou sou pratik tradiktè yo, idantifye konpetans yo dwe genyen epi konprann relasyon ant transfè sans, nòm lengwistik, estrateji metodolojik ak evalyasyon kalite. Gras ak kad konseptyèl la, rechèch la vin genyen yon estrikti klè ki oryante fason nou analize prensip tradiktè yo, defi yo rankontre, epi nesesite pou konstui yon didaktik tradiksyon kreyòl ayisyen ki solid, adapte ak reyalitye lang lan ak bezwen fòmasyon tradiktè yo.

3. Kad istorik ak evolutif

Nou redije kad istorik ak evolutif la nan lide pou nou chita sou kèk gran epòk ki make tradiksyon nan monn nan. Menm lè anpil nan lide sa yo pa t chita sou tradiksyon kòm disiplin syantifik, yo fasilite anpil apwòch, teyori ak modèl egziste menm si sa pa toujou mansyone nan liv teyori yo. Se nan optik sa a, nou jije li enpòtan pou nou prezante kèk gran deba ansyen sou tradiksyon ki enfliyanse syans tradiksyon jounen jodi a. Nou twouve li enpòtan anpil pou nou prezante yon rezime sou lide sa yo pandan n ap tou pwofite prezante kèk lide sou lang kreyòl ayisyen an. Nan sans sa a, n ap rive kapab gen bon jan enfòmasyon sou relasyon ki genyen ant lide ansyen yo ak divès lide sou tradiksyon jodi a.

Tradiksyon se yon pratik lengwistik ak kiltirèl ki egziste depi plizyè milèn, li depase yon transfè mo pou mo pou l vin yon aktivite entèpretatif nan rekonstitisyon sans ak fonksyon yon tèks nan yon lòt lang. Nan tout sivilizasyon yo, kondisyon sosyal, politik ak zafè relijyon te toujou enfliyanse wòl tradiktè a (Munday, 2016).

Nan Antikite, premye fòm tradiksyon sistematik yo parèt nan Mezopotami, kote eskrib yo te pwodui tablèt bileng simeryen–akadyen pou administrasyon, komès ak fòmasyon, yon etap

enpòtan nan istwa tèmoloji (Rendburg, 2003). Nan Ejip tou, tradiktè-diplomat yo te jwe yon wòl santral, e yo souvan konsidere Trete Kadèch la kòm youn nan premye trete bileng ki rete konsève (Bryce, 2012).

Nan Lagrès ansyen, yo te sitou konsidere tradiksyon kòm yon adaptasyon kiltirèl. Tradiktè yo te plis chèche kenbe fonksyon ak sans global tèks yo pase pou yo respekte literalite mo yo, sitou nan domèn filozofi ak teyat (Venuti, 2004). Lespri sa a te enfliyanse Wòm ansyen an, kote Ciceron te rejte tradiksyon *verbum pro verbo* a pou yon apwòch *sensum de sensu*, ki privilejye entansyon orijinal la. Horace, kote pa li, te defann yon libète kreyatif nan tradiksyon powetik, yon pozisyon ki vin tounen fondasyon teyori oksidantal sou tradiksyon (Venuti, 2004).

Nan tradisyon jidayik la, tradiksyon te gen yon fonksyon relijye fondamantal. Tagoum yo (Targum), tradiksyon oswa entèpretasyon tèks sakre ebre yo sou fòm oral oswa ekri, ki fèt pou ede moun ki pa t konprann ebre a byen konprann Bib la, te fasilite kominote ki pa t metrize ebre yo jwenn aksè ak tèks sakre yo nan lang arameyen. Anplis, Septant la, tradui nan Aleksandri nan 3yèm syèk av. J.-K., reprezante premye gwo pwojè tradiksyon nan kesyon relijyon ki te vize pwopaje yon tèks sakre nan tout monnn nan, e li te jwe yon wòl pwogresif nan devlopman tradisyon relijye oksidantal yo (Chiesa, 2016).

3.1. Premye gran deba sou tradiksyon: tradiksyon nan lang laten

Pandan peryòd Mwayennaj ak Renesans la, tradiksyon te jwe yon wòl kle nan pwopagasyon relijyon an Ewòp. Tradiktè yo tradui sitou Labib ak lòt tèks relijye pou fè yo aksesib nan diferan lang. Premye tradiksyon nan lang woman yo konsantre sou tèks relijye ki te ekri an laten. Pa egzanp, yo tradui *La Cantilène de saint Eulalie* an 883 ak *Le Poème de saint Alexis* an 1050. Aktivite tradiksyon sa yo fasilite tradiktè yo elaji enfliyans relijyon an epi fasilite

piblik la gen aksè ak tèks sakre yo. Yo montre tou kijan tradiksyon te sèvi kòm yon zouti pou transmisyon pou kilti ak relijyon pandan Mwayennaj ak Renesans lan (Oseki-Dépré, 2011).

Saint-Jérôme (347–420) konsidere kòm patwon tradiktè jounen jodi a. Li te resevwa manda pou tradui Labib pou Legliz Women an, sitou nan men Pap Damase I, ki te mande li fè yon tradiksyon fidèl epi egzak pou tèks sakre yo kapab itilize nan tout Legliz la. Travay sa a te fè li vin otè *Vulgate* la, tradiksyon Labib nan lang laten ki rete referans jodi a. Li revize tradiksyon ki te egziste deja tankou *Itala ak Vetus Latina* pou Nouvo Testaman an, epi li tradui tout Ansyen Testaman an apati tèks orijinal nan lang arameyen ak ebre. Travay li te fè Labib vin plis aksesib pou Legliz Women an epi li te etabli yon modèl tradiksyon pou tout Ewòp la. Saint-Jérôme te fè fas ak kritik paske li te tradui kèk pasaj diferan parapò ak tradiksyon tradisyonèl yo. Tradiksyon li yo te gen yon dimansyon revolisyonè paske li te respekte sans literal tèks orijinal yo pandan li adapte yo nan nouvo lang lan. Pa egzanp, Saint Augustin, ki te metrize grèk men pa ki pa t pale ebre, te konteste tradiksyon li yo. Pou reponn kritik sa yo, Saint-Jérôme ekri *De optimo genere interpretandi* (« Sou pi bon kalite entèpretasyon ») e li voye l bay Pamak, yon senatè Women, pou esplike metòd li ak rezon ki dèyè chwa tradiksyon li yo. Travay Saint-Jérôme yo mete fondasyon pou tradiksyon tèks sakre nan tout Ewòp epi li montre kijan tradiktè a ka gen yon wòl aktif kòm entèprèt tèks la olye li sèlman imite ansyen tradiksyon yo. Li fè tradiksyon vin yon espas negosyasyon ant tèks orijinal la, tradiktè a ak kominote sib la (Ballard, 1992).

Saint Jérôme rezime esperyans li yo ak tradiksyon kon sa : Si m tradui mo pou mo, sa p ap gen okenn sans; si, nan kèk ka, mwen fè yon modifikasyon tou piti nan konstriksyon oswa nan estil la, mwen sèlman pran distans mwen ak devwa tradiktè a. Saint Jérôme fini pou li di, nou pa dwe tradui *verbum e verbo, sed sensum exprimere de sensu*, men se sans olye mo ki nan

tèks yo. Li pote modifikasyon nan tèks orijinal la kote ki mande klarifikasyon oswa kèk esplisasyon (Raková, 2014).

Saint Jérôme te youn nan pyonye ki pi enpòtan nan tradiksyon Bib la, sitou pou travay li sou *Vilgate* la. Li te mouri 30 septanm nan lane 420 nan vil Betleyèm kote li te pase dènye ane lavi li nan meditasyon, ekriti ak etid teyolojik (McKinnon, 2007).

Lanmò li te senp e natirèl, san vyolans, nan kontèks yon vi ki te dedye nèt pou Bondye, edikasyon relijye ak tradiksyon. Li rete yon senbòl nan istwa tradiksyon sakre, kòm tradiktè ki te kontribye nan fè Bib la aksesib nan lang laten pou legliz oksidantal la (Heinz, 2013).

3.2. Tradiksyon nan lang alman

Martin Luther (1483–1546) te itilize tradiksyon kòm zouti relijyon, ideyoloji, ak politik pandan Refòm Pwotestan an. Li te aplike menm prensip kritik ak fidèlite nan tradiksyon Labib li nan lang alman, ant 1521 ak 1534, pou fè tèks sakre yo plis aksesib pou pèp la epi pou sipòte mouvman relijye a. Tradiksyon sa yo te chanje fason moun li ak entèprete Labib an Ewòp.

Luther te kòmanse refòm nan lè li afiche 95 tèt sou pòt legliz *Chato Wittenberg* la, sa ki fè li atire kritik Legliz Katolik la. Aprè pwoklamasyon Edi Worms nan, Charles Quint entèdi moun suiv doktrin li, sa ki fè li vin yon kat-make. Pandan li te pran refij nan *chato Wartburg* an 1521, li tradui Nouvo Testaman an nan kèk mwa epi li kontinye tradiksyon Ansyen Testaman an jis nan lane 1534. Travay li pèmèt moun ki pale alman konprann Labib nan lang natif natal yo, bay refòm nan plis enpak, epi etabli yon modèl pou tradiksyon relijye ki entegre ideyoloji ak aksyon politik (Ballard, 1992).

Apati 1530, Martin Luther te ekri *Ein Sendbrief vom Dolmetschen*, yon lèt ouvè sou tradiksyon, kote li esprime prensip li pou respekte lang sib la pandan li adapte tèks la pou piblik

li. Lèt sa a montre kijan li te pran tradiksyon kòm yon aktivite kreyatif ki bezwen balans ant tèks sous la ak lang sib la.

Nan dokiman sa a, Luther prete anpil atansyon ak tèks sous la pou garanti tradiksyon an kòrèk, men li konsidere lang sib la kòm gid prensipal tradiktè a. Pou adapte tèks li yo ak piblik alman an, li fè kèk ti chanjman pou evite latinize alman an epi ekri yon fason natirèl ak idyomatik. Objektif li se kreye ekilib ant lang sous la ak lang sib la. Luther bay plis detay sou metòd li nan Epit sou ladrès pou tradui a ak entèsesyon sen yo an 1530. Li voye dokiman sa a bay Wenceslas Link, 12 septanm 1530, sou fòm yon lèt, epi li te pibliye li nan menm ane a. Lèt la reponn kesyon yon zanmi l sou tradiksyon Women 3:28 ak sou entèsesyon sen yo. Daprè Michel Ballard, lèt Luther yo pa trete lasyans, men sèvi kòm repons dirèk pou defann tradiksyon li yo, montre pozisyon li kòm refòmateur, epi jistifye chwa li yo (Ballard, 1992).

Martin Luther devlope prensip tradiksyon dinamik la pou mete lang sib la nan sant travay tradiktè a. Li konsidere lang sib la kòm gid prensipal tradiksyon an, e li ensiste sou respè fason moun pale lang sa a nan lavi chak jou, menm si sa mande pou ajoute kèk tèm ki pa parèt nan tèks sous la. Objektif li se fè tradiksyon an natirèl, idyomatik epi aksesib pou piblik la, olye li rete yon kopi literal tèks orijinal la.

Luther montre tradiktè yo dwe obsève moun nan lavi reyèl pou konprann lang sib la : yo dwe kesyone manman ak pitit nan kay yo, tandè konvèsasyon timoun nan lari yo, suiv komèsan nan mache yo, epi tandè moun k ap pale pou konprann fason alman pale tout bon. Metòd sa a fasilite tradiktè a pran desizyon entèpretatif ki adapte tèks la ak fason moun kominike nan lang sib la, olye li sèlman respekte estrikti lang sous la. Prensip sa a montre kijan tradiksyon ka vin yon aktivite kreyatif ak pragmatik, kote tradiktè a gen yon wòl aktif kòm entèprèt, e li itilize obsèvasyon sosyal pou asire tèks la adrese ak piblik li efektivman. Nan sans sa a, tradiksyon pa

sèlman transfere mo, men li transfere sans, kontèks ak nyans kiltirèl ant lang sous la ak lang sib la (Ballard, 1992).

Martin Luther te mouri nan vil natal li, *Eisleben*, jou ki te 18 fevriye a nan lane 1546. Sante li te deja febli akòz pwoblèm kadyak, rimatis ak enfeksyon respiratwa kwonik ki te afekte kapasite li pou kontinye travay pastoral ak entelektyèl li yo (Bainton, 1950).

Lanmò li te rive nan yon kontèks pèzib, san vyolans, nan laj 62 lane, e li te asepte sa kòm yon finalite natirèl aprè yon vi dedye nan refòm relijyon ak entelektyèl. Kò li te antere nan Legliz *Wittenberg* la, kote li te konsakre anpil nan travay li, tankou tradiksyon Bib la nan lang alman, ki te gen yon gwo enpak sou aksè piblik pou tèks sakre ak devlopman lengwistik nan peyi Almay (Oberman, 1989).

3.3. Tradiksyon nan lang franse

Anvan Renesans la, tradiksyon an franse te limite epi li pa t gen anpil viziblité nan literati oswa nan domèn syantifik. Tradiktè yo tradui sitou tèks ki gen pou wè ak relijyon ak administratif nan ansyen franse a, men latè te rete lang prensipal pou tradiksyon literè jis nan sèzyèm syèk la, epi pou tèks syantifik jis nan fen dizuyèm syèk la. Yo te konsidere tradiksyon an kòm yon zouti pou kominike konesans sèlman pou elit ki metrize latè, alòske majorite nan popilasyon an rete analfabèt nan lang natif natal yo. Chanjman sa a kòmanse an 1539 lè wa Lafrans lan adopte *Òdonans Villers-Cotterêts a*, ki fè franse vin lang ofisyèl pou dokiman leta, administrasyon ak literati savan, kote latè rete lang elit la. Pandan menm peryòd la, enprimri vin pi popilè, e pansè limanis yo pwofite apati òdonans wa a pou simaye konesans nan mitan pèp la. Yo tradui plis tèks nan lang vènakilè yo, sa ki fè tradiksyon yo vin plis aksesib epi ede tout moun konprann tèks yo, olye li rete sèlman nan men elit ki metrize latè. Travay sa a prepare tèren pou

tradiksyon modèn nan fransè ak pou difizyon literati ak konesans nan yon popilasyon pi laj (Guidère, 2010).

Nan lide pou yo te fè zèv antikite yo tounen jantimèt-jantimètrès, sa vle di pou te konsidere yo kòm zèv pa yo, te pouse gen anpil tradiksyon an Frans nan sèzyèm syèk la, souvan se anba lòd Leta sa te konn fèt. Pandan menm moman sa a tou, yo te tou pwofite devlope rechèch dokiman orijinal yo, etid sou lang ak refleksyon sou pwoblèm ak chwa tradiksyon yo. Konesans yo nan pwopriyete diferan lang yo genyen, tradiktè yo. Menm jan ak sila yo nan syèk anvan an, yo voye jete pratik mo pou mo a epi yo pratike yon tradiksyon ki pizoumwèn lib (Ballard, 1992).

Tradiktè fransè Renesans yo te pratike yon fòm etòfman ki prèske sistematik sou fòm koup sinonim. Pratik sa a, san okenn règ defini nan katòzyèm syèk la, vin jeneralize nan kenzyèm syèk la epi yo fè li fè pati retorik moman an, jiskaske yon retorisyen nan epòk la, Pierre Fabri, nan yon trete 1521, fè pratik sa a tounen yon règ epi montre kòman pou aplike tip anplifikasyon sa a. Se sa ki te vin fè olye yo di: *Jesuchrist nasquit de Marie* yo di : *Nostre sauveur et redempteur Jesus pour nostre salvation est né de la très sacrée et glorieuse Vierge Marie*. Anplifikasyon an fè pati pwosede yo rele *bèl estil la* epi tou pwosesis eklèsisman tèks la. Nan menm trete Pierre Fabri a, li mande pou itilize yon estil ki klè pou *savan* ak yon estil ki pi long epi klè pou *mwèn savan* yo (Ballard, 1992).

Jous nan lane 1530 yo monn latinis yo tankou Legliz, Inivèsite ak Majistrati, toujou kenbe pozisyon yo kont inovatè yo ki te gen wa ki t ap sipòte yo ak pil gwo chabrak ak boujwa ki te renmen li liv nan lang pa yo, sitou tradiksyon yo. Se an 1530 yo, tradiksyon vin pran pye tout bon vre an Frans. Pou premye piblikasyon yo, enprimè yo itilize dabò, pou ka gen plis rantrè, tradiksyon ki ansyen ki te deja fè non deja. Se kon sa nan fen kenzyèm syèk la, yo konstate gen yon bann tradiksyon, sitou sa ki te la depi katòzyèm syèk yo. Yo te kontinye ap fè

rezistans kont tradiksyon literal la. Mo *traduire* ak *traducteur* pa te ko egziste nan fen kenzyèm syèk la, yo te di *translate* oswa *met en français*. Se tradiksyon tèks literè ak tèks istorik yo ki fè ansanm teyori ki pi enpòtan yo egziste. Nan prefas yo, yo plis pale de kèk pwoblèm men nou pa jwenn fòmilasyon teyorik nan sans global. Se depi 1510 ak sitou sou rèy François I^e te gen yon bann kantite piblikasyon, epi pami yo te gen tradiksyon. Aprè 1529, lide ki fè konnen genyen règ pou tradui a epi tradiksyon se ladrès la vin parèt (Raková, 2014).

An 1540 yo, Étienne Dolet modifiye règ yo. Se te youn nan pi gwo teyorisyen epòk Renesans lan, se li ki te vin ak mo *traducteur* ak *traduction* an ki vin bay tradiktè ak tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an. Li ekri premye trete sou tradiksyon an : *La Manière de bien traduire d'une langue en l'autre*/ fason pou byen tradui soti nan yon lang rive nan yon lòt :

La manière de bien traduire d'une langue en autre mande pou genyen prensipalman senk bagay. Premyeman, konprann byen sans ak entansyon otè tèks orijinal la, pandan ou lib pou pote limyè sou pasaj ki pa klè yo. Dezyèmman, ou dwe bon nan lang sous la ak nan lang sib la. Twazyèmman, evite kesyon mo pou mo a. Katriyèmman, anplwaye espresyon komen yo itilize yo. Anfen, chwazi epi òganize yon fason apwopriye pou jwenn tonalite optimal la, sa vle di pou li refilete entegralman estil tèks orijinal la (Raková, 2014).

Prensip Dolet yo souliye jan li enpòtan pou tradiktè a konprann tèks sous la. Tradiktè a pa sèlman yon lengwis konpetan: tradiksyon an mande yon evalyasyon kiltirèl ak entuitif tèks sous la epi pou konsidere ki pozisyon tèks sa a pral jwe nan sistèm kote y ap resevwa li a (Raková, 2014).

Yo te fini ak lavi Étienne Dolet akòz otorite relijye yo te repwoche l fason li te tradui kèk tèks, sitou paske yo te panse li te ajoute yon fraz ki fè konprann *nanm pa egziste aprè lanmò*. Sa te sifi pou legliz katolik akize li kòm yon eretik. Apre plizyè arestasyon ak entèwogasyon, yo te

jije li koupab paske liv li yo te konsidere kòm kontrè ak lafwa katolik epi yon malè- pandje kont lafwa an jeneral. Nan jou ki te 3 dawout 1546, yo te kondane Étienne Dolet pou erezi (fo doktrin) epi yo te egzekite li an piblik nan Plas Mobè, Pari. Yo te pann li, epi yo te boule kadav li ansanm ak kèk nan liv li yo. Lanmò li te vin tounen yon senbòl lit entelektyèl kont kontwòl sere relijyon sou panse ak tradiksyon (Baldwin, 1908).

3.4. Tradiksyon nan lang anglè

Refleksyon Martin Luther te gen gwo enfluyans sou William Tyndale, ki te fè premye tradiksyon Labib nan lang anglè pandan peryòd Refòm Pwotestan an. Objektif Tyndale se fè tèks sakre yo aksesib pou piblik anglè a epi pou soutni mouvman relijyon an. An 1522, li kòmanse tradui Nouvo Testaman an nan lang anglè, lè li itilize tèks grèk ak nòt Érasme kòm sipò. Otorite relijye yo pa t aksepte travay li, kidonk li ale nan peyi Almay pou rankontre Luther epi pibliye tradiksyon li an 1525 nan vil Kolòy. Sa te premye tradiksyon Nouvo Testaman an nan lang anglè. An 1526, yo voye tradiksyon an nan peyi Angletè, men Legliz Katolik entèdi li paske li te fèt anba enfluyans pwotestan. Malgre opozisyon sa a, Tyndale kontinye tradui Labib nan lang anglè, epi depi 1530 li kòmanse pibliye Ansyen Testaman an. Nan 1535, otorite yo arete li nan vil Anvè, nan rejyon Flamann an Bèljik, yo pann li epi boule li an 1536. Travay li tabli fondasyon tradiksyon Labib nan lang anglè epi te gen gwo enpak sou mouvman relijye ak literati anglè a (Ballard, 1992).

3.5.Lang kreyòl ayisyen an sou plan literè ak tradiktolojik

3.5.1. Kontèks tradiksyon nan peyi d Ayiti

Nan yon demach deskriptif epi kritik ki gen pou wè tradiksyon ki fèt nan lang kreyòl ayisyen yo, Robert Berrouet, lengwis-tèminològ, ekri yon atik kote li fè yon bilan sou tradiksyon nan lang kreyòl ayisyen an. Li bay atik la tit *les grands chantiers de la traduction en créole*

haïtien. Nan kad etid sa a, pandan li suiv premye gran chantye tradiksyon nan peyi Ayiti yo, otè a eseye reponn plizyè kesyon nou pral wè pi ba yo, kote li te bay tèt li obligasyon pou idantifye epi analize kèk pwoblèm tradiksyon.

Berrouet-Oriol an 2015 poze pwoblèm sou mank fòmasyon ki gen pou wè ak enstitisyon nan tradiksyon jeneral oswa tradiksyon teknik ak tradiksyon syantifik nan lang kreyòl ayisyen an. Pou otè a esplike sa, li pran kèk egzanp, pami yo : Fakilte Lengwistik Aplike, Inivèsite Kiskeya...

Pou li te abòde kesyon an pi byen, li poze plizyè kesyon : Èske li posib pou rive enonse karakteristik mache tradiksyon ayisyen an ? Èske nou rive genyen pwofil jeneral tradiktè k ap travay yo sou yon baz pwofesyonèl ? Èske gen yon enstitisyon nan peyi d Ayiti k ap ofri fòmasyon espesyal pou tradiksyon ? Se kèk nan kesyon sa yo otè a te tante reponn. Daprè li, li pa fasil pou jwenn enfòmasyon klè sou tradiksyon sou plan istorik ak sa k ap pase nan moman an pou ta rive dekri prensip tradiksyon yo (Berrouët-Oriol, 2015).

Li avanse pou li di :

Nan peyi d Ayiti, aktivite tradiksyon an nan lang kreyòl, lang sib, sanble pa gen yon fòm espesyal pou sa fèt, pèsonn pa byen konnen jan sa fèt vrèman. Yon fason jeneral e jouk nan lane 1987, tradiksyon nan lang kreyòl la se yon pratik endividyèl moun aprann pou kont yo. Nan sa ki gen pou wè ak fòmasyon inivèsite oswa nan nivo siperyè, espesyalman nan inivèsite Kiskeya, li difisil pou apresye konesans yo dispanse yo menm jan li enposib pou konnen kantite etidyan ki diplome nan filyè sa yo epi fason yo rive rantre sou mache travay la nan chan tradiksyon pwofesyonèl la (Berrouët-Oriol, 2015).

Pou Fakilte Lengwistik Aplike, otè a pale de nofraj enstitisyonèl lè li konsidere kantite moun ki diplome yo pa anpil, epi tou pa gen yon vrè pwogram tradiksyon, tèminoloji, redaksyon

syantifik ak teknik bileng tout bon vre, ... Fakilte a pa fòme pwofesyonèl nan tradiksyon, nan tèminoloji oswa nan redaksyon teknik ak syantifik menm lè Ayiti bezwen sa anpil (Berrouët-Oriol, 2015).

Pou sa ki konsène mache tradiksyon nan peyi Ayiti, otè a kontinye pou li di : nan peyi d Ayiti yo tradui yon fason anpirik prensipalman soti nan lòt lang rive nan kreyòl, lang sib, epi tou se yon seri moun ki pa t gen okenn fòmasyon espesifik. Pa gen yon mache ki byen estriktire tou bon vre nan koze tradiksyon :

An gwo, tradiksyon nan lang kreyòl pandan ventyèm syèk la se te yon tradiksyon jeneralis epi se aprantisaj pèsònèl san prezans pwofesè, se sou labib yo plis travay nan kòmansman. Yo vin kòmanse ak tradiksyon syantifik yo an apre, ozalantou 1980 yo epi li kòmanse louvri kò li nan lòt ane ki vini yo gras ak ONG yo nan peyi d Ayiti, sa ki lakoz anpil demann tradiksyon epi kontribye nan fòmasyon yon mache pou lang sib yo, kreyòl ak fransè (Berrouët-Oriol, 2015).

Pou pwosede tradiksyon yo, otè a site Marie-Christine Hazaël-Massieux, nan etid li ki se *La traduction de la Bible en créole haïtien: problèmes linguistiques, littéraires et culturels*, ki pwopoze yon apwòch sou prensipal pwosede tradiksyon sou tèm sa yo: kreyolizasyon tèm fransè yo, transpozisyon ki fèt lè yo kreye yon tèm kreyòl pandan yo senpman entegre règ fonolojik yo, pafwa ki chita sou aspè ekri lang kreyòl la parapò ak fransè; kalk ki se transpozisyon chak grenn mo soti nan lokisyon yon lang ale nan yo lòt; perifraz espplikatif, ranplasman yon mo pa mwayen yon espresyon ki gen menm sans; adaptasyon ak nouvo kontèks (Berrouët-Oriol, 2015).

3.5.2. Dat enpòtan nan listwa lang ekri kreyòl ayisyen an

Nan yon atik ki disponib an liy Raphaël Confiant ekri ki rele *Les grandes dates de la langue créole*, li prezante yon latriye reyalizasyon ak dat ki make listwa ak devlopman lang

kreyòl ayisyen an soti 1754 pou rive nan lane 2014 yo . Nan kad yon travay tradiktoloji sou lang kreyòl ayisyen an, yon ansanm enfòmasyon kon sa enpòtan anpil pou nou, nan lide pou nou retrase listwa lang ekri a ansanm ak rapò entèsemeyotik la . Men kèk ansanm dat ki make listwa lang kreyòl ayisyen an. M ap atire atansyon nou pou m di no gen kèk dezakò nan dat yo toudepan de sous nou konsilte yo, men fè yo reyèl .

1754-1757 : Yon Blan kreyòl ki te soti Sendomeng, Ayiti jounen jodi a, ki rele Duvivier De La Mahautière, pibliye premye tèks literè an kreyòl: chante-pwezi ki gen tit li *Lisette quitté la plaine*. Se yon esklav Nwa, ki t ap koupe kann, k ap plenyen paske mennaj li kite l. An reyalyte, sa pa etone ditou si se Blan kreyòl ki te premye moun ki ekri an kreyòl. Gen de rezon pou sa: yo te patisipe nan devlopman lang lan epi tou lang lan se pou yo tou; san nou pa bliye Kòd Nwa a an 1685 ki te entèdi mèt yo aprann esklav li ak ekri.

1801 : Napoléon Bonaparte pibliye yon pakèt pwoklamasyon an kreyòl, espesyalman pou Sendomeng li t ap eseye reprann ak lide pou mete sistèm plantasyon epi retabli esklavaj. Nan Pwoklamasyon 8 novanm 1801 an, li mansyone moun ki siyen an : *Primié conseil* : Napoléon Bonaparte, li kòmanse kon sa : *Paris, 17 brimer, an 10 République francé, yonn et indivisib, Consils La République francé a tout zabitans Saint–Domingue : Qui ça vout tout yé, qui couleur vous yé, qui côté papa zot vini, nous pas regardé ça ; nous savé tant selman que zote tout libre, que zote toute égal doubant bon Dié é dans zieur la République... Capitaine Général Leclerc, que nous voyé pour commandé Saint–Domingue, li méné avec li tout plen navire, tout plen soldat, tout plen canon ; mais pas crèrè sila–yo qui va di zote que Blanc vlé faire vous esclave encore...*

1804 : Ane endepandans Ayiti, premye liv pwezi an kreyòl parèt nan Nouyòk. Liv la san non otè: *Ydilles ou essais de poésie créole par un colon de Saint-Domingue*. Li repibliye an 1811 nan Filadèlfi ak tit *un habitant d'Hayti* sou non yon lòt otè. Li dekri kreyòl kon sa : *La langue*

créole est une espèce de jargon que parlent généralement les Nègres, les Créols et la plupart des colons de nos isles d'Amérique. C'est un français corrompu... mais approprié à des organes plus doux...

1896 : Oswald Durand, yon Ayisyen, pibliye Choucounne nan rekèy li *Rires et pleurs*, premye pwezi kreyòl apre endepandans lan. Gen anpil pwèn komen ak *Lisette quitté la plaine* an 1754.

1901 : Georges Sylvain, yon Ayisyen, tradui fab *La Fontaine* yo an kreyòl ayisyen pou premye fwa: *Cric ? Crac ?*

1936 : Suzanne Sylvain-Comhaire, yon Ayisyèn, pibliye premye gramè kreyòl : *Le Créole haïtien : morphologie et syntaxe*, Slatkine re-edite li an 2012.

1937 : Jules Faine, Ayisyen, pibliye premye liv filoloji kreyòl: *Philologie créole : études historiques et étymologiques sur la langue créole d'Haïti*, Port-au-Prince.

1945 : Pastè ameriken McConnell ak Laubach tradui Bib la an kreyòl : Bib-la.

1945 ankò : Jules Faine pibliye premye diksyonè kreyòl ayisyen : *Dictionnaire français-créole*, Kebèk, Leméac.

1975 : Frankétienne pibliye premye woman an kreyòl ayisyen : Dézafi, edisyon Fardin.

1975 ankò : Emile Celestin-Megie pibliye dezyèm woman kreyòl : *Lanmoun pa genn baryè*, éd. Fardin.

1975 toujou : Nono Numa tradui *Le Cid*, Corneille an kreyòl: Jénéral Rodrig. *Piès téyat an 5 ak*, éd. Bon Nouvel.

1978 : Albert Valman, Ameriken, pibliye yon liv sou kreyòl Amerik yo, espesyalman kreyòl ayisyen : *Le Créole: structure, statut et origine*, Klincksieck.

Menm ane sa a, an 1975, Pierre Vernet, Ayisyen, pibliye sou òtograf kreyòl : *Techniques d'écriture du créole haïtien...*, Monreyal.

1975 toujou: Louis-Philippe Dalemberbert pibliye yon woman : *Epi oum jou kon sa tèt pastè Ba pati*, Ed. Près Nasyonal d Ayiti.

2014: Akademi Kreyòl Ayisyen fonde.

(Confiant, 2022)

3.5.3. Memwa ki ekri nan lang kreyòl ayisyen an dapre AKA

Edline Laurenceau : *Lang kreyòl ak mòd kominikasyon nan radyo Pòtoprens yo* : Ka emisyon nouwèl moun *Ti chérie koute*. Faculté des Sciences Humaines, UEH, 1998

Beaudelaine Pierre : *Kominikasyon ak idantite : Etid sou rapò kreyòl ak franse nan repwodiksyon sosyal ki fèt lekòl an Ayiti*. Faculté des Sciences Humaines, UEH, 2002

Lemète Zéphyr : *Pwoblèm mo ak pawòl ayisyen ki fè gwo klas chwazi lè yo sèvi ak kreyòl nan estil fòmèl*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2004

Wesner Méran : *Rapò franse ak kreyòl nan estrateji diskou ayisyen : Analiz semyotik ak sosyolengwistik kat tèks maurice Alfredo Sixto*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2005

Enold Michel : *Kreyolizasyon tèm ak konsèp ki itilize nan domèn telefòn mobil an Ayiti*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2014

Verly sylvestre : *Apwòch pragmatik nan tradiksyon enonse metaforik franse / kreyòl: revizyon konstitisyon ayisyen 1987*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2015

Djarphline Saintiné : *Wòl sentaksik ak enplikasyon enonsyatif ak avèk epi*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2015

Josué Jean Julien : *Ansèyman kreyòl nan twazyèm sik fondamantal soti nan lane 2005 rive nan lane 2010. Ka Leyogàn*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2015

Daniel Sinéus : *Analiz leksiko-semantic ak sosyolengwistik ago kreyòl*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2015

Wisner Baguidy : *Ekonomi agrè ak devlopman rapò pwodiksyon nan milye rural nan kontèks sou devlopman ann Ayiti*. Faculté d’Ethnologie, 2016

Lydia Bradford : *Lavi pwezi kreyòl ayisyen soti nan lane 1975 rive 2000: yon vitrin idantite ak rezistans lengwistik*. Duke University, Etazini, 2017

Guerry Duversaint : *Konsiderasyon sosyal ak jiridik sou sitiyasyon fanm ki ap fè pwostitisyon : Ka bouzen fanm sou channmas*. Ecole de Droit et des Sciences Economiques des Cayes, 2017

Moles Paul : *Altènans kodik nan diskou laprès pale an kreyòl ayisyen*. Faculté des Sciences Humaines, 2017

Nardine Désulma : *Etid sou respè dwa lengwistik nan ansèyman fondamantal ann Ayiti : egzanp twa lekòl nan zòn metwopolitèn Pòtoprens*. Faculté de Linguistique Appliquée, 2021

Job Silvert : *Konpetans elèv lekòl nan òtograf kreyòl ayisyen an : ka elèv sizyèm ane fondamantal nan Pòtoprens, 2018-2019*. Cornerstone Christian University, Etazini, 2021

Malachy Bastien : *Etid Sosyolojik sou estrateji devlopman lokal nan mouvman peyizan Papay*. Faculté d’Ethnologie, 2022

Angeline Veillard ak Diachoix Belfond : *Trètman lang kreyòl la andedan lekòl yo nan Depatman Sid. Ka : 6 lekòl, 2020-2022*. Université Publique du Sud aux Cayes –UPSAC, 2022.

Sous : (scribd.com)

3.5.4. Kèk konsiderasyon teyorik sou tradiksyon an kreyòl ayisyen

Nan pati sa a, pwoblèm teyorik tradiksyon an kreyòl ayisyen an, nou ap chita sou esperyans ak refleksyon pèsònèl mwen kòm kreyolis ak tradiktè, pandan nou ap kore lide yo ak lasyans. Etandone n ap travay sou tradiktoloji kreyòl ayisyen an, e nou pa jwenn ase done ki dekri aspè teyorik yo, nou twouve l ap enpòtan pou nou avanse kèk lide nan sans sa a.

3.5.4.1.Konsiderasyon istoriko-lengwistik

Premye defi tradiksyon an kreyòl ayisyen an se yon defi lengwistik. Sou plan istorik, li souvan trè difisil pou remonte tras yon lang, sitou nan nivo oral. Nenpòt ipotèz sou jenèz oswa devlopman yon lang ta dwe chita sou istwa moun ki pale lang lan, paske nou pa ka pale de devlopman yon lang an deyò devlopman moun ki pale li a, kit se nan nivo politik, syantifik, elatriye.

Objektif pou soti nan kreyòl oral rive nan kreyòl ekri a pa t pou fè pwomosyon lang lan sou plan lengwistik, sinon yo t ap abòde pwoblèm sa a yon lòt jan, nan yon pwojè byen estriktire sou yon tan byen defini ak objektif presi. Anplis, moun ki te inisyè pwosesis sa a pa t espesyalis nan lengwistik kreyòl, epi pa t ko gen yon enstitisyon nan peyi a ki te ka fasilite travay yo a. Yon moun te ka menm konsidere lide sa a kòm yon lide ki te vini avan lè li, puiske yo te vle tradui zèv nan lòt lang epi pote mesaj ekri nan yon lang ki te egziste sèlman sou fòm oral. Answit, pa t menm gen asistans espesyalis nan lengwistik kreyòl ayisyen pou sipòte yo, menm lè nou p ap inyore enpak pozitif inisyativ sa yo te genyen sou devlopman lang lan jodi a.

Nan yon kontèks parèy, tradiksyon an kreyòl ayisyen kòmanse an 1901 avèk Georges Sylvain, epi tradiksyon pran bon elan ak tradiksyon Labib an 1945 kote li konsidere kòm koz okazyonèl pou adopte yon sistèm òtografik pou kreyòl ayisyen an. Nou kapab di inisyativ pastè pwotestan an te tanmen an te chita sou tatònman ak dout puiske se pa t objektif prensipal li. Pou laverite, nou pa gen okenn entansyon mete aksan sou feblès apwòch moun ki te pwopoze premye

sistèm òtograf kreyòl ayisyen an, men pito pou mete aksan sou kontèks devlopman baz ekri lang sa a ki sèvi kòm etap enpòtan pou tradiksyon an kreyòl ayisyen an, malgre se tradiksyon ki te koz okasyonèl pwopozisyon sistèm òtograf sa a.

Depi lane 1901 yo rive jis 1979, kreyòl pa t gen yon òtograf ofisyèl, nou te toujou nan yon sibjektivite pasyèl nan chwa sèten òtograf pizoumwèn estab ki refilete karakteristik fondamantal lang sa a, san nou pa bliye premye enstitisyon ki te gen yon objektif syantifik sou lang yo pral fonde jouk nan lane 1978 sou non Sant Lengwistik Aplike a, epi yon akademi pou lang ayisyen an, Akademi kreyòl Ayisyen-AKA, pral fonde tou jouk nan lane 2014.

3.5.4.2.Konsiderasyon sosyolengwistik

Nan sou-chapit sa a, nou pral mete aksan sou kèk nan pwoblèm ki atire atansyon nou kòm tradiktè ak tradiktològ nan tradiksyon kreyòl ayisyen yo. Yon apwòch sosyal nan tradiksyon mande pou wè lang sa a nan kesyon amenajman entèn ak ekstèn li.

Amenajman lengwistik, yon fason jeneral, se mete sou pye politik lengwistik yon Leta oswa yon òganizasyon ki vle entèveni esplicitman sou itilizasyon lang yo. Amenajman lengwistik la konsène estrateji ak mwayen ki dwe aplike pou atenn objektif yon politik lengwistik ki tabli davans. Jeneralman, amenajman an mande pou gen desizyon ki gen nati politik, men li anglobe tou tout chwa ki gen rapò ak domèn ak metòd entèvansyon yo. Chwa sa yo mande yon konèsans apwofondi sou sitiyasyon lengwistik la ak pwoblèm sosyal nan tèritwa sib la epi idantifikasyon pwoblèm ki dwe rezoud yo. (Rousseau, 2005)

Nou mansyone pi wo a pou nou di kesyon amenajman lengwistik la gen de dimansyon: entèn ak ekstèn. Sou bò ekstèn nan, nou pale de estati lang yo, ki se rive :

detèmine dabò lang n ap entèvni sou li anvan an, lang nou bay priyorite a, sa n ap senpman fè kèk ti entèvansyon sou yo ak sou sa nou p ap fè okenn entèvansyon yo, swa paske nou jije pa gen okenn bezwen pou entèvni akòz yo gen yon estati djanm, oswa, okontrè, paske analiz sitiyasyon an pouse lidè yo konkli pou di pa gen okenn rezon pou bay lang sa yo yon estati espesyal, li pi bon pou kite yo pran plas yo tou natirèlman (Rousseau, 2005).

Epi sou plan entèn, nou fè referans ak kòpis lang lan, ki kapab chita sou divès aspè.

Souvan, devlopman kòpis la se yon etap preliminè pou devlope estati youn oswa plizyè lang. Nan kòmansman, sa ka mande kreyasyon yon deskripsyon senp sou lang sa yo tankou leksik, sentaks, fonoloji, elatriye, epi nòmalize yo. Sa ka mande pou bay yon lang yo itilize sèlman aloral yo yon sistèm ekriti oswa asire nòmalizasyon li. Sa ka mande tou pou anrichi vokabilè yon lang pou fè li apwopriye pou kominikasyon ki pi elabore. Finalman, nou kapab fè yon seri refòm enpòtan nan yon lang, sitou, kòm egzanp resan, refòm òtograf (Rousseau, 2005).

Pou nou pi pratik, nan kontèks lengwistik ayisyen an, nou ka wè yon gwo vid nan pwen sa a. Natirèlman, nou pa ka pale de yon absans amenajman, men pito yon ralantisman oswa dezenterè. Nan yon premye tan, lang franse a te jwi privilèj li kòm lang ofisyèl paske se te lang yo te itilize pou ekri ak endepandans Ayiti a, sèl lang ofisyèl peyi a an 1964, dapre Atik 34 nan konstitisyon sa a. Li difisil pou esplike rezon ki fè Leta pa t fè kreyòl la yon lang ofisyèl ansanm ak franse a nan moman sa a piske lang kreyòl ayisyen an te deja lang yo plis pale nan popilasyon an, epi li te yon senbòl rezistans ak revolisyon nan lit kont sistèm kolonyalis la.

Kreyòl ayisyen an t ap yon senbolis pou yon endepandans konsyan, piske li te reprezante vrè idantite ak linyon esklav revòlte yo.

Jis nan etap sa a, nou toujou ezite pale de amenajman lengwistik, piske yo po t ko menm panche an favè kreyòl pou rekonesans li kòm yon lang nasyonal. Yo pral konsidere l kòm yon lang nasyonal gras ak konstitisyon 1983 a, epi li vin ofisyèl bò kote franse a an 1987 nan Atik 5 konstitisyon sa a. Tout etap sa yo reprezante gwo obstak nan devlopman lang sa a nan domèn tradiksyon paske pa gen tradiksyon san devlopman lang ekri a.

Kanta pou amenajman entèn nan, nou mete aksan sou kesyon nivo lang nan tradiksyon kreyòl yo ak chwa dyalèk yo nan kontèks yon tradiksyon estanda an kreyòl ayisyen. Si nou pale de pwoblèm nan nivo rejis, sa pa poze gwo pwoblèm pou lang nan li menm, men pito pou moun k ap travay kòm tradiktè epi ki pa lokitè aktif lang kreyòl ayisyen an. Pwoblèm sa a rive tou pou tradiktè ki pale kreyòl ki pa rete nan anviwònman kreyòl la depi plis pase yon deseni.

Obsèvasyon sa a fasilite nou konprann travay ki fèt sou yon lang pa toujou sifi pou reyisi tradiksyon nan yon lang. San nou pa bezwen ensiste twòp sou enpòtans pou metrize lang sib la. Nou ta dwe menm mande tèt nou si nou gen ase travay aksesib sou kesyon rejis lang nan kreyòl ayisyen an k ap fasilite tradiktè nan chwa li yo.

Pwoblèm sa a, nou ap pale de li nan paragaf pi wo a, parèt nan diskou sèten moun legliz ak enfliyansè sou rezo sosyal ki souvan deranje piblik ki an fas yo lè yo pa konsidere kesyon rejis lang nan. Nou ka tandè yo di: *m pral pale nan bon kreyòl kounya !* Yo itilize gwo bout mo ki deranje moun k ap tandè yo a san rann kont lang lan chita sou konvansyon sosyal. Menm nan tèks ekri, pwoblèm sa a parèt, pa egzanp nan youn nan tradiksyon Vèsyon Kreyòl Ayisyen an, nan liv Galasi 5:19, nou ka li: *se fasil pou nou wè sa egzijans kò a fè moun fè: se imoralite, malpwòpte ak vis.* Nan sans sa a, chwa *malpwòpte* kòm ekivalan inite tradiksyon grèk *ἀκαθαρσία*.

la poze pwoblèm pou piblik ki pale kreyòl la, li kapab deranje yo lè nou konnen ki pwa ki sou do yon mo kon sa, sa ki pa oblije posib pou inite tradiksyon grèk ἀκαθαρσία la pou moun ki pale grèk yo.

Yo dwe panche sou pwoblèm rejis la ak estandizasyon an nan kreyòl ayisyen an pou siksè sosyolengwistik ak semyotik tradiksyon an.

Dezyèm pwoblèm sosyolengwistik nan tradiksyon an kreyòl ayisyen an se nan nivo dyalèktal lang lan. Ki jan nou ta dwe aji nan nivo dyalèktal la lè nou gen pou nou transfere mesaj an kreyòl ayisyen ? Èske se tradiktè yo ki pou deside ki varyant yo konsidere kòm estanda, lè tradiksyon an pa vize yon zòn jewografik espesyal ? Kidonk, sa yo se pwoblèm nou dwe konsidere si nou vle diminye chay ki sou do tradiktè yo, sinon konsekans yo kapab grav.

Malgre tout kesyon nou rive sòlve nan kreyòl ayisyen an, nou ka di lang yo nan peyi d Ayiti bay tèt yo plas nan sosyete a tou natirèlman. Nou kapab espliche sa nan fason moun ki pale kreyòl yo kominike dapre chay sosyal mo yo nan yon fason konvansyonèl: yo konnen itilizasyon mo yo pa inosan, yo itilize yo dapre sitiyasyon kominikasyon yo malgre prejije ak estereyotip k ap batay ak yo. Yo konnen ki mo ki pou timoun, pou granmoun, epi yo konnen kòman pou pale ak yon moun yo abitye oswa yon etranje. Yo pa pale ak patwon yo jan yo pale ak kòlèg yo.

3.5.4.3.Konsiderasyon leksikolojik

Youn nan prensip jeneral tradiksyon an se pa tradui chak grenn mo ki soti nan lang sous la. Sepandan, mo yo nesesè pou pote mesaj la soti nan lang sous la rive nan lang sib la.

Larson an 1998 aji yon fason klè lè li defini tradiksyon kòm :

Transfè sans soti nan yon lang ale nan yon lòt. Transfè sa a fèt soti nan fòm premye lang lan pou ale nan fòm dezyèm lang lan pandan y ap prete atansyon ak estrikti semantik la. Se sans k ap transfere a ki dwe rete konstan. Se sèlman

fòm nan ki chanje. Nan fòm tradiksyon an, lang yo tradui a rele lang sous epi nan fòm tradiksyon, nan lang tradiksyon an fèt la rele lang sib. Se poutèt sa, tradiksyon se etidye vokabilè, estrikti gramatikal, sitiyasyon kominikasyon ak kontèks kiltirèl tèks lang sous la, analize yo pou jwenn sans yo epi rekonstui menm sans sa a pandan n ap sèvi avèk vokabilè ak estrikti gramatikal ki apwopriye nan lang sib la, pandan n ap respekte kontèks kiltirèl yo (Larson, 1998).

Li klè, mo a pa yon inite tradiksyon san defo. Kounya, kesyon pou poze a se kilè mo yo pa tradui ? Nou pa tradui mo lè yo pa inite tradiksyon, pandan n ap konsidere nivo makwo tradiksyon an ak divès paramèt li yo. Nan sans sa a, nou dwe reflechi sou inite tèminolojik yo tou ki se inite tradiksyon tou. Ki jan yo jere kesyon sa a an kreyòl ayisyen ?

Daprè Cabré an 1996, leksikoloji enterese ak mo, tèminoloji sitou konsène tèm espesyalize li menm. Nan kontèks sa a, tèminoloji se yon sou-kategori nan leksikoloji. Yon lòt bò, domèn etid la pa menm pou leksikoloji ak tèminoloji. Leksikoloji konsène mo yon moun ki pale yon lang itilize epi ki fè referans ak yon eleman nan reyalyte moun ki pale a. Tèminoloji a konsène tèm ki se inite yo itilize nan yon domèn espesyalize espesifik (Cabré, Terminology today, 1996).

Nan sans sa a, nou pral konsantre sou pwoblèm tèminolojik la, puisque nou te deja konsidere pwoblèm lengwistik la ki kouvri kesyon vokabilè jeneral la. Tèminoloji se yon disiplin ki enterese ak konpilasyon ak kreyasyon tèm espesyalize yo. Yo defini mo tèm nan kòm yon inite siyifikasyon ki gen youn oswa plizyè mo epi ki deziyen yon nosyon san ekivòk nan yon domèn espesyalizasyon (Stine, 2017).

Li enpòtan pou konnen tèminoloji ak tradiksyon devlope yon relasyon youn ak lòt. Relasyon an egziste yon bò, akòz tèminoloji a sèvi kòm yon mwayen pou transpòte konesans ki nan domèn teknik ak syantifik yo nan kontèks transfè entèlengwistik yo. Yon lòt bò, se tradiksyon yo ki fè lang evolye oswa rich sou plan tèminolojik. Kidonk, sa pèmèt nou konprann li trè difisil pou yon lang devlope san travay tèminolojik, kit se enplisitman atravè rechèch syantifik oswa travay nan domèn teknik, kit se nan nivo tèminoloji espesyalman.

Nou ka di tou yon tradiktè pa oblije bay tèt li twòp pwoblèm si li pa gen yon bank done tèminolojik ki disponib pou lang li ap tradui a, piske li menm, kòm tradiktè, li se garan devlopman lang espesyalize a gras ak travay tradiksyon li. Tradiktè a la pou kreye epi itilize inite tèminolojik yo. Li se kreyatè ak itilizatè an menm tan.

Nan pèspektiv sa a, li enpòtan anpil pou yon tradiktè konnen kijan pou fè faskare ak difikilte tèminolojik yo piske konesans ki dwe transfere a deja egziste nan monn ide yo epi ide sa yo ta deja gen reprezantasyon grafik nan plizyè lòt lang, li sèlman rete pou transfere yo nan lang sib tradiksyon an. Konsèp yo pa gen pou wè ak yon grenn lang, se zafè lasyans an jeneral.

3.5.4.4. Konsiderasyon nan nivo ideyoloji tradiktè yo

Kit yo se tradiktè pwofesyonèl oswa tradiktè amatè, tradiktè pa tradui san ideyoloji oswa baz teyorik, sinon yo t ap tonbe nan konfli ak pwòp tèt yo, epi tou yo pa t ap kapab pote jijman sou travay yo. Lide yo ka soti nan diferan sous, swa sous ki pa syantifik, pre-syantifik oswa sous syantifik. Jeneralman, sous ki pa syantifik yo ta ka prejije, estereyotip, deba klanik, elatriye. Apre sa, pou sous presyantifik yo, nou fè referans ak sèten lide ansyen oswa ki enkonplè sou pwofesyon an, sa yo se lide ki pa fòseman kontredi teyori yo nan sans syantifik tèm nan, men ki pa pran an kont tout paramèt ak limit teyori a.

Nan pwodiksyon ak tradiksyon kreyòl ayisyen an, nou ka wè gen yon seri preferans nan chwa pwosesis transfè yo. Preferans sa yo n ap pale de yo a pa fèt nan lide pou pi byen transfere mesaj lang sous la, li pa toujou mete prensip jeneral tradiksyon yo sou kote nonplis, men li esprime yon lide ki chita alavans nan tèt tradiktè a sou tradiksyon oswa sou lang kote ki nan pwosesis tradiksyon an. Nou espere analiz done tradiktè yo ap fasilite nou konprann reyalye sa a pi klè nan pati pratik travay sa a.

3.5.4.5.Konsiderasyon kiltirèl ki lye ak diferan kwayans lokitè yo

Pou nou pale de defi kiltirèl la, nou vle espesyalman chita sou pwoblèm ki gen rapò ak kwayans Ayisyen yo. Se vre, majorite Ayisyen se kretyen katolik ak pwotestan, apatenans yo ak divinite yo enfliyanse lang lan nan nivo tradiksyon an. Kòm egzanp : *la Robe de Marie est aussi blanche que la neige*. Pou transfere mesaj franse sa a an kreyòl ayisyen, lang se pa sèl bagay pou konsidere. Si ou tradui li : Wòb Mari a bèl tankou dan zonbi, kèk kretyen kapab santi yo enkonfòtab. Sepandan, yon tradiksyon: Wòb Mari a blan tankou koton, ap pizoumwenn net, tout moun ap aksepte l.

Pwoblèm sa poze tou nan diferan fason nou youn salye lòt epi fason pou esprime emosyon, ki dwe itilize ak prekosyon: Bondye beni w, Lapè, Onè, savalouwe, Lizay, Bonjou/Bonswa, Ayibobo ak fout tonnè, o Jezi ! Jezi Mari Jozèf ! Tonnè boule m ! Pami yo, gen ekspresyon ki pizoumwenn net, san yo pa nesesèman fè apèl ak kwayans pèsòn. Kidonk, tradiksyon pa yon pratik ki san konsekans.

3.5.4.6.Konsiderasyon politik

Sou plan politik, pa gen okenn vrè desizyon gouvènmantral pou devlopman syantifik kreyòl ayisyen an ki sèlman benefisye estati li kòm lang ofisyèl malgre tout kalte rezistans pou aplike li. Jan nou ka wè sa, menm Akademi Kreyòl Ayisyen an ki reprezante Leta pou lang

kreyòl la pa gen mwayen oswa pa manifeste enterè pou asiste moun k ap fè rechèch an kreyòl ak sou kreyòl ayisyen, malgre yo konsidere l kòm yon enstitisyon ki ap fè pwomosyon pou konesans syantifik an kreyòl ayisyen, yon enstitisyon ki pa menm yon egzanp nan pwodiksyon syantifik nan lang lan. Nou ka di franchman Leta pa montre okenn enterè pou investi nan lang kreyòl ayisyen an pou pwoteje enterè moun ki pale l yo oswa nasyon an. Pa gen vrè demokrasi san demokrasi konesans nan lang pèp la.

Kad istorik ak evolutif la montre klèman tradiksyon an kreyòl ayisyen devlope menm anvan devlopman òtografik lang kreyòl ayisyen an. Nou wè premye tradiksyon yo te fèt swa anvan oswa kèk lane aprè premye òtograf sistematik kreyòl la. Sa ki montre tradiksyon pa t yon konsekans estandadizasyon lang lan, men yon fòs ki te pouse ekriti kreyòl ayisyen an avanse. Tradiksyon te sèvi kòm zouti pou misyon pedagogik, relijye ak kominikasyonèl kote yo te tradui tèks nan lòt lang pou fè yo rive jwenn majorite popilasyon an.

Kòm konklizyon, chapit II a prezante yon revizyon literati ki tabli fondasyon teyori ak syantifik rechèch la, kote nou te egzamine plizyè teyori tradiksyon pou espliche fonksyonman transfè mesaj la, nòm tradiksyon yo, rapò ant tèks sous ak tèks sib, ak enfliyans ideyoloji ak kontèks sou pratik tradiksyon an. Teyori lengwistik konparatif yo, teyori entèpretatif la, teyori fonksyonalis yo tankou Skopos ansanm ak apwòch sosyolojik, ideyolojik, feminis, pòskolonyal ak teyori tèminolojik Felber a, fasilite nou konprann richès ak konpleksite travay tradiktè yo. Divès teyori sa yo mete limyè sou defi lengwistik ak estralengwistik tradiktè yo dwe jere, epi yo tabli baz pou reflechi sou fason pou konstui yon modèl didaktik ki adapte ak lang kreyòl ayisyen an.

Anplis teyori yo, chapit la te rasanble yon kad konseptyèl ki òganize konsèp kle tankou tradiksyon, tradiktoloji, prensip ak teknik tradiksyon, tipoloji tradiksyon, didaktik ak pedagogi tradiksyon, entèpretasyon ak tèminoloji. Kad konseptyèl sa a pa sèlman defini konsèp yo, men li sèvi kòm estrikti analiz ki vin pèmèt tèt la egzamine pratik tradiksyon an nan yon fason sistematik: kijan tradiktè yo analize tèks sous la, kijan yo pran desizyon lengwistik, kijan yo jere tèm ak ki kritè yo mobilize pou evalye kalite yon tradiksyon. Se kad sa a tou ki sèvi kòm pon ant teyori yo ak apwòch metodolojik rechèch la, epi ki bay zouti pou konprann reyalyte tradiksyon an kreyòl nan dimansyon lengwistik, pedagogik ak pwofesyonèl li.

Finalman, chapit la montre nan kad istorik ak evolutif la kijan tradiksyon an kreyòl ayisyen an devlope menm avan nesans konvansyonèl ekriti lang lan, sa ki fè tradiksyon tounen yon motè pou estandadizasyon kreyòl ayisyen an. Chapit la fè parèt mank estrikti enstitisyonèl, mank zouti syantifik ak mank fòmasyon pwofesyonèl ki toujou karakterize pratik tradiksyon an Ayiti. Se nan kontèks defisi sa yo Teyori Didaktik Tradiksyon Kreyòl Ayisyen (TDTKA) an pran nesans. TDTKA a vin pote yon kontribisyon orijinal, paske li chita sou prensip tradiksyon

natirèl la, konpreyansyon sans, analiz diskou, adekwasyon ak devlopman tèm, epi li tabli yon vizyon sistematik pou ansèyman tradiksyon an nan lang kreyòl ayisyen an. Kon sa, chapit II a pa sèlman bay yon revizyon sou literati, men li prepare tèren an pou devlopman yon teyori pwòp, lokal, solid ki vin youn nan pi gwo kontribisyon syantifik tèt la. Pou fini, nan pwochen chapit la ki se chapit metodoloji a, n ap gen pou defini apwòch k ap sèvi nou fondman analiz done yo nan lide pou nou analize yo sou yon bon baz syantifik.